O’ZBEKISTAN RESPUBLIKASI’ JOQARI’ HA’M WORTA ARNAWLI’ BILIM BERIW MINISTRLIGI

**BERDAQ ATI’NDAG’I’**
**QARAQALPAQ MA’MLEKETLIK UNIVERSITETI**

Qol jazba huqi’qi’nda

**UDK: 07.070.4.(046)**

**QOSHQAROVA GO’ZZAL**

**«Qaraqalpaqstan televideniesinde analitikali’q ko’rsetiwler»**

5A 220101 – «Jurnalistika (xi’zmet tu’rleri)»

Magistr

akademik da’rejesin ali’w ushi’n usi’ni’lg’an

**D I S S E R T A C I Y A**

MAK da jaqlawg’a ruxsat

Magistratura bo’limi basli’g’i’:

______________doc. Gulimov A.

Kafedra basli’g’i’: _________ f.i.k.Worazi’mbetova Z.

Ilimiy basshi’: _____________f.i.k. Worazi’mbetova Z.

**No’kis - 2015**

O’ZBEKSTAN RESPUBLIKASI’ JOQARI’ HA’M WORTA ARNAWLI’ BILIM MINISTRLIGI
BERDAQ ATI’NDAG’I’ QARAQALPAQ MA’MLEKETLIK UNIVERSITETI

Magistratura bo’limi
Kafedra: «Jurnalistika»
Woqi’w ji’li’: 2012-2013/2014-2015

Magistrant: Qoshqarova Go’zzal
Ilimiy basshi’: f.i.k. Z.Worazi’mbetova
Qa’nigeligi: «Jurnalistika»

# MAGISTRLIK DISSERTACIYA ANNOTACIYASI’

**Temani’n’ a’hmiyeti.** Qaraqalpaqstan televideniesindegi analitikali’q ko’rsetiwlerdin’ wo’zgeshelikleri ma’selesi yele arnawli’ izertlew wobyekti bolmadi’. sonli’qtan wolardi’ ha’r ta’repleme u’yreniw teoriyali’q a’hmiyetke iye.

**Jumi’sti’n’ maqseti ha’m wazi’ypalari’.** Jumi’si’mi’zdi’n’ tiykarg’i’ maqseti Qaraqalpaqstan telekanali’nda analitikali’q ko’rsetiwlerdin’ bu’gingi jag’dayi’, mazmuni’, wo’zgesheliklerin ani’qlaw. Usi’ maqsetlerdi wori’nlaw ushi’n to’mendegi wazi’ypalar belgilep ali’ndi’;

- Qaraqalpaqstan telekanali’nda analitikali’q ko’rsetiwlerdin’ g’a’rezsizlik ji’llari’ndag’i’ tariyxi’n u’yreniw ha’m Qaraqalpaqstan telekanali’nda analitikali’q ko’rsetiw tayarlap kiyati’rg’an jurnalistlerdin’ miynetine ilimiy ko’z-qarastan baha beriw;
- Qaraqalpaqstan telekanali’nda analitikali’q ko’rsetiwler boyi’nsha tayarlang’an papkalar menen tani’si’w arqali’ ko’rsetiwlerdin’ tematikali’q bag’dari’n ani’qlaw;
- Qaraqalpaqstan telekanali’ arqali’ efirge berilip ati’rg’an analitikali’q ko’rsetiwlerdin’ ja’miyet mashqalalari’n sa’wlelendiriwde ta’sirshen’ligin ko’rsetip beriw;

**Izertlewdin’ wobyekti ha’m predmeti.** Ilimiy jumi’si’mi’zdi’n’ tiykari’g’i’ obyekti Qaraqalpaqstan telekanali’ boli’p tabi’ladi’. Al, jumi’si’mi’zdi’n’ predmeti si’pati’nda bu’gingi ku’ni Qaraqalpaqstan telekanali’nda efirge berilip ati’rg’an analitikali’q ko’rsetiwler xi’zmet yetedi.

**Izertlew metodikasi’ ha’m usi’llari’.** Dissertaciyami’zdi’n’ metodikali’q tiykari’ yetip Prezidentimiz I.A.Karimovti’n’ miynetlerindegi pikirleri, g’alaba xabar qurallari’ xi’zmetin ta’rtipke sali’wshi’ qararlari’na su’yendik. Temani’ izertlewde sali’sti’rmali’ analiz metodi’ qollani’ldi’.

**Izertlew na’tiyjelerinin’ ilimiy ta’repten jan’ali’q da’rejesi.** Qaraqalpaqstan telekanali’ndag’i’ analitikali’q ko’rsetiwlerdin’ tematikasi’, rawajlani’w bag’darlari’, wo’zgeshelikleri ha’m analitikali’q ko’rsetiwlerdin’ klassifikaciyalani’wi’ ilimiy jan’ali’g’i’n belgileydi.

**Izertlew na’tiyjelerinin’ a’meliy a’hmiyeti ha’m qollani’li’wi’**. Jurnalistika qa’nigeliginin’ bakalavr bag’dari’na wo’tiletug’i’n «Teleko’rsetiw a’meliyati’», «Elektron G’XQ» pa’nlerinen lekciya tekstlerin qayta islewde ha’m tarqatpa materiallar tayarlawda a’meliy a’hmiyetke iye.

**Jumi’sti’n’ du’zilisi ha’m qurami’**. Kirisiw, yeki bap, juwmaqlaw ha’m paydalani’lg’n a’debiyatlar diziminen ibarat.

**Wori’nlang’an jumi’sti’n’ tiykarg’i’ na’tiyjeleri**. Izertlew na’tiyjeleri ha’m juwmaqlari’ni’n’ mazmuni’ Berdaq ati’ndag’i’ Qaraqalpaq ma’mleketlik universitetinde «G’alaba xabar qurallari’ rawajlani’wi’ni’n’ a’hmiyetli ma’seleleri» atamasi’ndag’i’ wo’tkerilgen respublikali’q konferenciya materiallari’ ha’m Magistrlardi’n’ ilimiy miynetleri toplami’nda ja’riyalandi’.

**Juwmaq ha’m usi’ni’slardi’n’ qi’sqasha uli’wmalasti’ri’lg’an ko’rinisi.** Qaraqalpaqstan telekanali’nda analitikali’q ko’rsetiwlerdin’ ha’r qi’yli’ bag’dardag’i’ tu’rleri ushi’rasadi’. Izertlew na’tiyjesinen kelip shi’g’i’p to’mendegi usi’ni’slardi’ berdik: telejurnalistlerdin’ bilimin yelede jetilistirip bari’w, ko’rsetiwlerde til normalari’ni’n’ saqlani’wi’n baqlap bari’wshi’ ken’es du’ziw.

**Ilimiy basshi’:** ______________ f.i.k. Z.Worazi’mbetova

(qoli’)

**Magistrant:** ______________ Qoshqarova Go’zzal

(qoli’)

MINISTRY OF HIGH AND SECONDARY EDUCATION OF THE REPUBLIC OF UZBEKISTAN
KARAKALPAK STATE UNIVERSITY NAMED AFTER BERDAKH

Master Department Master: Koshkarova Gozzal
Department: «Journalism» Scientific advisor: Ph.d.doc Z.Orazi'mbetova
Study Years: 2012-2013/2014-2015 Specialist: «Journalism »

## Master Dissertation Annotation

**The importance:** The investigation of analytical programs in Karakalpak TV has not been an objective of this crucial problem. Therefore, it is important to learn in different ways.

**The aim and tasks of the work:** The basic aim of the work is to identify the present state, content and features of the analytical programs in Karakalapak TV. In order to do these tasks we have pointed out the following tasks:

- To investigate the history of analytical programs of Karakalpak TV in the period of independence and to make scientific analysis to journalists who have been worked on analytical programs in Karakalapak TV.
- To identify thematic directions by getting acquainted with files this prepared about the analytical programs in Karakalpak TV.
- To show the influence of analytical programs in Karakalpak TV towards the description of social problems.

**The object and subject of the work:** The basic object of the work is Karakalpak TV. The subject of the work is today's analytical programs set in Karakalpak TV.

**Methods of investigation:** We used the works by our President and its mass media related decrees in our dissertation. The method of comparative analysis has been used for the investigation of the theme.

**The novelty of the work** includes the thematic, developing directions, specifics and the classification of analytical programs in Karakalpak TV.

**The practical value of the research results:** It has practical importance for bachelor students of Journalism in order to repeated lectures and handbooks in terms of the subjects such as «Practice of TV Programs» and «E-Mass Media».

**The structure of the work:** The work consists of Introduction, two chapters, conclusion and the list of used references in the course of investigation.

**The main results of the work:** The results of the investigation and its content have been published at the conference of "Actual problems of Mass Media" at KSU and announced in the Master's scientific complex.

**The short description of the result:** There are various types of directions of analytical programs in Karakalpak TV. We would like to make the following suggestions according to the result of the investigation: to develop knowledge of TV Journalists, to establish a council for the control of language norms in speech.

**Scientific Advisor:** ______________ **Ph. d. dots Z.Orazimbetova**

**(Signature)**

**Master:** ______________ **Koshkarova Gozzal**

**(Signature)**

MAZMUNI’


KIRISIW…………………………………………………………………...........…4-9

I.BAP. TELEVIDENIE G’ALABA XABAR QURALI’NI’N’
BIRI SI’PATI’NDA……………………………...........………..……..……10-28

**1.1. Televidenienin’ tipologiyali’q wo’zgesheligi**……………....………..…10-15

**1.2. Ha’zirgi zaman televideniesinin’ tiykarg’i’ funkciyalari’**….............16-19

**1.3. Qaraqalpaqstanda televidenienin’ payda boli’wi’**……………......…..20-28

II. BAP. QARAQALPAQSTAN TELEVIDENIESINDE JA’MIYETTEGI
WO’ZGERISLERDI SA’WLELENDIRIWSHI KO’RSETIWLERDIN’ WO’ZINE
TA’NLIGI………...............................................................………...……..29-47

**2.1. Ja’miyetlik-siyasiy ko’rsetiwler**….........……………………………..29-38

**2.2.Awi’l xojali’q, ekologiyali’q, sport tarawi’na arnalg’an**
**ko’rsetiwler**………………………………………………..……………..39-47

III. BAP. QARAQALPAQSTAN TELEVIDENIESINDE RUWXI’Y-
AG’ARTI’WSHI’LI’Q, TA’RBIYALI’Q A’HMIYETKE IYE KO’RSETIWDIN’
WO’ZINE TA’NLIGI…………………..............................……………..48-70

**3.1. Ma’deniy-ag’arti’wshi’li’q, kewil-ashar ko’rsetiwler**…......………..48-62

**3.2. Balalar ha’m jas wo’spirimlerge arnalg’an ko’rsetiwler**…......…....62-70

**Juwmaqlaw**…………………………………………………………....…71-74

**Paydalani’lg’an a’debiyatlar dizimi**……………………………....…75-77

## KIRISIW

**Temani’n’ aktualli’g’i’:** Bu’gingi ku’ni ma’mleketimizde ken’ ko’lemdegi reformalar a’melge asi’ri’li’p kelinbekte, a’sirese, puqaralari’mi’zdi’n’ jan’ali’q ha’m xabarlarg’a yerkin jetisiwi, wolardan ashi’q-aydi’n paydalani’wi’ ushi’n ni’zamshi’li’q bazasi’ bekkemlendi. Soni’n’ menen birge jurnalistlerimizdin’ de qa’legen informaciyalarg’a, buri’ng’i’ arxiv mag’li’wmatlari’nan yemin-yerkin paydalani’w ushi’n u’lken imkaniyatlar jarati’ldi’.

G’a’rezsizlikke yerisken 24 ji’l ishinde O’zbekistan g’alaba xabar qurallari’na jan’a reformalar ali’p kirildi. Televidenie jumi’si’n jetilistiriw bag’dari’nda a’melge asi’ri’li’p ati’rg’an reformalar bu’gingi ku’nde wo’z na’tiyjesin bermekte. Bul bag’darda jarati’lg’an huqi’qi’y tiykar na’tiyjesinde ma’mleketimizde ma’mleketlik g’alaba xabar qurallari’ menen bir qatarda ma’mleketlik yemes g’alaba xabar qurallari’ni’n’ jumi’s ali’p bari’wi’ ushi’n u’lken imkaniyatlar jarati’lmaqta. Prezidentimiz I.A.Karimov 2010-ji’ldi’n’ 12-noyabr sa’nesinde O’zbekistan Respublikasi’ Oliy Ma’jlisi Ni’zamshi’li’q palatasi’ ha’m Senatti’n’ qospa ma’jilisinde, «Ma’mleketimizde demokratiyali’q reformalardi’ yelede jetilistiriw, puqarali’q ja’miyetti quri’w koncepciyasi’» atamasi’ndag’i’ bayanati’nda g’alaba xabar qurallari’ni’n’ jumi’slari’n jaqsi’law, wolardi’n’ huqi’qi’y tiykari’n yele de jetilistirip bari’w ma’selesine ayri’qsha itibar qaratqan yedi. A’sirese, teleko’rsetiwler ha’m radioesittiriwler bag’dari’ndag’i’ ali’p bari’p ati’rg’an jumi’slardi’ tu’p-tiykari’nan jan’alaw, materialli’q texnikali’q bazani’ jaqsi’law arqali’ sanli’ televidenieni yengiziw jumi’slari’n jedellestiriwge qarati’lg’an ani’q ilajlardi’ belgilep berdi.

- O’zbekstanda keyingi ji’llarda jasalma joldas baylani’s tarmag’i’ arqali’ tele-radiobag’darlamalardi’ tarqati’w jolg’a qoyi’ldi’. Bu’gingi ku’nde ma’mleketimizdin’ telekommunikaciyalar sistemasi’ du’nyani’n’ 180 ma’mleketine 28 jo’nelis boyi’nsha tuwri’dan-tuwri’ shi’g’atug’i’n xali’qarali’q kanallarg’a iye. Ma’mleketimizdegi teleradiokanallar ta’repinen tayarlani’p

ati’rg’an ko’rsetiw ha’m yesittiriwler internet global tarmag’i’ arqali’ real waqi’t rejiminde du’nya ju’zine uzati’lmaqta.

Du’nyadag’i’ aldi’n’g’i’ ma’mleketlerdin’ ta’jiriybesine su’yengen halda kadrlardi’ tayarlaw ha’m qayta tayarlaw milliy sistemasi’ni’n’ jetilistiriliwi ma’limleme tarawi’ndag’i’ xi’zmettin’ sapasi’ ha’m da’rejesin artti’ri’wg’a qarati’lg’an ilajlar sistemasi’nda ha’r ta’repleme sheshiwshi a’hmiyetke iye boladi’. Bunday ken’ ko’lemdegi jumi’slar na’tiyjesinde tek keyingi 10 ji’ldi’n’ wo’zinde baspa g’alaba xabar qurallari’ni’n’ sani’ 1,5 yesege, elektron g’alaba xabar qurallari’ni’n’ sani’ 7 yesege ko’beyip, bu’gingi ku’nde wolardi’n’ uli’wma sani’ 1218 ge jetti[1], - dep atap wo’tiledi usi’ koncepciyada.

Ha’reket yetip turg’an barli’q telekanallardi’n’ 53 procenti, radiokanallardi’n’ 85 procenti ma’mleketlik yemes g’alaba xabar qurallari’ boli’p yesaplanadi’.

Bu’gingi ku’nde telekanallar arqali’ qanday ko’rsetiwler tayarlanbasi’n, wolardi’n’ birinshi gezektegi wazi’ypasi’, ma’mleketimizde ali’p bari’li’p ati’rg’an siyasiy-ekonomikali’q reformalardi’n’ turmi’sqa yengiziliwi, puqarali’q ja’miyetti quri’w procesindegi wo’zgerislerdi yemin-yerkin sa’wlelendirip bari’wdan ibarat boli’p tabi’lmaqta. Qaraqalpaqstan telekanali’nda bu’gingi ku’nde 10 saat ko’leminde tu’rli bag’darlarda ko’rsetiwler tayarlanadi’ ha’m efirge uzati’ladi’. Ha’r bir ko’rsetiw jurnalistten, do’retiwshilik ja’ma’a’ten ko’p miynetti, bilimdi, izleniwshilikti talap yetedi. Mine, usi’ ko’p qi’rli’, ko’p si’rli’ miynettin’ na’tiyjesine qali’s baha beriw, biz tan’lag’an temani’n’ ja’miyetimiz ushi’n paydali’ ta’replerin ashi’p beriw woni’n’ aktualli’g’i’n ashi’p beredi.

Atap wo’tiwimiz kerek, jurnalistikani’n’ analitikali’q janri’nda sa’wlelengen qa’legen do’retiwshilik jumi’s wo’zinin’ ta’sirshen’ligi, auditoriyag’a tu’sinikli boli’wi’ menen basqa janrlardan parqlani’p turadi’. A’sirese, televideniede analitikali’q ko’rsetiwlerdin’ berip bari’li’wi’ bolsa, bu’gingi ja’miyetimizde boli’p ati’rg’an tu’pkilikli buri’li’slar menen ayri’m tarawlar menen turmi’si’mi’zda

[1] Karimov I. «Ma’mleketimizde demokratiyali’q reformalardi’ yelede jetilistiriw ha’m puqarali’q ja’miyetti quri’w koncepciyasi’». «Yerkin Qaraqalpaqstan» 2010-ji’l 16-noyabr

boli'p ati'rg'an mashqalalar teren' analizlenedi ha'm bul mashqalalardi'n' sheshimi ko'rsetip beriledi.

Yag'ni'y, Prezidentimizdin' so'zi menen aytqanda «G'alaba xabar qurallari' turmi'si'mi'zg'a ku'n sayi'n teren'irek kirip barati'rg'ani'n ha'zir hesh kim biykarlay almaydi'. Bul processti biz ta'biyg'i'y jag'day dep qabi'l yetip ati'rmi'z. Bu'gingi g'alaba xabar qurallari'ni'n' sani' ko'beyip g'ana qoymastan, ja'miyettegi rawajlandi'ri'w ha'm ma'mleket quri'li'si'nda wolardi'n' a'hmiyeti ha'm tutqan worni' da arti'p barmaqta» – dep ko'rsetken yedi. G'alaba xabar qurallari', soni'n' ishinde televidenie bizin' ja'miyetimizdin' demokratiyali'q qa'diriyatlari'n ha'm ideyalari'n qorg'awi', adamlardi'n' siyasiy, huqi'qi'y ha'm ekonomikali'q sawatli'li'g'i'n jetilistiriw boyi'nsha ken' ko'lemdegi jumi'slardi' ali'p bari'wi' lazi'm. Bizge belgili, ha'r ta'repleme jetilisken jurnalist degende, xalqi'mi'z ko'z aldi'na yel, xali'q quwani'shi'na ha'm ta'shiwishine sherik, ha'r dayi'm jan'ali'qlar izleytug'i'n, xali'q ma'pi ushi'n jani'n pida' yetiwshi televidenie xi'zmetkerlerinin' miynetine u'lken isenim menen qaraydi'.

Demek, ja'miyet, ma'mlekettin' wo'zi televidenienin' aldi'na bir qatar wazi'ypalardi' qoyi'p ati'r, wolardi' wori'nlaw ushi'n televidenie jurnalistleri bar imkaniyatlardan paydalani'p kelmekte. Soni'n' menen birge analitikali'q ko'rsetiwlerdin' usi' bag'darda jumi's ali'p bari'wi' ushi'n da ken' imkaniyatlar jarati'lmaqta. Yag'ni'y televidenienin' materialli'q-texnikali'q bazasi' jaqsi'lani'p, jurnalistlerdin' bilimi jetistirilip bari'lmaqta. Usi' ko'z-karastan qarag'anda Qaraqalpaqstan televideniesi ko'rsetiwleri sapasi' ha'm mazmuni' jag'i'nan da wo'zgeriske ushi'rap ati'r. Sol ushi'nda Qaraqalpaqstan televideniesinin' bu'gingi jag'dayi', analitikali'q ko'rsetiwlerge qoyi'li'p ati'rg'an talaplar, wolardag'i' wo'zgerisler menen mashqalalardi' ko'rsetip beriw jumi'si'mi'zdi'n' aktualli'g'i' yesaplanadi'.

**Jumi'sti'n' maqseti ha'm wazi'ypasi':**

Jumi'si'mi'zdi'n' tiykarg'i' maqseti Qaraqalpaqstan telekanali'nda analitikali'q ko'rsetiwlerdin' bu'gingi jag'dayi', mazmuni', wo'zgesheliklerin

ani’qlaw. Usi’ maqsetlerdi wori’nlaw ushi’n to’mendegi wazi’ypalar belgilep ali’ndi’;

- Qaraqalpaqstan telekanali’nda analitikali’q ko’rsetiwlerdin’ g’a’rezsizlik ji’llari’ndag’i’ tariyxi’n u’yreniw ha’m Qaraqalpaqstan telekanali’nda analitikali’q ko’rsetiw tayarlap kiyati’rg’an jurnalistlerdin’ miynetine ilimiy ko’z-qarastan baha beriw;

- Qaraqalpaqstan telekanali’nda analitikali’q ko’rsetiwler boyi’nsha tayarlang’an papkalar menen tani’si’w arqali’ ko’rsetiwlerdin’ tematikali’q bag’dari’n ani’qlaw;

- Qaraqalpaqstan telekanali’ arqali’ efirge berilip ati’rg’an analitikali’q ko’rsetiwlerdin’ ja’miyet mashqalalari’n sa’wlelendiriwde ta’sirshen’ligin ko’rsetip beriw;

- Qaraqalpaqstan telekanali’nda analitikali’q ko’rsetiwlerdin’ janrli’q wo’zgesheligin u’yreniw ha’m usi’ni’s kirgiziw;

- Qaraqalpaqstan telekanali’nda analitikali’q ko’rsetiwlerdi ali’p bari’wshi’lardi’n’ sheberlik ma’selesine analiz jasaw;

- O’zbekistan teleradiokanali’, «Yoshlar» teleradiokanali’ ha’m «Sport» teleradiokanallari’ arqali’ berilip bari’li’p ati’rg’an analitikali’q ko’rsetiwler menen sali’sti’rmali’ analiz jasaw arqali’ Qaraqalpaqstan telekanali’nda efirde berilip ati’rg’an analitikali’q ko’rsetiwlerdin’ sapasi’n jaqsi’lawg’a qarati’lg’an usi’ni’slar kirgiziw ha’m ilimiy juwmaq jasaw.

- Qaraqalpaqstan telekanali’nda analitikali’q bag’dardag’i’ ko’rsetiwlerdi jaqsi’law boyi’nsha usi’ni’slar kirgiziwden ibarat.

**Ilimiy jan’ali’g’i’:** bizin’ izertlewge bel baylag’an temami’z yele de teren’ izretlenbegenin ani’qladi’q. Sol ushi’n da bul tema ti’n’ boli’p tabi’ladi’.

Qaraqalpaqstan telekanali’nda efirge berilip ati’rg’an analitikali’q ko’rsetiwler bu’gingi ku’nnin’ ko’z-qarasi’nnan teren’ izertlewdi talap yetetug’i’nli’g’i’n ayti’p wo’tiwimiz kerek.

Bu’gingi ku’n g’alaba xabar qurallari’, a’sirese, televidenienin’ aldi’na u’lken wazi’ypalardi’ qoymaqta. Waqi’t wo’tken sayi’n, yag’ni’y global

processlerdin’ tez pa’t penen rawajlani’p bari’p ati’rg’anli’g’i’ na’tiyjesinde televideniege de ayri’qsha wazi’ypalar qoyi’lmaqta. Biz magistrlik dissertaciyada bu’gingi ku’nnin’ talaplari’nan ha’m keleshek ushi’n za’ru’r bolg’an qatan’ juwapkershilikli wazi’ypalardan kelip shi’g’i’p izertlew ali’p bardi’q.

Anatilikali’q ko’rsetiwlerde tiykari’nan ja’miyetlik turmi’s, ekonomikadag’i’, socialli’q-siyasiy mashqalalar wo’z sa’wleleniwin tabadi’. Analitikali’q ko’rsetiwlerdin’ tiykarg’i’ maqsetlerinin’ biri, mashqala yaki waqi’ya haqqi’nda qurg’aq so’z yetip qoymastan, woni’ ha’r ta’repleme talqi’law ha’m mashqalani’n’ sheshiliw jollari’n ko’rsetip beriwden ibarat boli’p tabi’ladi’. Bunda ko’rsetiwdi tayarlap ati’rg’an jurnalistten u’lken sheberlik penen ziyreklilik talap yetiledi.

**Jumi’sti’n’ metodikali’q bazasi’:** Prezidentimizdin’ I.A.Karimovti’n’ miynetleri, shi’g’i’p so’ylegen bayanatlari’[1], metodikali’q tiykar yetip ali’ndi’.

Televidenienin’ rawajlani’wi’ni’n’ ilimiy-teoriyali’q jaqtan izertleniwi da’rejesi bu’gingi ku’nde ha’r bir ma’mlekette ha’r qi’yli’ yekenligi ma’lim. Wo’zbekistan televideniesinin’ tariyxi’, woni’n’ rawajlani’w basqi’shlari’ boyi’nsha belgili ilimpazlar professor F.A.Mo’minov, professor A.Karimov, professor N.Abduazizaova, filologiya ilimlerinin’ kandidatlari’ Sh.Ibragimov, Yu.Hamdamov, P.Allambergenova, T.Madreymovalardi’n’ ilimiy-miynetleri, maqalalari’ bizin’ magistrlik jumi’si’mi’zg’a ilimiy-teoriyali’q tiykar boladi’. Usi’lar menen qatar zamanago’y televidenienin’ g’alaba xabar qurallari’ arasi’nda tutqan worni’ ha’m a’hmiyeti haqqi’nda basqa da si’rt yel ilimpazlari’ni’n’ ilimiy ko’z-qaraslari’ u’yrenildi.

**Izertlew obyekti ha’m predmeti:** Ilimiy jumi’si’mi’zdi’n’ tiykari’g’i’ obyekti Qaraqalpaqstan telekanali’ boli’p tabi’ladi’. Al, jumi’si’mi’zdi’n’ predmeti si’pati’nda bu’gingi ku’ni Qaraqalpaqstan telekanali’nda efirge berilip ati’rg’an analitikali’q ko’rsetiwler xi’zmet yetedi.

---

[1] Karimov I.A. «Yuksak maynaviyat – yengilmas kuch. T., « O’zbekiston» 2008 y. Yangi fikrlash va ishlash davr talabi T., «O’zbekiston» 1997 y. 5-jild. Eng asosiy mezon – hayot haqiqatligini aks ettirish. T., «O’zbekiston» 2009 y. Ma’mleketimizde demokratiyali’q reformalardi’ yelede teren’lestiriw ha’m puqarali’q ja’miyetti rawajlandi’ri’w koncepciyasi’. T., «O’zbekiston» 2010 y.

**Jumi’sti’n’ teoriyali’q tiykarlari’:** Biz tan’lag’an tema boyi’nsha bir qatar izertlewler ali’p bari’lg’an. A’sirese, F.A.Mwminov, Q.T.Ernazarov, D.Rashidova, A.Lagutko, G.Bakulev, R.Spori’shev A.A.Kalmi’kov, L.A.Koxonova, M.Kasteli’, V.V.Kixtan, Czya Lejun, A.I.Krupnov, Mc G.M.Luhan, V.B.Naumov, A.A.Terti’chniy həm basqada belgili ali’mlardi’n’ jazg’an ilimiy miynetleri ha’m maqalalari’ teoriyali’q tiykar boli’p xi’zmet yetedi.

**Izertlewdin’ tiykarg’i’ ma’seleleri ha’m boljawlari’:** Qaraqalpaqstan telekanali’nda analitikali’q ko’rsetiwlerdin’ ha’r qi’yli’ bag’dardag’i’ tu’rleri ushi’rasadi’. Izertlew na’tiyjesinen kelip shi’g’i’p to’mendegi usi’ni’slardi’ berdik: telejurnalistlerdin’ bilimin yelede jetilistirip bari’w, ko’rsetiwlerde til normalari’ni’n’ saqlani’wi’n baqlap bari’wshi’ ken’es du’ziw.

**Izertlew metodikasi’ ha’m usi’llari’.** Dissertaciyami’zdi’n’ metodikali’q tiykari’ yetip Prezidentimiz I.A.Karimovti’n’ miynetlerindegi pikirleri, g’alaba xabar qurallari’ xi’zmetin ta’rtipke sali’wshi’ qararlari’na su’yendik. Temani’ izertlewde sali’sti’rmali’ analiz metodi’ qollani’ldi’.

**Izertlew na’tiyjelerinin’ teoriyali’q ha’m a’meliy a’hmiyeti:** Jurnalistika qa’nigeliginin’ bakalavr bag’dari’na wo’tiletug’i’n «Teleko’rsetiw a’meliyati’», «Elektron G’XQ» pa’nlerinen lekciya tekstlerin qayta islewde ha’m tarqatpa materiallar tayarlawda a’meliy a’hmiyetke iye.

**Dissertaciyani’n’ du’zilisi.** Magistrlik dissertaciyami’zdi’n’ du’zilisi Kirisiw, alti’ bo’limdi wo’z ishine alg’an yeki tiykarg’i’ bap, juwmaqlaw ha’m paydalani’lg’an a’debiyatlar diziminen ibarat.

I Bapta Televidenienin’ g’alaba xabar qurallari’ni’n’ biri si’pati’nda yekenligin u’yrendik.

II Bapta Qaraqalpaqstan televideniesinde ja’miyettegi wo’zgerislerdi sa’wlelendiriwshi ko’rsetiwlerdin’ wo’zine ta’nligin ha’r ta’repleme u’yrendik.

III Bapta Qaraqalpaqstan televideniesinde ruwxi’y-ag’arti’wshi’li’q, ta’rbiyali’q a’hmiyetke iye ko’rsetiwlerdi u’yrendik.

# I BAP. TELEVIDENIE G’ALABA XABAR QURALI’NI’N’ BIRI SI’PATI’NDA

## 1.1. Televidenienin’ tipologiyali’q wo’zgesheligi

Televidenie g’alaba xabar qurallari’ ishinde g’alaba tarqali’w qa’siyetine iye. Televidenie g’alabali’g’i’ woni’n’ specifikali’q wo’zgesheligi menen baylani’sli’. Televiziali’q wo’nimli islep shi’g’ari’w, woni’n’ auditoriyag’a jetkeriliwi ha’m auditoriya ta’repinen qabi’llani’wi’ menen wo’zgeshelikke iye boli’p tabi’ladi’. Televidenie wo’zinde radio, kino, gazeta, telegraf ha’m basqalardi’n’ mu’mkinshiliklerin ja’mlestiredi[1] . Wolardi’ qarap wo’teyik.

1. *Televizion signal* – bul elektromagnit terbelisi yesaplanadi’ ha’m wol uzati’wshi’ u’skenenin’ qamti’ytug’i’n aymag’i’ni’ndag’i’ zonalari’na kirip bara aladi’. Zamanago’y sputnik televidenie uli’wma shegarasi’z, woni’n’ translyaciyalari’ planetami’zdi’n’ qa’legen mushi’na tosqi’nli’qsi’z uzati’ladi’. Bul jag’day televidenienin’ poziciyasi’n joqari’latadi’.

2. *Signaldi’ uzati’w specifikasi’* – televiziyali’q bag’darlama informaciya ali’wdi’n’ tiykarg’i’ yeki kanali’, vizual ha’m audial tu’rin ha’reketke keltiredi. Yag’ni’y bunda televiziyali’q wobrazlarg’a auditoriyani’n’ ken’ ko’lemi qol jetkere ali’w mu’mkinshiligine iye boladi’. Radiodan parqli’ ra’wishte televizion informaciya, verbal ha’m verbal yemes tegislikte jetkerip beriledi.

3. *Operativligi.* Televidenie waqi’yani’ sol zamatti’n’ wo’zinde auditoriyag’a jetkerip beriw imkaniyati’na iye. Waqi’yani’n’ sol zamatti’n’ wo’zinde ekran arqali’ uzati’li’wi’ yen’ tiykarg’i’ wo’zgesheliklerinin’ birinen yesaplanadi’. Lekin bunday jag’day ha’mme waqi’tta ta’kirarlanbasa da, televizor ko’riwshilerdin’ psixologiyali’q kabi’l yetiwine ta’sirin tiygizedi. Sebebi, waqi’yani’ sol zamatti’n’ wo’zinde ekran arqali’ beriw mu’mkinshiligi televizor ko’riwshileri ushi’n jaqsi’ ta’sir yetedi ha’m jetkerip berilip ati’rg’an informaciyani’n’ na’tiyjeliligin artti’radi’.

---

[1] Ojereleva A. Obzor: Detskoe televidenie v Rossii i SShA.// Internet-jurnal «TV-daydjest» (www.tv-digest.ru)

Joqari'da ko'rip wo'tilgen specifikali'q wo'zgeshelik televidenie ushi'n funkcionalli'q, strukturali'q, estetikali'q, janli' boli'w imkaniyati'n ta'minlep beredi. Televidenie bu'gingi ku'ni de g'alaba xabar qurallari' sistemasi'nda wo'zine jarasa worni'na iye boli'p barmaqta. Yendi bolsa, televidenienin' tipologiyali'q wo'zgesheligine de toqtap wo'teyik.

Tipologiya ani'qlamasi'na qarag'anda – wol uli'wma xarakterli belgileri bar predmetlerdi toparlardi' aji'rati'w ha'm usi' uli'wma belgiler tiykari'nda qandayda bir tip, model yaki klassifikaciya jarati'w. Ta'biyattag'i' qa'legen qubi'li'stan baslap, materialli'q wobyektlerdi de tipologiyali'q wo'zgeshelikke bo'liw mu'mkin[1].

Jurnalistikada 5 tiykarg'i' tipologiyali'q belgiler tiykari'nda qa'legen g'alaba xabar qurali'n ani'qlap beriwge beriwge boladi'[2].

- auditoriyani'n' xarakteri boyi'nsha;
- tematikali'q bag'dari' boyi'nsha;
- maqsetli auditoriyasi' boyi'nsha;
- beriliw waqti' boyi'nsha;
- jiyiligi boyi'nsha.

Atap wo'tilgen tipologiyali'q belgiler basi'li'mlar ushi'n tuwra keledi. To'mende bolsa, televizion kanallardi' klassifikciyalawg'a ha'reket yetemiz:

***1.Auditoriyani'n' tu'ri boyi'nsha***

- xali'qarali'q telekanallar – bir qansha ma'mleketlerdi qamti'p aladi' (BBC, Euronews);

- milliy telekanallar – belgili bir ma'mleket aymag'i'n qamti'p aladi' (O'zbekiston, Yoshlar, Sport);

- regionlar arali'q – bir neche regionlardag'i' xali'qti' qamti'p aladi';

- territoriyali'q (rayonli'q, qalali'q);

- etnikali'q – belgili bir millet birligi ushi'n arnaladi';

---

[1] Bolshaya sovetskaya enciklopediya. Elektronnaya versiya. – M.: Novi'y disk, 2005. – S. 290.
[2] Svitich L.G. Sociologiya jurnalistiki. – M.: IMPE im. A.S. Griboedova, 2005. – S. 75.

- professionalli’q telekanallar – tar ko’lemdegi professional auditoriya ushi’n mo’lsherlengen;

-  ha’r qi’yli’ socialli’q gruppalar ushi’n arnalg’an telekanallar;

- ha’r qi’yli’ jastag’i’ insanlar ushi’n arnalg’an telekanllar;

- hayal-qi’zlar ha’r yerkekler ushi’n arnalg’an telekanallar;

- shan’araq telekanallari’ (Oylavy)

***2. Predmetli-tematikali’q bag’dari’ boyi’nsh:***

Ko’pshilik telekanallar universal-tematikali’q boli’p tabi’ladi’. Lekin keyingi waqi’tlari’ tek g’ana maqsetli auditoriya yag’ni’y qa’nigelesiwi payda bolmaqta. Qa’nigelesken telekanallardi’ predmetli-tematikali’q bag’dari’ boyi’nsha to’mendegishe klassifikaciyalawg’a boladi’:

- jan’ali’q tarqati’wshi’ telekanllar (Evronews);

- ekonomikali’q telekanllar (RBK-TV);

- ekologiyali’q telekanallar (National Geographic);

- texnikali’q telekanallar (islep shi’g’ari’w: Discovery);

- avtomobillerge arnalg’an telekanallar;

- awi’l xojali’g’i’ ushi’n arnalg’an telekanallar;

- sport telekanallari’ (Sport);

- ma’deniyat ha’m iskusstvo haqqi’nda telekanallar;

- medicinag’a arnalg’an telekanallar.

***3. Maqsetli bag’dari’ boyi’nsh:***

Maqsetli bag’dari’ tiykari’nda telekanallardi’ atqaratug’i’n funkciyasi’ boyi’nsha bo’lip qarawg’a boladi’. Bir neshe bag’darlardi’ qarap wo’teyik:

- ma’deniy-ag’arti’wshi’li’qqa bag’darlang’an telekanallar – wolardi’n’ tiykarg’i’ maqseti teletamashago’ylerdin’ rawajlani’wi’ ha’m soni’n’ menen birge kewlin ko’teriw ushi’n jumi’s ali’p baradi’;

- jan’ali’qlarg’a bag’darlang’an telekanallar – yen’ jan’a informaciyani’ bahalawsi’z woperativ tu’rde jetkerip beriw;

- kewil-ashar telekanallar, atamasi’nan ani’q bolg’ani’nday tamashago’ylerdin’ kewil-keypiyati’n ko’teretug’i’n ko’rsetiwler menen shan’araqlarg’a kirip baradi’;

- bilim beretug’i’n, ag’arati’wshi’li’q wazi’ypasi’n atqaratug’i’n telekanallar – qa’legen adamg’a akademiyali’q bilim beriw, yemin-yerkin bilim ali’wi’ ushi’n imkaniyat jarati’p beredi;

- ilimiy, ha’mme ushi’n arnalg’an telekanal – wolardi’n’ maqseti zamanago’y ashi’li’wlar, jan’a texnologiyalar menen tamashago’ylerdi tani’sti’ri’p bari’w;

- praktikali’q telekanallar – wolardi’n’ maqseti insang’a qandayda bir ta’jiriybe toplawi’ ushi’n ja’rdemlesiw, ma’selen, quri’li’s, qayta quri’w;

- reklamali’ telekanallar – xali’qqa kommerciyali’q ha’m reklamali’q xabarlardi’ jetkerip beriw;

***4. Efirde uzati’li’w waqi’ti’ boyi’nsha:***

Tele ha’m radioprogrammalar bir minutqa shekem ani’q bir waqi’tta efirge uzati’li’wi’ kerek. Azang’i’ ko’rsetiwler si’pati’nda saat 12 ge shekemgi ko’rsetiwler yesaplanadi’, ku’ndizgi bolsa saat 12 den 18 ge shekem, keshki – 18 den baslap, tu’ngi bolsa saat 23 ten baslap efirge beriletug’i’n ko’rsetiwlerdi atap wo’tiwimizge boladi’.

**5. Jiyiligi boyi’nsha:**

Bu’gingi basi’m ko’pshilik telekanallar ku’n dawami’nda ko’rsetiwlerdi berip baradi’. Sol ushi’n wolardi’n’ jiyiligi haqqi’nda ayti’w maqsetke muwapi’q bolmasa kerek. Demek, tiykarg’i’ ko’rsetiwlerdi klassifikaciyalap wo’teyik:

- ku’ndelikli televizion ko’rsetiwler – ha’r ku’ni efir ju’zin ko’redi (jan’ali’qlar, seriallar);

- ha’ptelik ko’rsetiwler – bir ha’ptede bir ma’rtebe efirge uzati’ladi’ (mi’sal ushi’n, ha’ptelik jan’ali’qlar, dem ali’s ku’nleri beriletug’i’n kewil ashar ko’rsetiwler);

- bir ayda bir ma'rtebe efirge uzati'latug'i'n ko'rsetiwler, wolarda tiykari'nan ko'terilip ati'rg'an tema ha'r ta'repleme u'yreniledi. A'dette, bular, televiziyali'q tekseriwler, qandayda bir tematikali'q ko'rsetiwler;

- ku'ndelikli tu'rde efirge uzati'lmaytug'i'n ko'rsetiwler (almanaxlar) ha'm situaciya tiykari'nda tayarlanatug'i'n ko'rsetiwler (informaciyali'q sebep bolg'anda, ma'selen, filmnin' premerasi', qandayda bir adam haqqi'nda tayarlanatug'i'n ko'rsetiwler);

Lekin atap wo'tken tipologiyali'q bo'liniwden basqada klassifikaciyag'a bo'liw mu'mkin. Wolardi'n' birewin keltirip wo'teyik[1].

***1. Translyaciya usi'li' boyi'nsha:***

- efirli (teletolqi'ndi' a'piwayi' usi'l menen uzatatug'i'n telekanallar);
- sputnik ja'rdeminde (shet yel kompaniyalari'ni'n' teleko'rsetiwleri);
- kabel ja'rdeminde.

***2. Jumi's ali'p bari'w tu'ri boyi'nsha:***

- uzati'latug'i'n;
- ko'rsetiw tayarlaytug'i'n (prodyuserlik firmalari');
- distribyuterler.

***3. Auditoriyani' qamti'p ali'wi' boyi'nsha:***

- uli'wma ma'mleket boylap;
- regionalli'q (Nawayi', Xorezm telekanallari');
- jergilikli (To'rtku'l, No'kis TV).

***4. Menshik iyesi boyi'nsha:***

- ma'mleketlik;
- ma'mleketlik yemes telekanallar.

Atap wo'tken klassifikaciyami'z televidenie jumi's ha'r qi'yli' ta'repten ko'riwge imkaniyat jaratadi' ha'm kanallardi'n' tipi, wolardi'n' maqsetin ani'qlap beredi.

---

[1] Yurovskiy A.Ya. Istoriya telejurnalistiki v Rossii. / Televizionnaya jurnalistika. / Pod red. G. V. Kuznecova, V. L. Cvika, A.Ya. Yurovskogo. – M.: Vi'sshaya shkola, 2002. – S. 47

Lekin basqada klassifikaciya tu’rleri bar. «Televizionnaya jurnalistika» kitabi’ni’n’ avtori’ A.Ya.Yurovskiy telekanallardi’ to’mendegi belgileri tiykari’nda klassifikaciyalardi’ usi’ni’s yetedi:

- tematikali’q beligileri boyi’nsha, ma’selen, sputnika arqali’ uzati’latug’i’n NTV-Plyus telekanali’n atap wo’tiwimizge boladi’;

- auditoriyasi’ boyi’nsha – balalar, jaslar, u’lken jastag’lar ushi’n;

- territoriyali’q belgisi tiykari’nda – uli’wma ma’mleketlik, jergilikli ko’rsetiwler.

Yeger O’zbekistan Respublikasi’ mi’sali’nda telekanallardi’n’ tipologiyali’q klassifikaciyasi’na na’zer salatug’i’n bolsaq bunda keyingi ji’llari’ bir qatar wo’zgerislerdin’ ju’z berip ati’rg’ani’n ko’riwimizge boladi’. Bizde ma’selen, ma’mleketimizde bir qansha ji’llardan berli ha’reket yetip kiyati’rg’an «O’zbekiston», «Yoshlar» kanallari’n milliy telekanallar si’pati’nda atap wo’tiwimizge boladi’. Bul telekanallardi’n’ ko’rsetiwlerin qa’legen formatta, analog ha’m cifrli’ formatta ma’mleketimizdin’ qa’legen jerinde ko’riw imkaniyati’ bar. Atap wo’tilgen telekanallar menen ten’dey rawajlani’p kiyati’rg’an regionalli’q telekanallar, bular respublikami’z wa’layatlari’nda ha’m Qaraqalpaqstan Respublikasi’ ko’leminde jumi’s ali’p bari’p ati’rg’an telekanallardi’ keltirip wo’tiwimizge boladi’. Bul telekanallar tiykari’nan usi’ wa’layat yaki respublika ko’leminde boli’p ati’rg’an jan’ali’qlar menen xabarlardi’ sa’wlelendirip bari’wg’a tiykarlang’an.

Keyingi ji’llari’ respublikami’zda teleo’nimler cifrli’ formatta uzati’li’wi’ni’n’ na’tiyjesinde predmetli-tematikali’q bag’dardag’i’ telekanallari’ sani’ da arti’p barmaqta. Ma’selen, atap wo’tetug’i’n bolsaq, balalar ushi’n arnali’p, «Bolajon» telekanali’ sho’lkemlestirildi, telekanal efir waqti’ni’n’ ko’pshilik bo’legin multfilmler menen birge balalar ushi’n arnalg’an ha’r qi’yli’ bag’dardag’i’ ko’rsetiwler iyelep barmaqta. «Dunyo buylab», «Madaniyat va marifat» telekanallari’ bir qatar tematikalar boyi’nsha wo’z jumi’slari’n ali’p baradi’. A’sirese, «Kinoteatr», «Oylaviy» telekanallari’ni’n’ tiykarg’i’ maqseti usi’

bag'dardag'i' ko'rsetiwlerdi yaki kinofilm i'shqi'pazlari'ni'n' talaplari'n qanaatlandi'ri'w ushi'n sho'lkemlestirilgen.

## 1.2. Ha'zirgi zaman televideniesinin' tiykarg'i' funkciyalari'

Qa'legen taza ko'rsetiw tayarlag'anda avtorlar wo'zi tan'lag'an tematikani'n' qaysi' kanaladi'n' funkcionalli'q bag'dari'na tuwra keletug'i'ni'na itibar bergen halda tan'laydi'. Ma'deniy-ag'arti'wshi'li'q bag'dardag'i' ma'seleler sa'wlelengen ko'rsetiwlerdi «Madaniyat va marifat» telekanali'na usi'ni's yetiwge boladi'.

Demek, qa'legen telekanal ja'miyette wo'z aldi'na qoyg'an funkciyalari' tiykari'nda jumi'slari'n a'melge a'melge asi'radi'. Soni'n' menen birge televidenie bir qatar wazi'ypalar yag'ni'y socialli'q, kommerciyali'q ha'm basqalardi' a'melge asi'ri'ladi'. To'mende televidenie funkciyalari'n ko'rip wo'temiz[1].

***1. Informaciyali'q funkciyasi'.*** Televidenie basqa g'alaba xabar qurallari' kibi yen' tiykarg'i' maqset – ja'miyettegi barli'q topar ag'zalari'n jeke soni'n' menen birge ja'miyettin' uli'wmali'q talaplari'n qanaatlandi'ri'p baradi'. Lekin televidenie g'alaba xabar qurallari'nan parqli' ra'wishte xabarlardi' woperativ, ha'r qi'yli' ko'rinisler menen auditoriyag'a jetkerip beriw imkaniyati'na iye boli'p yesaplanadi'. Bu'gingi zamanda insan ku'ndelikli turmi's ushi'n ekonomikali'q, siyasiy, socialli'q jan'ali'qlardan xabardar boli'p turi'w norma si'pati'nda qabi'l yetilmekte. A'sirese, informaciyali'q ko'rsetiwler jan'ali'qlardi' tarqati'wdi'n' yen' a'hmiyetli kanallari'nan biri boli'p tabi'ladi'. Televidenie wo'zgeshe waqi'yalarg'a yag'ni'y ta'biyiy apatshi'li'q, uri's ha'reketleri. Bul na'rse telekanallardi'n' reytingin ko'teriw ushi'n xi'zmet yetedi, yeger telekanaldi'n' reytingi joqari' bolsa, usi'g'an jarasa da'ramatlari' da jaqsi' boladi'.

Buri'n hesh kimnin' xabari' bolmag'an waqi'yalar haqqi'nda xabar beriw ushi'n telekanallar texnikali'q jaqtanda, reporterlar xi'zmetin jaqsi'

---

[1] Kuznecov G.V. Televidenie i obchestvo / Televizionnaya jurnalistika / Pod red. G.V. Kuznecova, V.L.Cvika, A.Ya.Yurovskogo. – M.: Vi'sshaya shkola, 2002. – s. 89.

sho'lkemlestiriw jag'i'nan aldi'nda boli'wi' lazi'm. Bul talap regionalli'q ha'm basqada telekanallarg'a qoyi'ladi'. Lekin, du'nya ju'zindegi aldi'n'g'i' qatardag'i' telekanallar yen' a'hmiyetli waqi'yalar haqqi'nda xabardi' wo'z reporterlari'nan ali'wg'a ha'reket yetedi.

**2.Ma'deniy-ag'arati'wshi'li'q:**

Qa'legen televiziyali'q ko'rsetiw belgili da'rejede tamashago'ylerdi ma'deniyatli' boli'wg'a u'yretedi. Ko'pshilik ko'rsetiwler usi' maqsetti go'zleydi. Sol ushi'nda ma'deniy-ag'arti'wshi'li'q bag'dardag'i' ko'rsetiwdi tayarlaytug'i'n jurnalistlerge u'lken talap qoyi'ladi'.

Tuwri'dan-tuwri' televidenienin' ma'deniy-ag'arti'wshi'li'q funkciyasi' spektakl, filmler, koncertlerdi translyaciya islegende ko'zge taslanadi'. Ma'selengiden, Wo'zbekistan ko'leminde jumi's ali'p bari'p ati'rg'an «Madanyat va mayrifat» telekanali' keyingi waqi'tlari' koncertler menen ko'rkemlik ushi'rasi'wlardi' tuwri'dan-tuwri' efirge uzati'w da'stu'rin qolg'a almaqta. Bul ju'da' jaqsi' da'stu'r sebebi, tamashago'yge jaqsi' ta'sir yetedi.

Ma'deniy-ag'arti'wshi'li'q ko'rsetiwlerinde didaktika elementleri boladi', bunday ko'rsetiw tamashago'yde zerigiwdi payda yetpewi kerek. Avtorlardi'n' maqseti ko'rsetiwge tamashago'ylerdin' itibari'n tarti'w boli'p tabi'ladi'[1].

Lekin ko'pshilik televidenie si'nshi'lari' insanlardi' ma'deniyatli' boli'wg'a u'yretiwde televidenienin' rolinin' joqari' yemes yekenligin atap wo'tpekte. Solay bolsa da bu'gingi tamashago'y ayri'm sebeplerge baylani'sli', teatrlarg'a, kinozallarg'a bari'w mu'mkinshiligine iye yemes, sol ushi'nda teletranslyaciyalardi'n' uzati'li'wi' a'hmiyetli boli'p tabi'ladi'.

Qaraqalpaqstan telekanali'nda da keyingi waqi'tlari' joqari' iskusstvo yag'ni'y su'wretshi menen mu'sinshilerimizdin' miynetlerin menen «Assalawma aleykum, Qaraqalpaqstan» ko'rsetiwi arqali' tani'sti'ri'p bari'w da'stu'rge aylani'p ati'rg'ani'n atap wo'tiwimizge boladi'.

---

[1] Goryunova N.L. Xudojestvenno-vi'razitelni'e sredstva ekrana. - M.: Institut povi'sheniya kvalifikacii rabotnikov televideniya i radiovechaniya, 2000. – s. 29.

Ma’deniy-ag’arti’wshi’li’q ko’rsetiwlerde aqi’l beriw, jolg’a sali’w elementleri ko’p boladi’, biraq, bul ko’rsetiwlerdi tayarlag’anda shegaradan shi’g’i’p ketiwde jaramaydi’.

***3. Integrativ funkciyasi’:*** Televidenie basqa g’alaba xabar qurallari’ si’yaqli’ ja’miyettegi socialli’q ha’m ma’deniy toparlar menen ti’g’i’z baylani’s wornatadi’. Belgili bir ko’rsetiwdin’ auditoriyasi’ keyin ala usi’ taqilette woylaytug’i’n, pikirleytug’i’n boladi’.

Televidenienin’ tiykarg’i’ wazi’ypasi’, tamashago’ylerdin’ talaplari’ tiykari’nda jumi’s ali’p bari’p, wolardi’n’ mu’mkinshiliklerinin’ arti’wi’na ja’rdemlesiw boli’p yesaplanadi’. Televidenienin’ integrativ funkciyasi’ televidenie jumi’si’ni’n’ barli’q bo’limleri menen sheshiledi.

Ha’zirgi waqi’tta televidenienin’ integrativ funkciyasi’ buri’ng’i’dan da arti’p barmaqta. Sebebi, du’nyani’n’ ko’pshilik mushi’nda boli’p ati’rg’an socialli’q dag’dari’slar waqti’nda ja’miyettin’ barli’q ag’zalari’n ja’mlestiriw u’lken ku’sh yesaplanadi’.

***4. Socialli’q-pedagogikali’q yaki basqari’w funkciyasi’:***

Televidenie socialli’q-pedagogikali’q ha’m basqari’w funkciyasi’ ja’rdeminde ma’mleket puqaralari’na ta’sir yetip woti’radi’. Televidenie ja’rdeminde ja’miyette jasaw qag’i’ydalari’, belgili bir ko’z-qaraslardi’n’ puqaralardi’n’ sana-sezimine sin’dirip baradi’. Bul funkciya integrativ ha’m informaciyali’q funkciyalar menen shegaralasadi’.

Atap wo’tilgen funkciyani’ a’melge asi’ri’w ushi’n puqaralardi’n’ wo’zleri de usi’ processke qatnasti’ri’ladi’. Auditoriyag’a ta’sir yetiwdin’ na’tiyjeliligi televidenienin’ qaysi’ sistemada jumi’s ali’p bari’p ati’rg’ani’ menen tuwri’dan-tuwri’ baylani’sli’. Ma’selen, yendi rawajlani’p kiyati’rg’an ma’mleketlerde tuwi’wshi’li’qti’ ta’rtipke sali’w siyasati’ a’melge asi’raladi’ ha’m televidenie usi’ bag’dardag’i’ ko’rsetiwlerdi ko’birek efirge berip bari’wg’a a’detlenedi. Totalitar du’zimde bolsa u’git-na’siyatlaw barli’q teleko’rsetiwlerde wo’z ko’rinisin tabadi’. Solay bolsa da televidenie hu’kimettin’ tiykarg’i’ siyasati’n ali’p bari’wshi’ qural si’pati’nda qarali’p kiyati’rg’ani’ ani’q.

***5.Sho'lkemlestiriwshilik funkciyasi':***

Televidenie maqsetli yaki wo'zi bilmegen halda ja'miyetli jumi'slar menen adamlardi'n' is-ha'reketin sho'lkemlestiredi. Atap wo'tetug'i'n bolsaq, wolar qatari'na bir saatlap dawam yetetug'i'n telemarafon, auditoriyadan soraw-juwap ali'w, socialli'q ilajlardi' sho'lkemlestiriwdi atap wo'tiwimizge boladi'. Televidenie arqali' bunday ilajlardi'n' sho'lkemlestiriliwi ta'sirshen' boladi', nege degende, basqa g'alaba xabar qurallari'na qarag'anda televidenie barli'q shan'araqlarg'a, ha'tte ali's wori'nlarg'a shekem de kirip baradi'. Ja'ne televideniede berilgen ko'rinis arqali' ayti'lajaq pikir, usi'ni'slardi'n' ta'sirshen'ligi bir neshe ma'rtebe artadi'. Demek, televidenienin' sho'lkemlestiriwshilik iskerligi wo'z na'tiyjesin tez bere aladi'.

***6. Bilimlendiriw funkciyasi':***

Bu'gingi ku'ni du'nya ju'zinde insanlardi' joqari' da'rejedegi bilim ha'm ko'nlikpelerge u'yretip baratug'i'n telekanallardi'n' reytingi arti'p barmaqta. Usi' telekanallar arqali' berip bari'latug'i'n shet tillerin u'yretetug'i'n, joqari' woqi'w worni'na kiriwge tayarlaytug'i'n ko'rsetiwlerdin' berip bari'li'wi' televidenienin' na'tiyjeliligin bir neshe ma'rtebe artti'radi'. Bu'gingi ku'ni Rossiyada bilim beretug'i'n, insanlarda belgili bir ko'nlikpe payda yetetug'i'n telekanallardi'n' jumi'slari' rawajlani'p barmaqta, televidenienin' janli' boli'wi' menen insanlarda bir qatar bilim ko'nlikpeleri tez jetilisedi.

***7. Rekreativ funkciyasi':***

Rekreaciyani'n' wo'zi jurnalistika menen baylani'si' kem bolsada, lekin televidenie ushi'n ta'n qubi'li's boli'p tabi'ladi'. Rekreaciya – bul dem ali'w, insanni'n' ku'shin tiklewi boli'p tabi'ladi'. Ko'pshilik adamlar divanda televizor pulti' menen jati'p dem alg'andi' jaqsi' ko'redi. Taza woyi'n-zawi'q ko'rsetiwler arnawli' telekanallar ta'repinen tayarlani'p bari'ladi'.

Solay yetip televidenie insan iskerliginin' barli'g'i'n ta'repin iyelep aladi'. Insanni'n' bos waqi'tlari'ni'n' barli'g'i'n qamti'p bari'wg'a ha'reket yetedi.

## 1.3.Qaraqalpaqstanda televidenienin’ payda boli’wi’

Yeger jurnalistika tariyxi’na itibar qaratatug’i’n bolsaq Qaraqalpaqstan televideniesi u’lken tariyxqa iye yemes yekenligin ko’riwimizge boladi’. Solay bolsa da bul jerde Qaraqalpaqstan jurnalistikasi’ni’n’ da’slepki qarli’g’ashlari’ jumi’s ali’p bardi’. Ta’jiriybe mektep payda boldi’ dep atap wo’tsek te boladi’.

Bu’gingi ku’ni ko’plegen jurnalistika izertlewshileri Tashkentti elektron televidenienin’ watani’ si’pati’nda tilge aladi’. Lekin, bul ha’mme izertlewshiler arasi’nda ta’n ali’ng’an jeke pikir yemes. Ma’selen, Armeniya ali’mlari’ «aq-qara ha’m ren’li televidenienin’ tiykari’n sali’wshi’ Wo.A.Adotyan dep yesaplaydi’»[1] , degen pikirdi alg’a su’redi. Rawajlang’an ma’mleketlerde bunnan basqasha pikirler bar.

Tashkenttegi da’slepki televizion uzati’wshi’ ha’m qabi’l yetiwshi a’sbap XX-a’sirdin’ 20-ji’llari’nda Worta Aziya ma’mleketlik universitetinin’ fizika fakultetinde rejelestirilgen boli’p, woni’ ilimiy xi’zmetker Boris Grobovskiy a’melge asi’rg’an.

Birinshi jer ju’zilik uri’si’nan keyin Grobovskiy Tashkentke kelip, Rozingtin’ jumi’slari’ menen qi’zi’g’adi’ ha’m Ivan Belyanskiy menen birgelikte Rozing su’wretlegen apparati’ jarati’wg’a ha’reket qi’ladi’. Barli’q qi’yi’nshi’li’qlarg’a, za’ru’r materiallar jetispewshiligine qaramastan, Grobovskiy bul qi’yi’n texnikali’q ma’seleni sheshiwge yerisedi. Wol jasag’an televizion ekran shi’rpi’ quti’si’nday ko’lemde yedi. Si’rta turg’an bir Adam wo’z bas kiyimin alar ha’m kiyer, woni’ bolsa xanada woti’rg’an adamlar ani’q ko’rip woti’rg’an. Du’nyadag’i’ yen’ birinshi elektron televidenie ko’rsetiwlerinen biri sol ta’rizde ko’rsetile basladi’.

A’lbette, bul ko’rsetiw yele sessiz, shala bolsa da, Grobovskiy Rozing ta’repinen qoyi’lg’an bas ma’seleni yag’ni’y, teleko’rinis, telesignallardi’ uzati’wdi’n’ elektron du’zilisin jarati’w ma’selesinin’ sheshimin tapqan yedi. Wo’z izertlewi dawami’nda Grabovskiy Leningradqa (ha’zirgi Sankt-Peterburg) bari’p,

[1] K.Tovmasyan «Iz istorii televidenie i fototelegrafa» Yerevan, 1971. – S. 90.

B.Rozing menen ushi’rasadi’. Wol bolsa, ka’siplesinin’ miynetin maqullaydi’ ha’m qollap-quwatlaydi’. Solay yetip, 1928-ji’li’ 30-iyunda potent beriledi, wog’an muwapi’q, «1925-ji’li’ noyabrde inam yetilgen elektroteleskopiya apparati’» dizimnen wo’tedi.

Mine usi’lay yetip ko’pshilik ilimiy dereklerde «Tashkent televidenie watani’», dep tilge ali’nadi’. Bul arqali’ ja’miyettin’ televideniege bolg’an qi’zi’g’i’wshi’li’g’i’n, talabi’n, sonday-aq wog’an bolg’an mu’ta’jlikti ko’riwimizge boladi’. Song’i’ da’wirlerge kelip ibolsa, televidenienin’ ja’miyette tutqan worni’ wo’z aldi’na boldi’. Pikirimizdi Qaraqalpaqstan mi’sali’nda dawam yettirsek.

Qaraqalpaqstan televideniesi wo’z jumi’si’n baslag’an 1964-ji’li’ Worta Aziyadag’i’ barli’q milliy respublikalar bir neshe ji’llardan beri wo’z televideniesine iye yedi.Tashkent telestudiyasi’n aytpag’anni’n’ wo’zinde O’zbekstanni’n’ ko’plegen oblostlari’nda televidenie woraylari’ bar yedi. Wolardag’i’ bir neshe wonlag’an jurnalistler televidenie tarawi’nda biraz ta’jiriybe topladi’. Al, respublikada barli’g’i’ jan’adan baslandi’. Bul tarawda ta’jiriybe bolmag’anli’qtan ayi’ri’m kemshilikler de ushi’rasi’p turdi’.

Qaraqalpaqstan telejurnalistikasi’ni’n’ payda boli’wi’ radiojurnalistika menen televidenienin’ birge jumi’s ali’p bari’wi’ televidenienin’ tez wo’z qa’ddin ko’tere ali’wi’na ja’rdem yetti. Da’slepki waqi’tlari’ Qaraqalpaqstan televideniesinde radiojurnalistler xi’zmet yetken. Radio menen telejurnalistikani’n’ janrli’q usi’llari’ni’n’ bir-birine jaqi’nli’g’i’, wolardi’n’ bir-birin bayi’ti’p bari’wi’na wo’zinin’ unamli’ ta’sirin tiygizip bardi’.

Da’slepki telejurnalistler G’.Seytnazarov, V.Kopalov ha’m basqalar baspa so’z, radioesittiriw tarawi’nda bir neshe wonlag’an ji’llar dawami’nda islep, mol ta’jiriybe toplag’an jurnalistler yesaplanadi’. Wolar wo’z u’stinde ti’nbay islep, Tashkent televidenie studiyalari’nda do’retiwshilik saparlarda boli’p wo’z bilim ha’m ta’jiriybelerin toli’qti’ri’p, artti’ri’p bardi’. Yag’ni’y, bular arqali’ qaraqalpaq telejurnalistikasi’ni’n’ rawajlani’p bari’wi’na ken’ imkaniyatlar jaratti’ desek te boladi’.

Qaraqalpaqstan televideniesinin' rawajlani'wi'ni'n' da'slepki da'wirlerinde videoqatarlar (kinosyujet, fotosu'wretler) jetkiliksiz boldi'. Videoqatarlar menen ta'miyinlenbegen, fontlerdi qurg'aq bayanlaw tu'rinde berilgen bunday informaciyalardi' televizor ko'riwshiler jaqsi' qabi'l aldi', dep ayti'w qi'yi'n yedi. Sonday-aq, da'slepki ji'llari' «Telejan'ali'qlar»da berilgen ko'p g'ana informaciyalar uzi'n-shubalanqi' ko'riwshilerdi zeriktirerli bolg'ani'n da ayti'wi'mi'z tiyis-dep keltirgen yedi izertlewshi T.Ma'dreyimov wo'zinin' «Televidenie-ja'riyali'q qurali'» miynetinde[1]. Soni'n' menen birge sol da'wirde Qaraqalpaqstan televideniesi rawajlani'wi'ni'n' da'slepki da'wirinde siyasiy-ja'mietlik redakciya ta'repinen biraz di'qqatqa i'layi'q ko'rsetiwlerde berilip bari'lg'an. Ja'miyetlik-siyasiy temalarda «ashi'qtan-ashi'q so'ylesiw», «Aktual intervyu», «Xali'q qadag'alaw ekrani'» ha'm tag'i' basqa da ko'rsetiwler jan'asha forma ha'm mazmung'a iye boldi'. Sonday-aq a'debiy-ko'rkem redakciyasi' ta'repinen ko'riwshilerde jaqsi' ta'sir qaldi'rg'an biraz ko'rsetiwler efirge uzati'li'p turdi'. 1989-ji'ldi'n' basi'nan baslap yengizilgen jan'a setka boyi'nsha a'debiy-ko'rkem bo'limi «Jazi'wshi' ha'm waqi't», «Miyras», «Tvorchestvali'q portret», «Sa'wbet», «Atalar so'zi-aqi'ldi'n' ko'zi», «Rawshan», telepostanovkalar, «Muzi'ka haqqi'nda so'z», «Baqsi'lar qosi'q aytadi'» ha'm basqa da programmalar tayarlani'p ja'miyetshilikke usi'ni'li'p bari'ldi'. Soni'n' menen birge «Koncert-wocherk», «Ruwxi'y bayli'g'i'mi'zdi'n' fondi'» ku'nnin' talabi'na qaray berilip bari'latug'i'n «Bizin' miymanlari'mi'z», «Bizin' kalendar», «Jazi'wshi'lar paxta ati'zlari'nda» usag'an ko'rsetiwlerde ekranan wori'n ali'p woti'rdi'. A'lbette, bul ko'rsetiwlerdin' aldi'na qoyi'lg'an maqset ha'm talaplari' bar.

Ma'selen, «Tolqi'n» telejurnali'nda a'debiy kritikler jaqsi' shi'g'armalar haqqi'nda, shayi'r ha'm jazi'wshi'lar wo'z shi'g'armalari' tuwrali' ko'rkem so'z sheberlerinin' aldi'nda turg'an sol ku'ngi talap ha'm a'debiyat, iskusstvodag'i' mashqalalardi' so'z yetip bardi. Jurnaldi'n' «A'debiyat ha'm bu'gingi ku'n», «A'debiy kritika» bo'limlerinde wo'z qlaspentlerin arasi'nda ayi'ri'qsha di'qqat

[1] T.Ma'dreyimov «Televidenie-ja'riyali'q qurali'». No'kis Qaraqalpaqstan, 1989ji'l, 27-bet.

itibarg'a iye boldi'. Sol temalarda jazi'wshi' ha'm a'debiyatshi'lardan T.Allanazarov, Q.Sultanov, I.Qurbanbaev, A.A'limov, S.Baxadi'rov, T.Ma'mbetniyazovlar ekran aldi'nda shi'g'i'p so'ylep, sol ku'n temasi'na jazi'li'wi' tiyis bolg'an tarawdag'i' mashqalali' ma'selelerdi wortag'a taslar ha'm wo'zlerinin' woy-pikirleri menen wortaqlasi'p bardi'.

«Tolqi'n» telejurnali'ni'n' 1988-ji'l 14-fevralda ekrang'a shi'qqan ko'rsetiwlerinde a'debiyatshi' Qa'limbet Sultanov sol payi'tlardag'i' a'debiy kritikani'n' to'menlep ketkenligi tuwrali' ma'sele ko'teredi. Filologiya ilimlerinin' kondidati' T.Ma'mbetniyazov «a'debiyatti'n' nani' qatti' nan, woni' ha'mme jey almaydi'. Woni'n' ushi'n u'lken talant, sol talantqa i'layi'q uqi'pli'li'q, tinimsiz miynet yetiw kerek!», dep ko'rsetedi, «-bizin' jazi'wshi' shayi'rlari'mi'z waqi'tqa say ayaq qosa almay ati'r», dep qosi'msha keltirip wo'tedi.

Qaraqalpaqstan tele ekrani'nda «Tolqi'n» telejurnali'ni'n' 1971-ji'ldan baslap 180 nen aslam ko'rsetiwi efirden uzati'lg'an. Wol ji'llar ishinde ko'p g'ana Talas-tarti'sli' a'debiyat ma'seleleri, a'debiy si'n, saxna ha'm su'wretlew iskusstvosi'ni'n' sheberleri tuwrali' bahali' pikirleri ayti'li'p, jazi'wshi'lar menen shayi'rlar teletamashago'ylerdi wo'z shi'g'armalari' menen tani'sti'ri'p bardi'.

Belgili talant iyelerinen J.Aymurzaev, T.Jumamuratov, I.Yusupov, T.Qayi'pbergenov, S.Abbazov, T.Qabulov, N.Raxmanov, S.Pirjanov, Wo.Abdiraxmanov, J.Izbasqanov ha'm basqalar teleekran arqali' wo'z jurnalistlik wazi'ypalari'n atqari'p, sonday-aq wo'zlerinin' jan'a qosi'qlari', prozali'q shi'g'armalari' tuwrali' ko'rsetiwlerin ja'miyetshilikke inam yetip bardi'. Telejurnaldag'i' «Jas a'debiyatshi'lar beti», «Qi'zlar gu'lda'stesi», rubrikasi'nda talantli' jas shayi'r ha'm jas jazi'wshi'lar da qatnasi'p turdi'.

Yeki ayda bir reet tayarlanatug'i'n «Miyras» ko'rsetiwi xalqi'mi'zdi'n' wo'tmishtegi awi'zsha ha'm jazba a'debiy yesteliklerin, qobi'z ha'm duwtar namalari'n, wolardi'n' kelip shi'g'i'w, tariyxi'n, atqari'wshi'lardi'n' sheberliklerin arxeologiyali'q izertlewlerdin' juwmaqlari'n xali'qqa tani'sti'ri'p bari'w maqsetinde 1973-ji'ldan baslap setkag'a kirgizildi.

Da’slepki ji’llari’ ko’rsetiwdi ali’p barg’an professor Q.Maqsetov, ilimpazlar A’.A’limov, D.Aymuratovlar ta’repinen xali’q muzi’ka a’sbaplari’ duwtar, qobi’z, girjek, shi’n’qobi’z, balaman, si’rnay, u’shpelek tuwrali’ ayi’ri’m xali’q namalari’ni’n’ kelip shi’g’i’w tariyxi’, wolardi’ atqari’wshi’lar tuwrali’, wolardi’ izertlep ati’rg’an qa’nigelerdin’ qatnasi’wi’ menen ken’ tu’rde so’z yetilip bari’ldi’. Muzey zallari’ndag’i’ eksponatlar haqqi’nda da mazmunli’ ha’m a’jayi’p ko’rsetiwler tayarlap bari’ldi’.

«Miyras» ko’rsetiwinde bolsa, aymag’i’mi’zdag’i’ arxeologiyali’q yestelikler, wolardi’ qorg’aw ma’seleleri sa’wlelenip bardi’. Ma’selen, «Gu’ldirsin», «Ayazqala», «Qoy qi’ri’lg’an qala», «Topi’raq qala», «Bu’rkit qala» tariyxi’y yestelikleri tuwrali’ ken’ tu’rde ayti’lg’an bul ko’rsetiwler arxeolog G.Xojaniyazov, izertlewshi Wo.Yusupov ha’m bir qatar ja’ma’a’t wa’killeri qatnasi’p turdi’. Sonday-aq, bul ko’rsetiwlerde bul miyraslardi’n’ bu’gingi ha’m yerten’gi keleshegimiz yekenligi, wolardi’n’ wo’mirimizde tutkan worni’, a’hmiyeti jo’ninde pikirler wo’z ko’rinisin tapti’.

«Diydar» ko’rsetiwi belgili jazi’wshi’, artist ha’m wo’ner iyeleri menen ushi’rasi’w, diydar ko’risiw, ko’pshilikti qi’zi’qsi’ndi’rg’an sorawlarg’a sol adamni’n’ juwap beriwi formasi’nda efirge berilip bari’ldi’. Tiykari’nan, wonday ushi’rasi’wlar u’lken zallarda wo’tkerilip, ko’pshiligi televiziyali’q stanciyani’n’ ja’rdeminde jazi’p ali’nar yedi.

1980-1987-ji’llar arasi’nda «Berdaq» kino-koncert zali’nan, No’kis ma’mleketlik universiteti ha’m basqa da u’lken ha’m ken’ imaratlar belgili shayi’r jazi’wshi’lar menen student jaslardi’n’ ushi’rasi’w ha’m soraw-juwap keshelerinen reportajlar ha’m ko’rsetiwler jiyi-jiyi berilip bari’ldi’. Lekin, sonni’ da ayti’p wo’tiw wori’nli’, bul ko’rsetiwde qa’te ha’m kemshilikler tez-tez wori’n ali’p turdi’. Tiykari’nan, bundag’i’ qa’te kemshilikler avtor menen rejessyor arasi’ndag’i’ birge is ali’p bari’wi’nda ayqi’n seziler yedi. Sebebi televidenieawi’nda islewshi jurnalisttin’ ha’r qanday mateoiali’n auditoriyag’a ta’sirli ha’mde ta’sirsiz shi’g’wi’nda rejessyordi’n’ tutqan worni’ ayi’ri’qsha.

Yeger rejessyor talantli', ha'r ta'repleme bilimli, professional, qi'yali'y woyshi'l ha'm woyshi'l bolsa, ha'r qanday materialdi'n' ta'sirli shi'g'i'wi'n ta'miyinleydi. Sol ushi'nda televidenie salasi'nda rejessyordi'n' a'hmiyeti ku'shli.

«Tvorchestvali'q portret» ko'rsetiwi teleekran arqali' berilip bari'latug'i'n ko'rsetiwler qatari'ndag'i' wo'zine say wori'nli' ha'm turaqli' berilip bari'latug'i'n ko'rsetiwler qatari'nan wori'n alg'an. Wonda aymag'i'mi'zdag'i' belgili ha'm tani'qli' do'retiwshi insanlardi'n' wo'miri ha'm do'retiwshiligi ken' tu'rde so'z yetilip bardi'. Ma'selen, A.Shamuratovani'n', R.Seylov, R.To'reniyazov, B.Nadi'rov, xudojnik Q.Berdimuratovlardi'n' xi'zmetine baylani'sli' ko'p g'ana ko'rsetiwler teleekrannan wori'n aldi'.

1989-ji'li' belgili do'retiwshi A.Dabi'lovti'n' 90-ji'lli'q yubileyi Respublika aymag'i'nda ken' tu'rde belgilenip wo'tkerildi. A'lbette, bul do'retiwshi tulg'ani'n' qaraqalpaq a'debiyati'nda tutqan worni' wo'z aldi'na. Sol ji'ldi'n' 4-mart ku'ni qaraqalpaq teleekrani'nda bul tulg'ani'n' yubileyine baylani'sli' wol insan haqqi'nda ko'rsetiw sho'lkemlestirildi. Wonda belgili xali'q shayi'ri'ni'n' do'retiwshilik joli' ha'm a'debiy miyraslari' tuwrali' ken' tu'rde so'z yetildi. Bul ko'rsetiw shayi'r menen birge islesken, ha'mde woni' ustaz dep ta'n alg'an jas shayi'rlar J.Aymurzaev, T.Jumamuratov tani'qli' artistka A.Shamuratovalar qatnasi'p wo'z yeske tu'siriwlerinde xali'q shayi'ri'ni'n' ulli' adamgershiligi, sheberligi, jaslardi' ta'rbiyalawg'a bolg'an g'amxorli'g'i' tuwrali' soday-aq, shayi'rdi'n' adamgershilik joli'ndag'i' talant qi'rlari'ni'n' ta'kirarlanbas wo'zge ka'siplerge iye talant iyesi bolg'anli'g'i'n ayti'p wo'tedi.

Televideniede birinshi postanovka 1965-ji'ldi'n' sentyabr ayi'nda sol waqqi'ttag'i' No'kis televideniesinin' ag'a rejessyori', buri'ng'i' Stonoslavskiy ati'ndag'i' (ha'zirgi ati' Berdaq) Qaraqalpaq Ma'mleketlik teatri'ni'n' belgili aktyori' O'zbekstan ha'm Qaraqalpaqstan xali'q artisti Q.A'bdireyimov ta'repinen tayarlandi'. Wol, «Qaydasi'z menin' Likuliyim» degen pesa yedi. Bunnan son' yekinshi jer ju'zlik uri'si'n sa'wlelendiriwshi postanovkada sol waqqi'tti'g'i' teletamashago'ylerin itibari'n wo'zine tartti'.

Bul ko'rsetiwlerden son' teletamashago'ylerden telepostanovka ha'm sensinirovkalardi' yelede ko'birek beriwdi wo'tinish yetken bir neshe xatlar izli-izinen kelip turdi'. Bul wo'z gezeginde televidenienin' do'retiwshilik ja'maa'tin ruxlandi'ri'p, bunnan bi'layda wolardi'n' do'retiwshiliginde teren' izleniwshen'likke umti'ldi'rar yedi. Soday-aq, bunnan son' teleekran ju'zinde A.Muxtardi'n' «Qaraqalpaq qi'ssasi'», G'.Seytnazarovti'n' «Dawi'llar arasi'nda», T.Qayi'pberegnovti'n' «Mamanbiy a'psanasi'», M.Ni'zanovti'n' «Bag'dar», Yu.Leontichevtin' «Go'r ti'shqanni'n' di'g'i'ri'g'i'» povesti boyi'nsha rejessyor T.Qa'limbetov ta'repinen tayarlang'an «Kewlimdegi ko'lenkeler» telepostanovkalari' sol da'wirdegi turmi's shi'nli'qlari'n ashi'p berip woti'rdi'. Yag'ni'y, ani'g'i'raq qi'li'p aytatug'i'n bolsaq, bul ko'rsetiwler wo'z da'wirinde ja'miyetshiliktin' pikirin bir wortali'qqa ja'mlep, ja'miyetshilikte wo'mirge degen ko'z-qaraslari'n jan'alap bardi'. Keyingi ji'llari' ma'mleketimizde ali'p bari'li'p ati'rg'an ken' ko'lemdegi reformalardi'n' na'tiyjesinde Qaraqalpaqstan telekanali'nda da bir qatar wo'zgerisler ko'zge taslanbaqta.

A'sirese, O'zbekstan Respublikasi'ni'n' Prezidentinin' 2005-ji'lg'i' 8-noyabr sa'nesinde qabi'l yetken «Biyg'a'rez teleradiokanallari'n reformalasti'ri'w ha'm rawajlandi'ri'w ilajlari' haqqi'nda» g'i' pa'rmani' ha'm «Wo'zbekstan Milliy teleradiokompaniyasi'ni'n' jumi'slari'n sho'lkemlestiriw ilajlari' haqqi'nda» g'i' arnawli' qarari'ni'n' qabi'l yetiliwi menen tarawda reformalardi' teren'lestiriwde, teleradiokompaniyani'n' materialli'q texnikali'q bazasi'n bekkemlewde tiykar boli'p xi'zmet yetti.

Qaraqalpaqstan Respublikasi' basshi'lari'ni'n' ha'm hu'kimetinin' belsendiligi menen 2009-2010-ji'llar arali'g'i'nda teleko'rsetiwlerdin' sapasi'n ha'm ko'rkemlik da'rejesin jaqsi'lawg'a yerisildi. No'kis teleorayi'nan Yevrostandart da'rejesine juwap beretug'i'n zamanagoy u'lgidegi jan'a studiya sali'ni'p iske tu'sirildi. Qaraqalpaqstan teleradiokompaniyasi'ni'n' bul jan'a studiya zali'n Germaniya ma'mleketinin' «Simens» kompaniyasi'nan ali'p kelingen jan'a texnologiya ha'm a'spab-u'skeneler menen ta'miyinledi. Soni'n' menen birge telekanaldi'n' jumi'slari'nda strukturali'q wo'zgerisler a'melge

asi’ri’ldi’. 2006-ji’ldi’n’ 14-fevral sa’nesinde «O’zbekstan Milliy teleradiokompaniyasi’ni’n’ territoriyali’q bo’limler xi’zmetin sho’lkemlestiriw is ilajlari’ haqqi’nda» O’zbekstan Respublikasi’ Ministrler kabinetinin’ arnawli’ qarari’ shi’g’ari’ldi’.

**Bap boyi’nsha juwmaq:**

Bu’gingi ku’ni zamanago’y kommunikaciya texnologiyalari’ni’n’ tez pa’t penen rawajlani’wi’ na’tiyjesinde informaciyani’ auditoriyag’a jetkerip beriw bag’dari’nda da bir qatar wo’zgerisler ju’z berdi. Informaciyani’ tez ha’m arzan tarqatatug’i’n kommunikaciya tu’ri Internet payda boldi’. Internet tarmag’i’na bolg’an qi’zi’g’i’wshi’li’q arti’p barmaqta. Internet tarmag’i’ni’n’ xabarlardi’ tez ha’m woperativ jetkerip beriw mu’mkinshiligi bolg’ani’ menen televidenie kibi waqi’yani’ janli’ ha’m isenimli ra’wishte jetkerip beriw mu’mkinshiligine iye yemes.

Bapta biz televidenienin’ bu’gingi ku’ndegi mu’mkinshilikleri menen imkaniyatlari’n, zaman talabi’na say ali’p baratug’i’n funkciyalari’na, wolardi’n’ klassifikaciyalani’wi’na da toqtap wo’ttik. Soni’n’ menen birge Qaraqalpaqstan telekanali’ni’n’ imkaniyatlari’, woni’n’ tariyxi’, ko’rsetiwlerdin’ ta’sirshen’ligi ma’selesine de azi’-kem itibar qarati’p wo’ttik.

Bizin’ pikirimizshe, respublikami’zda televidenieni rawajlandi’ri’w, woni’n’ na’tiyjeliligin artti’ri’w boyi’nsha bir qatar jumi’slardi’ ali’p bari’w maqsetke muwapi’q keledi. Wolardan to’mendegilerden ibarat:

- televideninin’ materialli’q-texnikali’q bazasi’n jaqsi’law, usi’ arqali’ ha’r bir shan’araqqa kirip bari’w;

- auditoriyani’n’ talaplari’na juwap beretug’i’n, ha’r qi’yli’ bag’darlardi’ wo’z ishine qamti’ytug’i’n telekanallar jumi’slari’n yelede jetilistiriw;

- jeke menshik telekanallari’ jumi’slari’n yelede jetilistiriw arqali’ ma’mleketlik telekanallar menen ba’sekilikti rawajlandi’ri’p, tayarlani’p ati’rg’an wo’nimnin’ sapasi’n yele de jaqsi’law;

- janli’ efir, telereportajlardi’n’ sani’n ko’beytiw ha’m wolardi’n’ zamana talabi’na say tayarlani’wi’na itibar beriw.

# II BAP. QARAQALPAQSTAN TELEVIDENIESINDE JA’MIYETTEGI WO’ZGERISLERDI SA’WLELENDIRIWSHI KO’RSETIWLERDIN’ WO’ZINE TA’NLIGI

## 2.1. Ja’miyetlik-siyasiy ko’rsetiwler

Keyingi ji’llari’ Qaraqalpaqstan telekanali’nda da bir qatar wo’zgerisler ju’z bermekte. Bu’gingi ku’ni telekanaldi’n’ efir waqti’ 18 saatqa jetkerildi. Bul wo’z gezeginde ko’rsetiwlerdin’ sapasi’ni’n’ arti’wi’na ja’rdemin tiygizbekte. Telekanalda woperativ jan’ali’qlar «Xabar» bag’darlamasi’ arqali’ efirge uzati’li’p baradi’. «Xabar» bag’darlamasi’ni’n’ efir waqti’ bir ha’ptede 9 saat 30 minutqa jetti, sonnan, 7 saat 10 minuti’ qaraqalpaq tilindegi xabarlar, wo’zbek ha’m wori’s tilindegi xabarlarg’a 1 saat 10 minuttan aji’rati’lg’an. «Xabar» respublikami’zdag’i’ yen’ son’g’i’ jan’ali’qlardi’ woperativ tu’rde jetkerip beretug’i’n janli’ bag’darlamalardi’n’ birinen boli’p tabi’ladi’. A’sirese, ha’tege bir ma’rtebe efirde beriletug’i’n «Ha’ptelik» informaciyali’-analitikali’q bag’darlamani’n’ ta’sirshen’ligi arti’p barmaqta(buri’n 7 kun atamasi’nda efirge uzati’ldi’). Ko’rsetiwdin’ tiykarg’i’ maqseti ha’pte dawami’nda respublikami’z boylap bolg’an jan’ali’qlardi’ ha’r ta’repleme talki’lag’an halda efirge uzati’w boli’p tabi’ladi’. Ko’rsetiwdi da’slepkilerden boli’p U’mitgu’l A’bdijamilova tayarlap barg’an yedi. Atap wo’tiwimiz kerek, jurnalisttin’ tayarlag’an ko’rsetiwlerindegi efirge uzati’lg’an jan’ali’qlar ha’r ta’repleme talqi’lang’an, wo’zgeshe mazmun menen bayi’ti’lg’an halda beriletug’i’n yedi. Bug’an qosi’msha jurnalist jan’ali’qtag’i’ kishkene detallarg’a shekem talki’lap, waqi’yani’ yelede janli’ yetetug’i’n faktlerdi wo’z jurnalistlik ko’z-qarasi’ menen bayi’ti’p baratug’i’n yedi. Lekin atap wo’tiwimiz kerek, «Ha’ptelik» tin’ keyingi ji’llardag’i’ sanlari’nda ha’pte dawami’nda «Xabar» bag’darlamasi’ arqali’ efirge uzatli’g’an xabarlar sol tursi’nda, ta’kirarlang’an halda efir ju’zin ko’retug’i’n boldi’. Bizin’ pikirimizshe, «Ha’ptelik» bag’darlamasi’ basqa anatilikali’q ko’rsetiwler si’yaqli’ waqi’ya haqqi’nda ken’ ko’lemdegi talqi’lawdi’, jurnalist

ko’z-qarasi’ menen berilse maqsetke muwapi’q bolar yedi. Sebebi, aldi’n atap wo’tilgen xabarlar tamashago’ylerdin’ yadi’nda saqlani’p qaldi’. «Ha’ptelik» tin’ wazi’ypasi’ bolsa, qi’sqa xabarda na’zerde shette qalg’an detallar, analizleniwge tuwra keletug’i’n ta’repleri talqi’lani’wi’ lazi’m boladi’.

Jurnalist Dina Allambergenova ta’repinen huqi’qti’ qorg’aw uyi’mlari’ xi’zmetkerleri menen birgelikte tayarlap kiyati’rg’an bir qatar ko’rsetiwleri tamashago’ylerde u’lken qi’zi’g’i’wshi’li’q woyati’p kelmekte. A’sirese, Qaraqalpaqstan Respublikasi’ prokuraturasi’ menen birgelikte tayarlani’p kiyati’rg’an «A’dillik aynasi’» ko’rsetiwi respublikami’zda wori’n ali’p ati’rg’an ji’nayat islerinin’ kelip shi’g’i’w, wolardi’n’ ja’miyetimiz, soni’n’ menen birge adamlardi’n’ sana-sezimine qalay ta’sir yetip ati’rg’ani’ tuwrali’ pikirleri menen toli’qti’ri’li’p bari’ladi’. Ko’rsetiwdin’ «Adasqanlar» temasi’nda efirge uzati’lg’an sani’ xali’q arasi’nda u’lken pikir-talasti’ payda yetti. Bunda tiykari’nan jaman yag’ni’y insanni’n’ tun’g’i’yi’qqa kirip ketiwi na’tiyjesinde wo’z ar-nami’si’n woratag’a qoyi’p denesin sati’p pul tawi’p ju’rgen hayal-qi’zlar ha’m shet yelden bizin’ yelimizge jumi’s islew ushi’n kelgen puqaralardi’n’ a’dep-ikramli’qqa jat keletug’i’n is-ha’reketlerdi islep ju’rgeni haqqi’nda so’z yetiledi. Ko’rsetiw kadrlari’nda so’z alg’an qi’zlardi’n’ iybeliligi, uyat yaki basqa da’stu’rlerge bolg’an hu’rmettin’ joq yekenligi ko’zge taslanadi’. Ko’terilgen problemani’ sheshiw ushi’n jurnalist, ji’nayatta ayi’plani’p ati’rg’an insanlardi’n’ bet-a’lpetin jasi’rmaydi’. A’sirese, qalami’z worayi’ bolg’an 21-kishi rayonda jaylasqan wo’z kvartirasi’nda jaman isler menen shug’i’llani’p ati’rg’an hayallardi’n’ wo’z is-ha’reketlerin qi’zi’ni’n’ ko’z aldi’nda islep kelgenin ne menen aqlawg’a boladi’. Bular kamera aldi’nda da uyalmay, sorawlarg’a juwap beriwge ha’reket yetken. Bizin’ pikirimizshe, ha’r ki’yli’ shet yel kompaniyalari’ menen birge yelimizge uyatsi’zli’q ha’m basqada jaman illetlerdin’ kirip kelip ati’rg’ani’ ashi’narli’ qubi’li’s. Jurnalisttin’ usi’ ma’sele a’tirapi’nda huqi’q qorg’aw uyi’mlari’ menen birgelikte ko’rsetiw tayarlap, efirge ali’p shi’qqan a’hmiyetli boli’p tabi’ladi’. Sebebi, bul qubi’li’slar ashi’q-aydi’n ayti’lmasa, keleshekte bunnan da jaman illetlerdin’ respublikami’zg’a kirip keliwine tiykar jarati’li’wi’ mu’mkin.

Ayi'na bir ma'rtebe efirge uzati'latug'i'n «Avtopatrul» ko'rsetiwinde de ja'miyetimizde boli'p ati'rg'an mashqalalar ha'r ta'repleme analizlengen halda tamashago'yler na'zerine usi'ni'li'p kelinbekte. «Avtopatrul» ko'rsetiwi de huqi'q qorg'aw uyi'mi' bolg'an ma'mleketlik avtomobil inspekciyasi' xi'zmetkerleri menen birgelikte tayarlani'p kelinbekte.

2015-ji'l may ayi'nda berilgen sani'nda avtomobil aydawshi'lari' ta'repinen jol qoyi'li'p ati'rg'an qag'i'yda buzi'wchi'li'q halatlari' inspekciya xi'zmetkerlerinin' yesabatlari' menen waqi'ya worni'nan su'wretke ali'ng'an ko'rinisler menen toli'qti'ri'ladi'. A'sirese, kebir awi'l aymag'i'nda ju'z bergen ha'diyse aqi'betinde paytaxti'mi'zdag'i' 18-sanli' mektepte bilim alatug'i'n woqi'wshi'lardi'n' nabi't bolg'anli'g'i' boyi'nsha waqi'ya haqqi'nda so'z yetiledi. Bul ku'ni avtomobil aydawshi'si' ma's hali'nda mashinasi'n basqarg'an ha'm ha'diyse bolg'an wori'nda ne islegenin bilmegen. Ko'rsetiwde 18-sanli' mekteptin' mug'allimleri menen mekteptin' ruwxi'yli'q ha'm ag'arti'wshi'li'q isleri boyi'nsha direktor wori'nbasari' wo'z woqi'wshi'lari'ni'n' minez-qulki'na, mekteptegi u'lgeriwine ayri'qsha toqtap wo'tti. Soni'n' menen birge ko'rsetiwde Xojeli-No'kis joli'nda jen'il avtomobil menen ju'k mashinasi'ni'n' soqli'g'i'si'wi' na'tiyjesinde insanlar nabi't boladi'. Bul ha'diyse de inspektorlar ta'repinen u'yrenilgende neksiya aydawshi'si' tezlikti ha'dden ti's joqari'lati'p qarama-qarsi' ta'repke wo'tip ketkenligi ani'qlang'an. Respublikami'zda keyingi waqi'tlari' boli'p ati'rg'an jol-transport ha'diyselerinin' kelip shi'g'i'wi' aqi'betlerin ma'mleketlik avtomobil transporti' inspekciyasi' xi'zmetkerleri talqi'lap belgili bir pikirlerin keltirip wo'tedi.

Ayi'na bir ma'rtebe efirge uzati'latug'i'n «Jurti'm jamali'» ko'rsetiwinde respublikami'zda socialli'q-ekonomikali'q salasi'nda ali'p bari'li'p ati'rg'an reformalar menen jan'alani'wlar haqqi'nda so'z yetiledi. Ko'rsetiwdin' bi'yi'lg'i' ji'lg'i' sanlari'nda respublikami'zdi'n' quri'li's maydanlari'nda ju'z berip ati'rg'an jan'a quri'li'slar haqqi'nda so'z yetilgen yedi. A'sirese, paytaxti'mi'zda wortasi'nan ag'i'p wo'tip turg'an «Dosli'q» kanali' boyi'nda ali'p bari'li'p ati'rg'an quri'li's ha'm abadanlati'ri'w jumi'slari' haqqi'nda so'z yetiledi. Soni'n'

menen birge puqaralardi'n' turaq jayg'a bolg'an talaplari'na qanaatlandi'ri'w maqsetinde paytaxti'mi'zdag'i' «Qaraqalpaqstan», «P.Seytov» ha'm basqada ko'shelerinde jan'a biyik imaratlar boy ko'termekte. Ko'rsetiwde usi' quri'li'slardan reportajlar tayarlani'p bari'ladi'.

Keyingi ji'llari' puqaralardi'n', ja'miyettie ushi'rasi'p ati'rg'an mashqalalardi' sheshiw, puqaralar menen basqari'w worganlari' arasi'nda baylani'sti' wornati'w maqsetinde Qaraqalpaqstan telekanali'nda bir qatar ko'rsetiwler tayarlani'p kelinbekte. Bul ko'rsetiwler tiykari'nan «Ja'miyetlik siyasiy ha'm social-ekonomikali'q ko'rsetiwler bas redakciyasi'» ta'repinen tayarlani'p kelinbekte. «Puqaralardi'n' mu'rajatlari' haqqi'nda» Wo'zbekistan Respublikasi' Ni'zami'na muwapi'q puqaralar g'alaba xabar qurallari' arqali' da mu'ra'jat yetiwi mu'mkin. Wolar usi'ni's, tilek, arza yaki shag'i'm formasi'nda boli'wi' mu'mkin. Keyingi waqi'tlari' puqaralari'mi'zdi'n' g'alaba xabar qurallari' arqali' tuwri'dan-tuwri' mu'ra'jatlari'n qanaatlandi'ri'w maqsetinde bir qatar ko'rsetiwler tayarlani'p kelinbekte. Mine usi' maqsette, 2008-ji'ldan baslap «Ashi'qtan-ashi'q» tuwri'dan-tuwri' efirge uzati'latug'i'n ko'rsetiw, 2009-ji'ldan baslap bolsa «Mu'na'sibet» ko'rsetiwleri efirge uzati'la basladi'.

A'sirese, «Ashi'qtan-ashi'q» ko'rsetiwi tamashago'ylerde u'lken qi'zi'g'i'wshi'li'q woyati'p kiyati'rg'an ko'rsetiwlerdin' birinen boli'p tabi'ladi'. Sebebi, ko'rsetiwge Respublika hu'kimeti basshi'lari', Ministrlik basshi'lari', rayon ha'kimleri, tiyisli taraw basshi'lari' qatnasadi' ha'm tikkeley efir arqali' puqaralardan kelip tu'sken soraw ha'm usi'ni'slarg'a juwap beriledi (xat yaki telefon baylani'si' arqali'). Puqaralardi'n' usi'ni'slari' studiyani'n' wo'zinde u'yreniledi, woni'n' sheshiliw jollari' qarasti'ri'ladi'.

Atap wo'tetug'i'n bolsaq, 2010-ji'li', 19-woktyabr ku'ni ko'rsetiwge Kegeyli rayoni' ha'kimiyati', ma'kan puqaralar ji'yi'ni' basli'qlari', medicina, bilimlendiriw, elektr energiyasi', gaz basqarmasi', sali'q, ishki isler bo'limi basli'qlari', juwapker xi'zmetkerler qatnasqan. Ko'rsetiwdi jurnalist Marat Tawmuratov ali'p barg'an. Bul ko'rsetiwlerde baslawshi'ni'n' salmag'i', sorawlardi' tuji'ri'mli' yetip jetkeriwi de a'hmiyetli boli'p tabi'ladi'. Ko'rsetiw

bi'lay baslandi': «Assalawma aleykum, na'wbettegi «Ashi'qtan-ashi'q» ko'rsetiwin baslaymi'z. O'zbekistan Respublikasi' Prezidentinin' «Respublikami'zda ekonomika tarmaqlari'n 2010-2011-ji'l gu'zgi, qi'sqi' ma'wsimde turaqli' islewge tayarlawdi' ta'minlew ilajlari' haqqi'ndag'i'» 2010-ji'l 16-iyundag'i' qarari' negizinde ekonomikali'q ko'rsetkishlerge baylani'sli' qabi'l yetilgen Prezident pa'rmani', qararlari' ha'm biylikleri, Ministrler Kabinetinin' qararlari' menen belgilengen wazi'ypalar wori'nlarda a'melge asi'ri'lmaqta. Ko'rsetiwge Kegeyli rayoni'ni'n' ha'kimi Polatbay Imatov, ha'kim wori'nbasarlari', rayonni'n' ka'rxana, sho'lkem, ma'keme, awi'l puqaralar ji'yi'nlari' basshi'lari' ha'm basqada ka'rxana ha'm sho'lkemlerdin' basshi'lari' qatnasi'p woti'r. Biz tikkeley efirdemiz. Wo'zlerin'izdi usi' bag'darda qi'zi'qti'rg'an sorawlar, tilek ha'm wo'tinishler bolsa studiyami'zg'a wornati'lg'an 223-02-25, 223-75-76, 223-06-41 telefon nomerlerine qon'i'raw yetiwin'izge boladi'. – Polatbay Bazarbaevich, rayonda «Ba'rkamal a'wlad ji'li'» na baylani'sli' qabi'l yetilgen ma'mleketlik bag'darlama negizinde ali'p bari'li'p ati'rg'an jumi'slar menen da'slep tani'sti'ri'p wo'tsen'iz. Sonnan son', biz studiyami'zg'a kelip tu'sken sorawlarg'a juwap berip ko'rsetiwimizdi dawam yettiremiz. Rayon ha'kiminin' bayanati' 10 minut dawam yetedi. Woni'n' mazmuni' to'mendegishe: - Rayoni'mi'zda 2010-ji'l qabi'l yetilgen «Ba'rkamal a'wlad ji'li'» ma'mleketlik bag'darlamasi' negizinde ko'lemli jumi'slar ali'p bari'lmaqta. A'sirese, xali'qti'n' ba'ntligin ta'minlew, jaslardi' jumi'sqa wornatalasti'ri'w, xali'qqa sapali' medicinali'q, ma'deniy turmi'sli'q xi'zmetler ko'rsetiw, ali's awi'llarda elektr energiyasi', tabiyiy gaz ha'm taza ishimlik suwi' menen ta'minlew a'melge asi'ri'lmaqta. Jan'a jumi's wori'nlari'n sho'lkemlestiriw boyi'nsha jeke menshik ka'rxanalari', fermer xojali'qlari' ko'plep sho'lkemlestirilip ati'r. Rayoni'mi'zdi'n' ma'rt diyqanlari' yel telegine belgilengen sha'rtnamadag'i' g'a'lle wo'nimlerin jetkerip berdi. Bir katar to'men rentabelli, jumi'si'n toqtatqan ka'rxanalar qaytadan ashi'li'p, qolg'a ali'ni'p ati'r. Aldag'i' waqi'tlari' bul jumi'slardi' yele de dawam yettiremiz. Bul demek,

respublikami’zdi’n’ ha’r ta’repleme gu’llep-rawajlani’wi’na qosqan u’lesimiz boladi’».

Bizin’ pikirimizshe, bayanat ju’da’ sozi’li’p ketken. Sebebi, rayondag’i’ boli’p ati’rg’an wo’zgerisler menen jan’alani’wlar menen 3 minut dawami’nda da tani’si’ti’ri’wg’a boladi’. Bunnan ti’sqari’ «Ba’rkamal a’wlad ji’li’» milliy bag’darlamasi’ haqqi’nda rayon ha’kim hesh na’rse aytpadi’. Jetiskenliklerdi cifrlar menen ten’ewdin’ worni’na qi’zi’l so’zden ko’birek paydalani’lg’an. A’lbette bunday bayanatlar zerigerli, tamashago’ylerdi televizor aldi’nan ji’raqlani’tp ali’w mu’mkin. Soni’n’ menen birge puqaralar ta’repinen ko’plep soraw kelip tu’sedi, lekin ha’kim bayanati’ni’n’ sozi’li’p ketkenligi ha’m studiyag’a wornati’lg’an telefonlar barli’q waqi’tta ba’nt boli’p turg’ani’n yesapqa alatug’i’n bolsaq, bul da ko’rsetiwdin’ ta’sirshen’ boli’wi’na keri ta’sirin tiygizedi.

Ko’rsetiwge ja’ne itibari’n’i’zdi’ karatami’z: «Biz tikkeley efirdemiz. Wo’zlerin’izdi usi’ bag’darda sorawlar tilekler, wo’tinishler bolsa, studiyag’a wornati’lg’an (223-02-25, 223-75-76, 223-06-41) telefonlari’na qon’i’raw yetiwin’izge boladi’».

2010-ji’ldi’n’ 12-oktyabr sa’nesinde Moynaq rayoni’ ha’kimiyati’ basshi’lari’ menen wo’tkerilgen «Ashi’qtan-ashi’q» ko’rsetiwde bir qatar qi’zi’qli’ sorawlar menen puqaralar mu’ra’jat yetedi:

«- Soraw: - Shege awi’li’nda ha’r ji’li’ gaz basi’mi’ wog’ada pa’s boladi’. Usi’ jo’nlewdin’ ilaji’ joq pa?

- Soraw: - Rayondag’i’ 6-sanli’ mekteptin’ ja’ma’a’tinen:

- Bizin’ mektebimiz worayli’q i’ssi’li’q ka’rxanasi’nan paydalanadi’. Tilekke qarsi’, ki’s ku’nleri klass bo’lmelerimiz wog’ada salki’n. Woqi’wshi’lar yemin-yerkin woti’ra almaydi’. Usi’ni’ jo’nlewdin’ ilaji’ joq pa yeken?

- Bizin’ balalari’mi’z ushi’n mektepke qatnaytug’i’n jol joq. Mektepke avtomashinalar qatnaytug’i’n u’lken jol arqali’ baradi’. Usi’ jerden balalardi’n’ mektepke bari’wi’ ushi’n qa’wipsiz, tratuar sali’p beriwin wo’tinish yetemiz.

Atap wo’tilgen sorawlarg’a rayon ha’kimi tuji’ri’mli’ juwap beriwge ha’reket yetken.

Bizin' pikirimizshe, ashi'qtan-ashi'q so'ylesiwdin' formati'n qayta ko'rip shi'g'i'w za'ru'r. Baslawshi' jurnalist studiyag'an mirat yetilgen basshi' adamnan qorqpastan kontr sorawlardi' berip bari'wi' kerek. Geyde tamashago'yler ta'repinen berilgen sorawlarg'a da qatnasi'wshi'lar ta'repinen tuji'ji'ri'mli' juwap berilmey, usi' payi'tta jurnalist jag'daydi' wo'z basqari'wi'na ali'p sorawdi' yelede jetilistirip, ko'terilgen ma'selenin' sheshimin tabi'wg'a ja'rdemlesiw kerek. Studiyag'a kelip tu'sken sorawlarg'a iladi' bolg'ani'nsha tez ha'm ani'q juwap beriliwi kerek. Bolmasa, ashi'qtan-ashi'q so'ylesiwdin' mazmuni' da, ta'sirshen'ligi to'menleydi. Bul wo'z gezeginde tamashago'ylerdin' ko'rsetiwge bolg'an qi'zi'g'i'wshi'li'g'i' to'menleydi. Bunnan ti'sqari' efir waqi'ti'n da qo'rip shi'g'i'w kerek.

Haqi'yqattan da g'alaba xabar qurallari' xali'qti'n' ma'pi, wolardi'n' keleshegin belgilep beretug'i'n ideologiyali'q bag'dar tiykari'nda jumi's ali'p bari'wi' kerek. Puqaralardi'n' so'z yerkinligi, wo'z pikirin g'alaba xabar qurallari' arqali' yemin-yerkin jetkerip bere ali'w huqi'qi' aji'ralmas huki'qi' yesaplanadi'. Ma'selen, Brayn Makneyr bul haqqi'nda bi'laysha pikir bildiredi: «G'alaba xabar qurallari' xali'qti'n' pikir ha'm ko'z-qaraslari' ushi'n ashi'q boli'wi' kerek.[1]»

Ma'mleketimiz prezidenti Islam Karimovta ja'miyette demokratiyali'q processlerdin' yen jayi'wi'nda g'alaba xabar qurallari'ni'n' worni' ayri'qsha yekenligin atap wo'tken yedi: «Ma'mleketimidegi ja'miyetlik-siyasiy turaqli'li'q ja'miyetshilik pikirninn' jag'dayi'na jeterli da'rejede baylani'sli' boli'p, woni' qa'liplestiriwde basqa bir ja'miyetlik institutqa – g'alaba xabar qurallari'na ayi'ri'qsha wori'n beriledi. Bu'gingi ku'nde O'zbekstanni'n' g'alaba xabar qurallari' xi'zmetin tu'pten reformalaw za'ru'rligi barg'an sayi'n ayan bolmaqta. Sebebi teren' wo'zgerisler, ma'mleket siyasiy, ekonomikali'q turmi'si'n demokratiyalasti'ri'w processinde g'alaba xabar qurallari'ni'n' xi'zmeti talapqa juwap bermey ati'r.

[1]McNair, Glasnost, Perestroika and the Soviet Media, 24.

G’alaba xabar qurallari’n haqi’qi’y «to’rtinshi ha’kimiyat» qa aylandi’ri’w processi ha’mme wori’nda da bir qansha qi’yi’n keshpekte. Yeskishe pikir ju’ritiw wo’z ta’sirin ko’rsetpekte. Yeski sarqi’tlardan quti’li’w bolsa du’nyaqaraslar, psixologiyalar, tu’rli shag’i’mlar wortasi’ndag’i’ ko’zge taslanbaytug’i’n, lekin din’keni quri’tatug’i’n gu’res penen birge barmaqta. Turmi’sti’n’ wo’zi a’ne usi’ du’nyaqaraslar, psixologiyalar, shag’i’mlar arasi’nan wo’tiwge ma’jbu’r qi’lmaqta. Haqi’yqattan da respublikadag’i’ jan’a ja’miyetlik-siyasiy ha’m ekonomikali’q sha’rt-sharayatlar g’alaba xabar qurallari’ aldi’na pu’iklley jan’a, usi’ payi’tqa shekem tani’s yemes bolg’an wazi’ypalardi’ qoymaqta»[1] .

Soni’n’ menen birge interaktiv jurnalistika elementlerin wo’zinde ja’mlegen ko’rsetiwdin’ ta’sirshen’lik ku’shi joqari’ boladi’. Sebebi, bul ko’rsetiwlerde boyaw yaki montajlaw processleri bolmaydi’.

Tiykari’nan interaktiv jurnalistika negizinde bati’s filosofiya ha’m sociologiyasi’ qurami’ndag’i’ interakcionizm bag’dari’ turadi’. Tap usi’ socialli’q interakciya: «…jeke individ, topar, socialli’q sistemalar, ja’miyetlerdin’ wo’z-ara tasir yetiw processleri yesaplanadi’»[2]. Bul bag’dardi’n’ tiykarg’i’ maqseti- socialli’q wo’z-ara baylani’sli’li’qti’n’ tiykarg’i’ ta’replerine itibar beriw, wolardi’n’ a’hmiyetliligin ta’n ali’w ha’m wolardi’ analiz yetiwden ibarat yesaplanadi’.

Respublikami’zda ha’r tu’rli millet wa’killeri ti’ni’sh ha’m tati’wli’qta jasap kelmekte. Yelimizdi wo’z watani’ si’pati’nda ko’rip woni’n’ keleshegi ha’m bu’gini ushi’n xi’zmet yetip ati’rg’an zamanlaslari’mi’z ko’plep tabi’ladi’. Qaraqalpaqstan telekanali’ni’n’ «O’zbekistan uli’wma u’yimiz» atamasi’ndag’i’ ko’rsetiwi mine usi’ insanlardi’n’ wo’miri, wolardi’n’ yelimiz ushi’n ushi’n islegen miynetleri menen jergilikli xali’q penen tati’w jasap ati’rg’anli’g’i’ mi’sallar menen keltirilip wo’tiledi.

---

[1] Karimov I.A. O’zbekiston XX1 asr bo’sag’asida: xavfsizlikkka tahdid, barqarorolik shartlari va taraqqiyot kafolatlari. T.: O’zbekiston. –B. 145-146.

[2] Sociologicheskiy enciklopedicheskiy slovar. M.,1998 s.226

Bul ko'rsetiw yelimizde jasap ati'rg'an basqa millet wa'killerine bolg'an hu'rmetti artti'radi', xali'qlar arasi'ndag'i' si'ylasi'qti' ja'ne de bekkemlewge wo'z ja'rdemin tiygizedi.

«Bizde sonday ga'pler…» ko'rsetiwi de tok-shou formasi'nda tayarlanatug'i'n ko'rsetiwlerdin' birinen boli'p tabi'ladi'. Ko'rsetiwde ma'mleketimiz keleshegi shi'n xi'zmet yetip kelgen belgili insanlar qatnasadi'. Ko'rsetiwdin' qi'zi'q ta'repi, wonda tan'lang'an qaharman haqqi'nda da'slep woni'n' jaqi'nlari' menen ka'siplesleri pikirlerin bildirip wo'tedi. Keyin bolsa, shan'araq yaki basqa wori'ndag'i' jeke pikirleri tamashago'yler na'zerine usi'ni'ladi'. Bunnan son' bolsa qaharman studiyag'a mirat yetiledi ha'm jurnalist ta'repinen aldi'n ala tayarlang'an sorawlar beriledi. Ko'rsetiwde bir qatar belgili insanlar, jazi'wshi' A'.Atajanov, ilimpaz Q.Ja'rimbetov, psixolog J.Da'nebaev ha'm basqalar miyman boldi'. Tiykari'nan ko'rsetiwde qaharmanni'n' kelbetin ashi'p beriw ushi'n ku'ndelikli sorawlardan qashqan halda filolosofiyali'q ha'm wo'mirge jaqi'n bolg'an sorawlar beriledi.

Ayi'na bir ma'rtebe efir ju'zin ko'retug'i'n «Qa'diriyat» atamasi'ndag'i' ko'rsetiwde de respublikami'zda wo'z miyneti, pida'kerligi menen ko'zge tu'sip kiyati'rg'an insan wo'sip kiyati'rg'an jas a'wladqa wo'z miynet joli', jasi' u'lkenge hu'rmet-izzet ko'rsetiw, insani'yli'q qa'diriyatlar menen milliy qa'diryatlari'mi'zdi' keleshek a'wladqa jetkerip bari'w kerekligi haqqi'n pikirlerin berip wo'tedi.

Yeger qa'diryat tu'sinigine itibar qaratatug'i'n bolsaq, O'zbekistanda da'slepkilerden boli'p J.Tulenov bul tu'sinikke ani'qlama beriwge ha'reket yetken yedi. Woni'n' pikirinshe: «Qa'diryatlar – waqi'yadag'i' belgili bir ha'diyselerdin' insanni'n', socialli'q ha'm ma'deniy a'hmiyetin ko'rsetip beriw ushi'n qollani'latug'i'n tu'sinik boli'p, insan ha'm insaniyat ushi'n a'hmiyetli bolg'an, milletler, yelatlar ha'm socialli'q toparlar ma'pleri ha'm maqsetleri joli'nda xi'zmet yetetug'i'n yerkinlik, socialli'q a'dillik, ti'ni'shli'q, haqi'qat, ag'arti'wshi'li'q, go'zalli'q, jaqsi'li'q, hadalli'q kibi sezimlerdin' birligin ko'rsetip

beredi.[1]» Wori's filosofi' A.Zdravomi'slov ta qa'diriyatlardi' insan sezimleri menen baylani'sti'ri'p tu'sindiriwge ha'reket yetedi: «Qa'diriyatlar insanni'n' ruwxi'y umti'li'slari'ndag'i' belgiler, a'dep-ikramli'q mazmun kibi mu'na'sibetlerdin' birliginen ibarat boli'p tabi'ladi'.[2]»

Tuwri' televidenienin' tiykarg'i' funkciyalari'ni'n' biri de xali'qti'n' sana-sezimin ruwxi'y jaqtan bayi'ti'p bari'w, bul wazi'ypa bir ta'repten wolardi'n' sana-sezimine milliy ha'm uli'wma insani'yli'q qa'diriyatlardi' sin'dirip bari'w menen de a'melge asi'ri'ladi'. Qa'diryatlar ja'rdeminde kishkene tamashago'ylerde watang'a, ata-anag'a, tuwg'an-tuwi'sqanlari'na bolg'an muhabbat qa'liplesetug'i'n bolsa, al u'lken jastag'i'larda ha'r bir wo'tken ku'nnin' a'hmiyetin, wo'zinin' ha'r bir islegen miynetinin' watan keleshegi ushi'n qanday a'hmiyetli yekenin ug'i'ni'wi'na wo'z ko'megin tiygizedi. Sol ushi'nda milliy ha'm uli'wma insani'yli'q qa'diriyatlar teleko'rsetiwlerdin' ja'rdeminde insan sana sezimine tez sin'edi ha'm a'tirapta boli'p ati'rg'an ha'diyselerge wo'z ko'z-qarasi' jeke pikiri qa'liplesedi. Demek, insanda jeke pikir qa'liplesse, ma'mlekettin' bayli'g'i', woni'n' keleshegin belgilep beriwshi qa'nigelerdin' ko'beyip ati'rg'anli'g'i'nan da'rek beredi.

Bizin' pikirimizshe teleko'rsetiwlerde interaktivlikke, ja'miyettin' barli'q qatlami'ni'n' problemalari'n bir tegis qozg'aytug'i'n analitikali'q ko'rsetiwlerdi tayarlap bari'w zamanni'n' wo'zi talap yetpekte. Sebebi, bu'gingi zamanago'y texnologiyalar rawajlang'an da'wirde informaciyani' ani'q ha'm ha'r ta'repleme talqi'lang'an halda jetkerip beriw wazi'ypasi' yen' aktual ma'selelerdin' birinen yesaplanbaqta.

---

[1] Yusupov E., Tulenov J., G'ofurov Z. Milliy masalalarga doir falsafiy suhbatlar. – T.: Fan, 1991. – B. 26.
[2] Zdravomi'slov A.G. Potrebnosti. Interesi'. Cennosti. – M.: Politizdat, 1986. – S. 160.

## 2.2. Awi'l xojali'q, ekologiyali'q, sport tarawi'na arnalg'an ko'rsetiwler

Du'nya ju'zinde global mashqalalar qatari'nda ekologiyali'q mashqalalar da ayri'qsha atap wo'tilmekte. Sebebi insan civilizaciyasi'ni'n' basqi'shpa-basqash rawajlani'wi' da'wirinde insan wo'z iskerligi menen ta'biyatqa, qorshag'an a'tirapqa wo'zinin' unamsi'z ta'sirin tiygizip kelmekte. Regioni'mi'zda Aral mashkalasi'ni'n' payda boli'wi' da insanni'n', a'sirese buri'ng'i' awqam da'wirinde paxta namenklaturasi'ni'n' u'stemligi na'tiyjesinde ten'izimizdi suw menen ta'minlep turg'an yeki da'ryami'z suwi'ni'n' azayi'wi'na, bul na'rse ten'izdin' quri'p bari'wi'na sebep bolmaqta. Usi' ko'z-qarastan ali'p qaraytug'i'n bolsaq, yelimiz basqa yellerge qarag'anda ekologiyali'q mashqalalardi' unamli' sheshiw boyi'nsha da jumi'slar ken' tu'rde qolg'a aldi'. Yelimiz prezidenti baslamasi' menen du'nya ju'zilik Araldi' qutqari'w qori' du'zildi, wo'tken ji'li' bolsa, birlesken milletler sho'lkeminin' basli'g'i' Pan Gi Mun respublikami'zda boli'p ekologiyali'q apatti'n' ta'sirin wo'z ko'zi menen ko'rdi.

Mine, ekologiyali'q mashqalalardi' xali'qqa qali's sa'wlelendirip, tu'sindirip bari'wda g'alaba xabar qurallari'ni'n' roli ayri'qsha. Soni'n' menen birge baspaso'zde bolsa, belgili jurnalist Wo'mirbay Wo'tewliev janli' ta'biyatti'n' shaydasi' si'pati'nda joq boli'p barati'rg'an quslar menen haywanlardi'n' ta'biyattag'i' ten' salmaqli'li'qti' saqlap turi'wdag'i' a'hmiyetin a'piwayi' jergilikli xali'qti'n' baqlawlari', serlewleri menen birge jurnalistlik ko'z-qaras penen gazeta betlerinde sa'wlelendirip barmaqta.

Yeger turaqli' rawajlani'w tu'sinigine azi'-kem toqtali'p wo'tetug'i'n bolsaq, ta'biyatqa zi'yansi'z texnologiyalar ja'rdeminde insan ushi'n za'ru'r bolg'an ta'biyiiy resurslardi' islep shi'g'ari'wdi' tu'siniwimizge boladi'. Ma'selen, ha'zirgi waqi'tta Chveciya ma'mleketi birinshilerden boli'p insan iskerligi na'tiyjesinde payda bolg'an shi'g'i'ndi'lardi'n' 99 procentin qayta islew texnologiyalari'n yengizip, ma'mlekette ekologiyali'q halati'n biraz jaqsi'lawg'a ha'reket yetken. Soni'n' menen birge, quyash energiyasi', samaldan energiya ali'w

texnologiyalari'ni'n' yengiziliwi de insaniyatti'n' ekologiyag'a bolg'an ko'z-qarasi'ni'n' tu'p-tiykari'nan wo'zgerip ati'rg'ani'nan da'rek beredi.

Mine usi' alternativ energiya ali'w texnologiyalari'ni'n' insan wo'mirine paydasi'n tu'sindiriwde g'alaba xabar qurallari'ni'n' roli ayri'qsha. Sebebi, usi' texnologiyalardi'n' ta'biyatqa, qorshag'an wortali'qqa paydali' yekenligi menen birge insanni'n' da'stu'riy energiyani' paydalani'wg'a sari'planatug'i'n qarji'g'a sali'sti'rg'anda biraq az jumsalatug'i'ni' tu'sindirilip bari'lsa, bul texnologiyalarg'a bolg'an qi'zi'g'i'wshi'li'q artadi'.

Atap wo'tkenimizdey insanda wo'zin qorshap turg'an ta'biyatqa bolg'an mehrin woyati'w, janli' ta'biyat penen qatnasi'n jetilistirip bari'wda g'alaba xabar qurallari'ni'n' worni' ayri'qsha. A'sirese, televidenie arqali' berilgen ha'r qanday ko'rsetiw insanda ashi'ni'w, waqi'yag'a bolg'an jeke ko'z-qarasti' payda yetiwde a'hmiyetli boli'p tabi'ladi'.

Keyingi ji'llari' respublikami'zda Aral apatshi'li'g'i' saldari'nan xalqi'mi'z biraz azar ko'rdi, qorshag'an ta'biyatta da wo'zgerisler payda boldi', usi' payi'tta ekologiya, jerlerdin' degradaciyag'a ushi'rawi' usag'an terminler payda boldi', ha'tte ta'biyatti' qorg'aw boyi'nsha ma'mleketlik komitet te wo'z jumi'si'n ali'p bara basladi'. Qaraqalpaqstan telekanali'nda da usi' ma'selege baylani'sli' ko'rsetiwler ekran ju'zin ko're basladi'. A'sirese, jurnalist Ka'rimbay Da'wletmuratov ta'repinen tayarlani'p kiyati'rg'an ko'rsetiwler wo'zinin' mazmunli'li'g'i', teren' woy-pikirlerge quri'lg'anli'g'i' menen wo'zgeshelenip turadi'. «U'lkemiz ta'biyati'» atamasi'nda ayi'na yeki ma'rtebe 20 minut ko'leminde efirge uzati'latug'i'n ko'rsetiw, ma'mleketlik ta'biyatti' qorg'aw komiteti xi'zmetkereri menen birgelikte tayarlani'p bari'ladi'. Yeger bi'yi'lg'i' ji'lg'i' ko'rsetiwlerge na'zer taslaytug'i'n bolsaq, ko'rsetiwdin' do'retiwshilik topari' respublikami'zdi'n' bir qatar aymaqlari'nda sapari'nda boldi'. Atap wo'tetug'i'n bolsaq, Yellikqala rayoni'nan tayarlang'an ko'rsetiwde tiykari'nan Yellikqala rayoni' tog'ay xojali'g'i' jumi'lari' haqqi'nda so'z yetildi. A'sirese, Yellikqala tog'ay xojali'g'i' respublikami'zda aldi'n'g'i'lardan boli'p miywe ha'm dekorativ tereklerdin' na'llerin jetistiretug'i'n pitomniktin' iske tu'sirgen yedi, usi'

ko'rsetiwde pitomnikte bu'gingi ku'ni respublikami'zg'a si'rttan ali'p kelinip bizin' sharayati'mi'zg'a beyimlestirilip ati'rg'an tereklerdin' wo'sip-wo'nip ati'rg'ani' haqqi'nda so'z baradi'. Soni'n' menen birge ko'rsetiw do'retiwshilik topari' ag'zalari' Qon'i'rat rayoni'nan biraz qashi'qli'qta jaylasqan Sorko'l yelati'nda boy ko'terip ati'rg'an O'zbekistan ha'm Qubla Koreya respublikasi' birgeliktegi gaz-ximiya kompleksi quri'li'si'nda saparda boladi'. Ko'rsetiw bari'si'nda Qon'i'rat Aqsholaq poselkasi'na ali'p baratug'i'n joldi'n' yeki boyi'na yegilip ati'rg'an tereklerdin' woti'rg'i'zi'li'w bari'si', wolardi'n' tuti'p ketiwi mu'mkinshilikleri qa'nigelerdin' pikirleri ja'rdeminde talqi'lanadi'. Bunnan ti'sqari' kompleks a'tirapi'na U'stirt tegisliginen ushi'p kiyati'rg'an duzli' qumlardi' irkiw ushi'n qanday terekler yegiw imkaniyati' bar ha'm qaysi' na'llerdin' tuti'p ketiw itimalli'g'i' joqari' yekenligi tuwrali' da qa'nigelerdin' pikirin ti'n'laydi'.

Ko'rsetiwde ha'r qi'yli' tematika, qalami'z a'tirapi'nda qi's aylari'nda ji'n'g'i'l ha'm seksewillerdin' kesip ali'ni'p ati'rg'ani', baday tog'ay ta'biyiy rezervati'nda haywanatlardi'n' sani'n ko'beytiw, barlari'n saqlap qali'w boyi'nsha islenip ati'rg'an jumi'slarg'a u'lken itibar qaratqani' di'qqatqa i'layi'q boli'p tabi'ladi'.

Lekin, ta'n ali'wi'mi'z kerek, bu'gingi insanni'n' ta'biyatqa bolg'an jabayi' qatnasi' na'tiyjesinde du'nya ju'zinde global mashqalalar payda boli'p ati'rg'ani' hesh kimge si'r yemes. A'sirese, jer ju'zinde ta'biy resurslar bolg'an gaz, neft ha'm basqalardi'n' kemeyip barati'rg'ani' sebebinen insan wo'z turmi's mu'ta'jligi ushi'n za'ru'r bolg'an energiyalardi' alternativ tu'rde, yag'ni'y zi'yansi'z tu'rde ta'biyattan ali'w imkaniyati'n qarasti'ri'p, woni' wo'z ta'jiriybesinde qollani'p kelmekte. Alternativ energiya si'pati'nda biogaz, quyash energiyasi', samal energiyasi' ha'm basqalardi' na'zerde tuti'wi'mi'z kerek. Bizin' aymag'i'mi'zdag'i' jerlerdin' meliorativ awhali' ju'da' to'men, jerlerdin' degradaciyag'a ushi'rayai' joqari'. Mine usi' mashqalalardi'n' aldi'n ali'w, alternativ energiyadan, suwdi' u'nemlewshi texnologiyalardan paydalani'w boyi'nsha qanday jumi'slar islenip ati'r, yaki bolmasa usi' jumi'slardi' a'melge

asi’ri’w ushi’n qanday praktikali’q tosqi’nli’q bar. Mine usi’lar haqqi’nda da ko’rsetiwde ayti’p wo’tkende puqaralari’mi’zdi’n’ alternativ energiya, turaqli’ rawajlani’w ne yekenligin tu’sinip alg’an bolar yedi.

Bizin’ pikirimizshe xali’qti’n’ ekologiyali’q sawatli’li’g’i’n jetilistiriw uchi’n g’alaba xabar kurallari’nda bir qatar tematikalar wo’z sa’wleleniwin tappay kiyati’r. Bizin’ pikirimizshe wol to’mendegiden ibarat:

1. Ekologiya ha’m insan salamatli’g’i’
2. Hawani’n’ pataslani’wi’,
3. Shi’g’i’ndi’lardi’ qayta islew mashqalalari’
4. Ekologiyali’q bilim beriw
5. Ekologiyali’q huqi’q
6. Turaqli’ rawajlani’w temasi’.

Qaraqalpaqstan telekanali’nda yelimiz ekonomikasi’ni’n’ tiykarg’i’ bag’dari’ awi’l xojali’g’i’na tiykarlang’anli’g’i’ sebebinen awi’l xojali’g’i’ tematikasi’ tiykari’nan basqa informaciyali’q ko’rsetiwler shen’berinde berip bari’latug’i’ni’n atap wo’tiwimizge boladi’. Sol ushi’nda keyingi waqi’tlari’ telekanalda awi’l xojali’g’i’ tematikasi’n ko’terip shi’g’atug’i’n ko’rsetiwlerdin’ sani’ kemeyi kettip. Ayi’na yeki ma’rtebe 20 minut ko’leminde efirge beriletug’i’n «Alti’n dala» ko’rsetiwinde tiykari’nan awi’l xojali’g’i’nda keyingi waqi’tlari’ qolg’a kirgizilip ati’rg’an jetiskenlikler, bul tarawg’a zamanago’y texnologiyalardi’n’ kirip keliwi saldari’nan wo’nimdarli’qti’n’ wo’sip ati’rg’ani’ tuwrali’ ken’ tu’rde so’z yetiledi. Ko’rsetiwde respublikami’zda ken’ tu’rde jumi’s ali’p bari’p ati’rg’an fermerlerdin’ awi’l xojali’g’i’ wo’nimlerinen ba’lent qi’rman ali’w ushi’n ayanbay miynet yetip ati’rg’ani’ ha’m jerdin’ iyesi fermerdin’ wo’zi bolg’anli’g’i’ sebepli jerge bolg’an qatnas tu’p-tiykari’nan wo’zgergenligin fermerlerdin’ jeke wo’zlerinin’ pikirleri menen berip bari’ladi’.

Solay bolsa da telekanalda awi’l xojali’g’i’ tematikasi’ jeterli da’rejede wo’z sa’wleleniwin tappay ati’rg’ani’n atap wo’tiwimizge boladi’. A’sirese, awi’l xojali’g’i’na mol zu’ra’a’t ali’w ushi’n mo’lsherlengen zamanago’y texnologiyalardi’n’ yengiziliwi yesabi’nan wo’nimdarli’qti’ artti’w imkaniyatlari’

haqqi'nda kem so'z yetilip kelinbekte. Usi' ma'selelerdi ha'r ta'repleme sa'wlelendiriw ushi'n tiykari'nan awi'l xojali'g'i' tarawi' boyi'nsha ilimiy jumi's ali'p bari'p ati'rg'an qa'nigelerdin' pikirleri menen tamashago'ylerdi tani'sti'ri'p bari'w za'ru'r.

Keyingi ji'llari' respublikami'zdi'n' qala ha'm rayonlari' haqi'yqi'y kuri'li's maydani'na aylandi'. No'kis qalasi'ni'n' wo'zinde za'wlim jaylar boy ko'terip, qalami'z puqaralari' ha'm miymanlari'nda u'lken ta'sir qaldi'ri'p ati'r. Ekonomikami'zdi'n' wo'sip-rawajlani'wi' ushi'n iri quri'li'slardi'n' baslani'wi' u'lken a'hmiyetke iye. «Jurti'm jamali'» ko'rsetiwi socialli'q-siyasiy, socialli'q-ekonomikali'q tarawlarda ju'z berip ati'rg'an wo'zgerisler haqqi'nda so'z yetiledi. A'sirese, awi'lli'q jerlerde puqaralardi'n' barli'q qolayli' imkaniyatlari' bar u'ylerde jasawi' ushi'n u'lgili u'yler joybari' a'melge asi'ri'li'p kelinbekte. Bu'gingi ku'ni ko'p g'ana rayonlarda usi' joybar tiykari'nda jaylar boy tikledi ha'm wolarda puqaralari'mi'z jasap kelmekte. Mine ha'm basqada wo'zgerisler haqqi'nda ko'rsetiwde so'z baradi'.

Tikkeley ekonomika tarawi'nda boli'p ati'rg'an wo'zgerislerdi sa'wlelendirip baratug'i'n ko'rsetiwlerdin' biri «Ekonomika ha'm biz» ko'rsetiwi boli'p tabi'ladi'. Respublikami'zdi'n' ekonomikasi'ni'n' bekkem boli'wi', ma'mleket qaznasi'ni'n' toli'si'wi' tiykari'nan iri ka'rxanalardi'n' bir tegis jumi's ali'p bari'w menen baylani'sli' boli'p tabi'ladi'. Respublikami'zda usi'nday iri ka'rxanalardi'n' sani' ku'nnen-ku'nge arti'p barmaqta. Atap wo'tetug'i'n bolsaq, Qon'i'rat soda zavodi', rayonlarda jumi's ali'p bari'p ati'rg'an toqi'mashi'li'q ka'rxanalari', paxtani' qayta islew ka'rxanalari', quri'li's maydanlari'na wo'nim jetkerip beretug'i'n ka'rxanalardag'i' jan'alani'wlar menen birge bul jerde jumi's ali'p bari'p ati'rg'an jumi'sshi'larg'a jarati'li'p ati'rg'an imkaniyatlar haqqi'nda ko'rsetiwde pikir ju'ritiledi.

Bizin' pikirimizshe, ekonomikali'q taraw boyi'nsha ko'rsetiw tayarlag'anda jurnalistten usi' taraw boyi'nsha bilim, ekonomika tarawi'nda bu'gingi ku'ndegi wo'zgerislerdi an'lay alatug'i'n talant boli'wi' kerek. Sebebi, qa'legen ma'mlekette boli'p ati'rg'an ekonomikali'q wo'zgerisler woni'n' keleshek

rawajlani’wi’n belgilep beretug’i’ni’ ani’q. Sol ushi’n da bul taraw boyi’nsha ko’rsetiw tayarlang’anda wo’zgeshe bilim talap yetiledi.

Ma’mleketimiz Prezidenti «Hesh bir na’rse ma’mleketti sport kibi du’nyag’a tez tani’ta almaydi’» atap wo’tken. Bu’gingi ku’ni ma’mleketimizde sport tarawi’nda bir qatar reformalar menen alg’a ilgerilewler ju’z berip ati’r. Buni’ sportshi’lari’mi’zdi’n’ ja’ha’n arenalari’nda qol kirgizip ati’rg’an tabi’slari’ni’n’ salmag’i’ joqari’ boli’p ati’rg’ani’nan da ko’riwimizge boladi’. A’sirese, sporti’mi’z keleshegi bolg’an jaslari’mi’zdi’n’ sport penen yemin-yerkin shug’i’llani’wi’ ushi’n kalalari’mi’z benen awi’llari’mi’zda ashi’q ha’m sport kompleksleri menen ma’kan puqaralar ji’yi’nlari’nda jumi’s ali’p bari’p ati’rg’an sport maydanshalari’ni’n’ kuri’li’p berilgeni wolar ushi’n u’lken imkaniyatlar yesigin ashi’p berdi.

Bunnan ti’sqari’ sport penen g’alaba xabar kurallari’ ten’ qa’dem atadi’. Sportshi’ni’n’ tabi’slari’n xali’qti’n’ biliwi woni’n’ menen maqtani’wi’ ushi’n g’alaba xabar qurallari’ arqali’ ko’riniwi kerek, sonda g’ana woni’n’ tabi’si’n pu’tkil yel, ha’tte du’nya ju’zi biledi. Sol ushi’nda televideniede sport sholi’wlari’ menen sport ko’rsetiwlerinin’ tayarlani’w bari’si’na ayri’qsha itibar qarati’ladi’. Yekinshi ta’repten sportshi’ni’n’, sport jari’slari’ni’n’ televizor arqali’ translyaciya isleniwi wo’sip kiyati’rg’an jas a’wladti’n’ sportqa bolg’an qi’zi’g’i’wshi’li’g’i’n ja’ne de woyatadi’, sport maydashalari’na bari’wg’a degen i’qlasi’n ja’ne de jali’nlatadi’.

Keyingi waqi’tlari’ respublikami’zda tennis sport tu’rine degen itibar ku’sheyip barmaqta. Paytaxti’mi’zda sportti’n’ tennis tu’ri menen shug’i’llani’w ushi’n tennis sport mektebi ashi’ldi’. Xalqi’mi’z arasi’nda tenniske bolg’an qi’zi’g’i’wshi’li’q arti’p barati’rg’ani’ sebepli telekanalda «Tennis mektebi» ko’rsetiwi jumi’s basladi’. Ko’rsetiwdin’ da’slepki sanlari’nda tennis sport tu’rinin’ tariyxi’, woni’ woynaw boyi’nsha qag’i’ydalar sport tu’ri qa’nigeleri menen birgelikte tu’sindirip bari’ldi’. Al, ha’zirgi ko’rsetiwlerinde respublikami’zda boli’p ati’rg’an sport jari’slari’nan ko’rsetiw tayarlani’p bari’lmaqta. Soni’n’ menen birge du’nya sport a’leminde ko’zge tu’sken

tennisshilerdin' iri turnirler yesaplang'an Uimbldon, Rollan-Garros basqada turnirlerdegi bellesiwleri qaraqalpaq tilinde sholi'w jasap bari'ladi'.

A'sirese, bir neshshe ji'llardan berli futbol tarawi'na beyiplesip qalg'an jurnalist Quwandi'q Bekbawlievti'n' futbol boyi'nsha Wo'zbekistan milliy chempionati'ni'n' birinshi liga komandalari' arasi'nda «Turan» stadioni'nda boli'p wo'tetug'i'n woyi'nlari'nan tayarlaytug'i'n tuwri'dan-tuwri' ha'm jazi'p ali'ng'an reportajlari' sport i'qlasbentlerine wo'zine tarti'p kelmetke. Jurnalisttin' da'slepki kommentariyleri sportti'n' futbol tu'rine beyimlespegen bolsada keyingi waqi'tlari' sport tu'rinin' mayda-shu'ydesine shekem wo'zlestirip barati'rg'an ko'zge taslani'p ati'r. Futbol terminlerin qaraqalpaq tiline beyimlestiriw ju'da' mu'shkil, sog'an qaramastan, usi' terminlerdi beyimlestiriw, qollani'p ko'riw boyi'nsha biraz izlenisler ali'p bari'p ati'rg'ani'n efirge berip ati'rg'an kommentariylerinen bayqawi'mi'zg'a boladi'. Kommentariy ali'p baratug'i'n jurnalistlerge bir qatar talaplar qoyi'ladi'. Ma'selen, akterli'q qa'bileti kommentator ushi'n za'ru'r. Ekran arti'ndag'i' adamni'n' salmag'i' audiovizual xabardi'n' kerekleri elementlerinen yesaplanadi', wol ayti'lg'an so'zdi ku'sheytiwi yaki kerisinshesi boli'wi' mu'mkin[1] . «Kadrda yaki kadr arti'nan ayti'lg'an ekran so'zi janlanadi', insan so'zinin' bay boyawlani' do'nip turadi'. Sol ushi'n janli' so'zge estetikali'q talapti' ku'cheytedi.[2]» Haqi'yqattan da jurnalisttin' komandalardi'n' gol urg'anda quwani'p «gol, gol» dep, yaki futbolshi' jaraqat alg'anda ashi'ni'wi', yaki hu'jimshinin' da'rwaza ta'repke bergen soqqi' natuwri' ketkende a'tten' yetkeni i'shqi'pazlarda ko'terin'kilik, woyi'ndi' aqi'ri'na shekem ko'riwge iytermeleydi.

«Ha'mme waqi'tta wo'zin'di i'shqi'pazdi'n' worni'na qoyi'p ko'riwin' kerek, a'sirese, wo'z pikirin'di bildirgende. Bul i'shqi'pazg'a jaqi'n boli'wdi'n' sheshiwshi sha'rti boli'p tabi'ladi'. Genri Ford tabi'sti' bi'lay ta'riplegen yedi:

[1] "Televizionnaya jurnalistika", M.: Izd-vo MGU, 1998, s. 231-232
[2] "Televizionnaya jurnalistika", M.: Izd-vo MGU, 1998, s. 135.

«Yesitiw ha’m tu’siniw. Wolar ne woylap, neni basi’nan keshirip ati’r, neni biledi, nenii haqqi’nda yesitkisi keledi»[1] .

Televideniede so’z u’lken ku’shke iye: «ko’rinis – dawi’ – so’z, bulardi’n’ barli’g’i’ awi’zg’a so’ylewge ju’da’ jaqi’n. Stil, so’z strukturasi’ni’n’ wo’zgesheligi teleko’rsetiw materiali’ni’n’ specifikasi’ menen baylani’sli’. Televideniede so’z ekrandag’i’ ko’rinis penen baylani’sadi’, sol sebepli so’zdin’ ku’shi bir neshshe ma’rtebe arti’p ketedi.[2] »

Tilekke qarsi’, bizin’ televidenie jurnalistlerinde so’zlerdi duri’ ayta almaw «qa’bileti» joqari’. Bul halat jurnalist Q.Bekbawlievtin’ do’retiwshiliginde de ushi’rasi’p turadi’. Geyde jurnalist maydanda woynap ati’rg’an futbolshi’lardi’n’ atlari’n umi’ti’p qalsa, geyde wolardi’n’ familiyalari’n qa’te aytatug’i’n waqi’tlari’ da boladi’. Soni’n’ menen birge kommentator tek g’ana maydanda boli’p ati’rg’an momentlerdi g’ana ayti’p wo’tedi, sol ushi’nda geyde waqi’t u’zilispesi payda boladi’. Bizin’she, jurnalist woyi’ng’a aldi’n ala tayarlani’wi’ kerek. Futbolshi’lar haqqi’nda mag’li’wmat maydanda woynap ati’rg’an komandalardi’n’ buri’ng’i’ woyi’nlari’ni’n’ statiskasi’, wortadag’i’ to’reshiler haqqi’nda da mag’li’wmat berip barsa maqsetke muwapi’q keler yedi.

Telekanalda sportqa baylani’sli’ basqa da ko’rsetiwler bar. Ma’selen, ayi’na to’rt ma’rtebe efirge uzati’latug’i’n «Sport a’leminde» ko’rsetiwin atap wo’tiwimizge boladi’. Ko’rsetiwdin’ tiykarg’i’ maqseti awi’lli’k jerlerde sportti’ rawajlandi’ri’w ushi’n islenip ati’rg’an jumi’slar, awi’llarda jasap ati’rg’an jas sportshi’lardi’n’ qolg’a kirgizgen tabi’slari’ haqqi’nda so’z yetiledi.

«Sport menin’ wo’mirim» ko’rsetiw atamasi’nan belgili boli’p turg’ani’nday sportshi’lar wo’mirinen so’z yetedi. Ko’rsetiwde ha’zirgi waqi’tqa shekem respublikami’zg’a belgili bolg’an sportshi’lardan Yerkinbay Quti’baev, Ja’ha’ngir Yuldashev, D.Qaipovlar ha’m basqalar miymanda boldi’. Soni’n’ menen birge ko’rsetiwde sport ilimindegi wo’zgerisler, ilimpazlari’mi’zdi’ sport ilimi boyi’nsha ali’p bari’p ati’rg’an izertlew jumi’slari’ haqqi’nda da so’z yetilip bari’ladi’.

[1] Lemmerman X., Uroki ritoriki i debatov, M.:OOO "Izdatelstvo "Unikum press", 2002 g., gl.13

[2] "Televidenie: teoriya i praktika": uchebnoe posobie. Yegorov V., M., Mejdunarodni’y nezavisimi’y ekologo-politologicheskiy universitet /fakultet jurnalistiki, 1993. – S. 129.

Bizin’she «Futbol+» ko’rsetiwi futbol i’shqi’pazlari’ni’n’ kewlinen jaqsi’ wori’n alatug’i’n ko’rsetiwlerdin’ birinen boli’p tabi’ladi’. Sebebi, ko’rsetiwde ma’mleketimiz jasi’l maydanlari’ menen birge shet yellerde klublari’ menen futbolshi’lari’ wo’mirinde boli’p ati’rg’an jan’ali’qlar haqqi’nda so’z yetedi. Bunnan ti’sqari’ Evropadag’i’ ku’shli bes chempionat woyi’nlari’ni’n’ na’tiyjeleri haqki’nda so’z baradi’.

Yeger uli’wmalasti’ri’p aytatug’i’n bolsaq, telekanalda sport temasi’ yelede wo’z kem sa’wlelenip barmaqta. Respublikami’zda rawajlani’p ati’rg’an basqada sport tu’rleri itibardan shette qali’p ati’r. A’sirese, ja’ha’n sport a’leminde boli’p ati’rg’an son’g’i’ wo’zgerisler woperativ tu’rde jari’ti’w ma’selesi de to’men. Jurnalistlerimizdin’ sport tu’rlerin jaqsi’ bilmegeni sebepli, sport jari’slari’nan tayarlang’an xabarlar menen sholi’wlarda ayri’m kemshilikler de ko’zge taslani’p ati’r.

# III BAP. QARAQALPAQSTAN TELEVIDENIESINDE RUWXI’Y-AG’ARTI’WSHI’LI’Q, TA’RBIYALI’Q A’HMIYETKE IYE KO’RSETIWDIN’ WO’ZINE TA’NLIGI

## 3.1. Ma’deniy-ag’arti’wshi’li’q, kewil-ashar ko’rsetiwler

Xali’qti’ ma’deniyatli’, ruwxi’y jaqtan sawatli’ yetetug’i’n ko’rsetiwler qa’legen telekanaldi’n’, g’alaba xabar qurali’ni’n’ tiykarg’i’ bag’dari’ni’n’ birinen yesaplanadi’. Sebebi, bul ko’rsetiwler xali’qti’ sawatlandi’radi’, wo’z watani’ni’n’ haqi’yqi’y pidayi’si’, yel-xalqi’ ushi’n xi’zmet yetetug’i’n insan yetip ta’rbiyalawdi’ wo’z aldi’na maqset yetip qoyadi’. A’sirese, bul maqsetti go’zlegen analitikali’q bag’dardag’i’ ko’rsetiwlerdin’ na’tiyjeliligi joqari’. Nege degende, bunday ko’rsetiwlerde syujetlik liniya menen birge jurnalist ko’z-qarasi’, qatnasi’wshi’lar pikiri tiykarg’i’ wori’nda turadi’. Atap wo’tilgen bag’darlar wortag’a taslang’an ma’sele menen temani’n’ tamashago’ylerdin’ sana-seziminde teren’ wori’n ali’wi’ ushi’n a’hmiyeti u’lken yekenligin atap wo’tiwimizge boladi’.

Qaraqalpaqstan telekanali’ da ma’deniy-ag’arti’wshi’li’q, bilim beretug’i’n ha’m tamashago’ylerdin’ kewlin ko’teretug’i’n ko’rsetiwlerge ayri’qsha itibar berip kelmekte. Telekanaldag’i’ ko’rsetiwlerdin’ tiykarg’i’ bag’dari’ milliy qa’diriyatlar menen birge milliy u’rp-a’detler, ata-babalar miyraslari’n u’yreniw, wolardi’ keleshek a’wladti’n’ sana-sezimine wornalasti’ri’wdi’ na’zerde tutadi’.

Telekanal arqali’ ayi’na bir ma’rtebe efirge berilip kiyati’rg’an «Qa’diriyat» ko’rsetiwinin’ tiykarg’i’ maqseti xalqi’mi’z kewlinde milliy qa’diriyatlari’mi’zg’a hu’rmet sezimin woyati’w, milliy u’rp-a’detler menen da’stu’rlerdin’ a’hmiyetin ja’ne u’git-na’siyatlap bari’w boli’p tabi’ladi’. Ko’rsetiwde ali’s awi’llari’mi’zda yelede milliy da’stu’rlerimizdi saqlap, a’wladtan-a’wladqa jetkerip kiyati’rg’an u’lken kempirlerimiz benen atalari’mi’zdi’n’ qol wo’neri ha’m basqada wo’nerlerdin’ a’hmiyetin tu’sindirip baradi’. A’sirese, ko’rsetiwge qatnasi’p kiyati’rg’an jasi’ u’lkenlerimiz benen respublikami’zg’a belgili insanlardi’n’ milliy

qa’diryatlar menen u’rp-a’detlerimiz haqqi’nda pikirleri ayri’q a’hmiyetli boli’p tabi’ladi’.

«Jaqsi’dan sharapat» ko’rsetiwi de ayi’na bir ma’rtebe efirge berilip bari’ladi’. Bul ko’rsetiwdin’ ta’rbiyali’q a’hmiyeti joqari’, sebebi, insanni’n’ insang’a jaqsi’li’q yetiwi, bir-birine bolg’an hu’rmeti insanda jokari’ pazi’yletlerdi jetilistirip baradi’. Ko’rsetiwdin’ ha’r bir sani’na respublikami’zg’a belgili insanlar shaqi’ri’ladi’ ha’m wolardi’n’ jaqsi’li’q haqqi’ndag’i’ pikirleri berip bari’ladi’.

Ma’mleketimiz Prezidentinin’ baslamasi’ menen bi’yi’lg’i’ ji’l «Kekselerdi qa’dirlew ji’li’» dep belgilendi. Haqi’yqattanda kekselerdin’ wo’mir ta’jiriybesi, ibratli’ so’zleri wo’sip kiyati’rg’an jas a’wladti’n’ ta’rbiyasi’nda a’hmiyetli boli’p yesaplanadi’. Sebebi, wolardi’n’ a’piwayi’ so’zinin’ wo’zi ta’jiriybe mektebi boli’p xi’zmet yetedi. Qaraqalpaqstan telekanali’nda ayi’na yeki ma’rtebe 20 minut dawami’nda efirge uzati’latug’i’n «Yel ardag’i’nda» ko’rsetiwinde tiykari’nan «Kekselerdi qa’dirlew ji’li’» ma’mleketlik bag’darlamasi’ni’n’ wori’nlani’w bari’si’ boyi’nsha ma’seleler talqi’lani’p baradi’.

Ko’p ji’llardan berli efir ju’zin ko’rip kiyati’rg’an milliy-ma’deniy, jan’ali’qlar menen birge qi’zi’qli’ waqi’yalar menen mag’li’wmatlardi’ wo’zinde ja’mlestirgen «Ayqulaq» ko’rsetiwi wo’z tamashago’ylerine iye boldi’. Ko’rsetiw ayi’na yeki ma’rtebe, jurnalist Alti’ngu’l Wo’teniyazova, rejisseri’ Niyetbay Ma’tekov ta’repinen tayarlani’p bari’lmaqta.

Ko’rsetiw keshki waqi’t 22-00 den 22-35 arali’g’i’nda woti’z bes minut dawami’nda efirge uzati’ladi’. Ko’rsetiwge tamashago’ylerdin’ itibari’n tarti’w ushi’n bir qatar rubrikalar menen zamanago’y ha’m estradali’q qosi’qlar berip bari’ladi’. Jan’a ji’l sani’nda ko’rsetiwge estrada juldi’zlari’ menen birge jas talant iyeleri, ko’rsetiwge belsendiligi menen qatnasi’p kiyati’rg’an tamashago’y efirge shaqi’ri’ldi’. Jurnalist wo’zinin’ qi’zi’qli’ sorawlari’ menen ko’rsetiwdin’ ta’sirshen’ligin artti’rdi’. Soni’n’ menen birge jas talant iyelerinin’ qi’sqa intermediyalari’ ko’zge taslandi’.

Ko’rsetiwdegi «Siz wolardi’ tani’ysi’z», «Jumbaqli’ du’nya» rubrikalari’ basqa ko’rsetiwlerde ta’kirarlanbaydi’. Mi’sal ushi’n: ko’rsetiwdin’ 2015-ji’l 7-

fevral ku'ni efirge uzati'lg'an sani'n ali'p qarayi'q. Ko'rsetiw jurnalisttin' baslama so'zi menen baslanadi': «Assalawma a'leykum, a'ziyz teletamashago'yler! «Ayqulaq» ja'ne de efirde. Siz a'ziyzlerden ja'ne de ko'p qon'i'rawlar, xabarlar ha'm xatlar boldi'. Sizin' alg'i'slari'n'i'z, itibari'n'i'z hu'rmetin'iz to'bemizdi ko'kke jetkerip, jan'a yosh, tasqi'n ku'sh inam yetti. Wo'z gezeginde sizdi de alg'i'slap qoyg'i'mi'z keledi. Bul sizin' kanali'n'i'z, sizin' turmi'si'n'i'zdi'n' aynasi'… Qa'legenin'izshe tamasha yetin', ha'mmesi siz ushi'n

Tariyxi'n' ali's-ali'stan,
Ta'riypin' g'ayri' nag'i'stan,
Ma'kani'n' alti'n jag'i'stan,
Ata jurti'm, ari'm Watan.»

Ko'rsetiwde beriletug'i'n «Siz wolardi'» tani'ysi'z rubrikasi'na tamashago'ylerdin' qi'zi'g'i'wshi'li'g'i' joqari' bolg'anli'g'i' sebepli ko'p xat kelip tu'sken avtor atap wo'tedi: BASLAWShI': Wo'tken ko'rsetiwde qoyi'lg'an a'debiyat izertlewshisi ha'm si'nshi', bir neshshe qaraqalpaq ilimpazlari'ni'n' ustazi' Srajatdin Axmetovti'n' diydari'n tani'p duri's juwap jollag'anlar ko'p boldi'. Qon'i'raw arqali' Anvar G'alimjanov-No'kisten, Mi'rzapolat Upaev-Shomanaydan duri's juwap jollaydi'. Gu'lnaz Abatova xat arqali' duri's juwap jollaydi'.

Kegeyliden Ten'alatdin ag'a Niyetullaev ustaz diydari'n na'zerin'izge usi'ni'p, ja'ne bir ma'rte yeske alg'ani'mi'zg'a shi'n kewilden minnetdarshi'li'q bildirip xat jollaydi'. Bilesiz, Ten'alatdin ag'a ustazi'ni'n' hu'rmetine uli'na Srajatdin dep at qoyadi'. Srajatdin Niyetullaev bu'gingi ku'ni xalqi'mi'zg'a a'dewir tani'lg'an lapi'zli' baqsi'.

Ha'mmege raxmet. Ustaz haqqi'nda ken'irek toqtap wo'tsek: Srajatdin Axmetov 1928-ji'li' Shi'mbay rayoni'nda tuwi'lg'an. 1947-ji'li' Qaraqalpaq ma'mleketlik pedagogikali'q instituti'ni'n' qaraqalpaq tili ha'm a'debiyati' fakultetin tamamlap usi' jerde woqi'ti'wshi' boli'p islep qaladi'. Moskva Ilimler Akademiyasi'ni'n' Shi'g'i'stani'w instituti'nda aspiranturada woqi'ydi'.

Karaqalpaq poeziyasi'n izertlewde ayri'qsha miynet yetti. 200 den aslam ilimiy izertlew jumi'slari' ja'riyalang'an. 1968-ji'ldan baslap professor ilimiy atag'i'na iye. «O'zbekistan ha'm Qaraqalpaqstan Respublikalari'na miyneti sin'gen ilim g'ayratkeri, Respublikali'q «Berdaq» ati'ndag'i' ma'mleketlik si'yli'qti'n' laureati' yedi», dep atap wo'tiledi. Rubrikada ha'r sapari' respublikami'zg'a belgili insanlardi'n' su'wretleri tamashago'yler na'zerine usi'ni'li'p, tapsi'rma si'pati'nda beriledi, keyingi ko'rsetiwde bolsa, xatlar menen kelgen juwaplardi' woqi'p yesittiredi. «Jumbaqli' du'nya» rubrikasi'nda Qaraqalpaqstan Respublikasi' rawajlani'wi'na u'les qosqan insanlar miyneti menen birge jumi's wori'nlari'ni'n' jetiskenlikleri tamashago'ylerge usi'ni'ladi'. Bul wo'z gezeginde arami'zda buri'n jumi's islegen miynet aldi'n'g'i'lari' menen ma'kemelerdin' yelimiz rawajlani'wi'na qansha da'rejede u'les qosqanli'g'i'n yesletip turadi'. Soni'n' menen birge milliy u'rp-a'detlerimiz, umi't boli'p barati'rg'an atamalarda ko'rsetiwden wori'n ali'p kelmekte. Atap wo'tetug'i'n bolsaq, ko'rsetiwdin' 21-fevral, 2015-ji'l sani'nda rubrikada mi'naday soraw qoyi'ladi': Jumbaqli' du'nyani'n' bu'gingi sorawlari'na di'qqat yetsen'iz boladi'. Birinshi sorawdi' Taxtako'pir rayoni'nan Ilyas ag'a Xudaynazarov jollaydi': Qaraqalpaq xalqi'ni'n' tariyxi'nda xalqi'mi'z wo'zinin' ku'n- ko'risinde, ku'ndelikli turmi'si'nda qollani'p kelgen zatlari' arasi'nda «Shi'li'mtal» degen de atama bar. Xosh, «shi'li'mtal» degenimiz ne? Wol qanday tayarlanadi', ne na'rsege qollani'ladi'?

Demek, ko'rsetiwdin' tiykarg'i' maqseti si'pati'nda tamashago'ylerdin' waqi'ti'n kewilli wo'tkeriw, wolarg'a qi'zi'qli' mag'li'wmatlar beriw menen birge, yekinshi wazi'ypasi', wolardi'n' sana-sezimine milliy u'rp-a'detler, da'stu'rlerimizge bolg'an hu'rmet-izzet sezimlerin uyalati'w maqsetin go'zlegenligin atap wo'tiwimizge boladi'. Ko'rsetiwde tiykari'nan avtor birinshi planda ko'rinedi ha'm ko'rsetiwdegi pikirler avtor ta'repinen berip bari'ladi'. Wo'z gezeginde ko'rsetiw qatnasi'wshi'lari' da ko'terilip ati'rg'an tema do'gereginde wo'z pikir ha'm usi'ni'slari'n berip ko'rsetiwdin' ta'sirshen'ligin ja'ne de artti'ri'p baradi'.

Muzi'ka televidenie ko'rsetiwleri ushi'nda za'ru'r yekenligin an'laymi'z. Televidenienin' ta'sir yetiwshi qurallardi'n' biri si'pati'nda ko'rinis (joba, rakurs, montaj h.t.b), dawi's (so'z, muzi'ka, shawqi'm) ha'm ses ta'sirshen'ligi boli'p tabi'ladi'[1] .

Muzi'ka menen bezew woyi'n-zawi'qli' ha'm ma'deniy-ag'arti'wshi'li'q ko'rsetiwlerinin' yen' a'hmiyetli ko'rkemlewshi qurallari'nan biri boli'p tabi'ladi'. Muzi'kali' bezew ko'rsetiw baslang'anda yaki dara-dara sjetlerdin' arasi'nda, anons waqti'nda ha'm ko'rsetiwdin' yen' son'i'nda jan'laydi'. Muzi'kali' u'zindi bir-biri menen baylani'sli' yaki bir kompoziyani'n' bo'limi boli'wi'.

Ko'rsetiwlerdi muzi'kali' bezewdin' tiykarg'i' wazi'ypasi' to'mendegi:

- informativ
- psixologiyali'q
- estetikali'q[2]

Yeger ko'rsetiwlerdi muzi'kali' bezewdin' da'stu'rin AQSh mi'zali'nda qaraytug'i'n bolsaq, woni'n' wo'zgeshe yekenligin ko'remiz. Mi'sal ushi'n AQSh ta «shi'n'law» qollani'lmaydi', bu'gingi ku'ni de bul elementler AQSh telekanal ha'm radiokanallari'nda siyrek qollani'ladi'[3].

Qaraqalpaqstan telekanali'nda efirge uzati'li'p kiyati'rg'an ko'rsetiwlerdin' birinen yesaplang'an «Mu'na'sibet» ko'rsetiwi tarti'sli' pikirlerdi payda yetetug'i'n ko'rsetiwler topari'na kirgeni menen ko'rsetiwdin' tiykarg'i' maqseti tamashago'ylerge milliy qa'diyartlar, a'dep-ikramli'li'q, ta'rbiya beriw boli'p tabi'ladi'. Ko'rsetiwdi La'zzet Yesemuratova ali'p baradi'. 2014-ji'l 11-dekabrdegi sani'n ali'p qarayi'q. Wol bi'lay baslanadi': «Mu'na'sibet» ko'rsetiwinin' na'wbettegi sani' ja'ne efirde. Biz XXI a'sirde ha'mme taraw rawajlang'an da'wirde jasap ati'rmi'z. Sog'an qaramastan adam sawdasi' si'yaqli' unamsi'z jag'daylar pu'tkil du'nya ju'zinde ushi'raspaq. Yen' ashi'narli'si' adam sawdasi' bul ja'miyettegi jasi'ri'n jag'daylardi'n' biri boli'p qalmaqta. Ko'rsetiwimizdin' bu'gingi sani'nda adam sawdasi'na qarsi' gu'resiw ha'm woni'n' aldi'n ali'w

[1] Yegorov V. V. Televidenie mejdu proshli'm i buduchim / V. V. Yegorov. – M.: Voskresene, 1999. – S. 16.
[2] Efimova N. N. Zvuk v efire / N. N. Yefimova. – M. : Aspekt Press, 2005. – S. 47.
[3] Mixaylov S. A. Jurnalistika Soedinenni'x Shtatov Ameriki / S. A. Mixaylov. – SPb. : Logos, 2004. – S. 123.

ilajlari’ haqqi’nda wo’z-ara pikirlesemiz. Da’slep sizlerdi ko’rsetiwimizdin’ arnawli’ ekspertleri menen jaqi’nnan tani’sti’ri’p wo’tpekshimen. Hawaxan Womarova No’kis qalali’q hayal-qi’zlar komitetinin’ basli’g’i’, Jan’abay Jamalov Qaraqalpaqstan Respublikasi’ prokuraturasi’, ishki isler worganlari’n sorasti’ri’w, tergew, woperativ qi’di’ri’w jumi’slari’ u’stinen baqlaw bo’limi basli’g’i’, Ken’esbay Nurabi’llaev Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Ishki isler ministrligi huqi’q buzarli’qlardi’n’ aldi’n ali’w basqarmasi’ni’n’ basli’g’i’, sonday aq Berdimurat Nurmanov «Isenim» ma’limleme-ag’arti’wshi’li’q resurs worayi’ni’n’ bas qa’nigesi. Hu’rmetli ko’rsetiwimizdin’ arnawli’ ekspertleri ha’m qatnasi’wshi’lari’ studiyami’zg’a xosh kelipsiz.

Soraw: «Qanday adamlar adam sawdasi’ni’n’ qurbani’na aylanadi’?» mine bul haqqi’nda sizlerdin’ pikirlerin’izdi bilgimiz keledi. Bunnan son’ studiyadag’i’ qatnasi’wshi’larg’a pikir gezegi beriledi. Wolar usi’ ma’sele boyi’nsha 11 minut dawami’nda wo’z pikirlerin bildiredi.

Qatnasi’wshi’lari’mi’zdi’n’ pikirlerin ti’n’ladi’q, yendi bul haqqi’nda arnawli’ ekspertlermiz pikir bildirse ma’rha’ma’t: So’z Hawaxan Womarovag’a beriledi, Wol wo’z so’zinde No’kis qalali’q hayal-ki’zlar ken’esi ta’repinen bul ma’sele boyi’nsha ali’p bari’li’p ati’rg’an jumi’slar yesabap formasi’nda bayan yetiledi.»

«Mu’na’sibet» ko’rsetiwi atamasi’nan belgili bolg’ani’nday ja’miyetimizde boli’p ati’rg’an mashqalalarg’a studiyada woti’ri’p wo’z pikirlerin wortag’a taslaw. Wortag’a taslang’an tema do’gereginde pikir talasi’w boli’p tabi’ladi’. Lekin ko’rip woti’rg’ani’mi’zday, ko’rsetiwde da’slep qatnasi’wshi’lardi’n’ pikirleri ti’n’ladi’, tilekke qarsi’ qatnasi’wshi’lar haqqi’nda mag’li’wmat ekranda ko’rinbeydi. Keyin ala bolsa, studiyag’a shaqi’ri’lg’an ekspertlerdin’ pikirleri ti’n’lanadi’.

Bizin’ pikirimizshe, ko’rsetiw qi’zi’qli’ boli’wi’ ushi’n pikirler tarti’si’, ekspretlerge qi’zi’qli’ sorawlar, ha’tte jurnalisttin’ wo’zi de studiyag’a shaqi’ri’lg’an qatnasi’wshi’lar menen ekspertlerge de tuji’ri’mli’ sorawlari’ menen

mu'ra'jat yetiwi kerek boladi'. Sonda g'ana ko'terilip ati'rg'an ma'selenin' tu'yini tabi'ladi', belgili juwmaq kelip shi'g'adi'.

Zamanago'y televidenieni kewil-ashar, muzi'kali' ha'm tok-shou ko'rsetiwlersiz ko'z aldi'mi'zg'a keltiriw qi'yi'n. Sebebi, bul ko'rsetiwlerdin' tamashago'yler sani' basqa ko'rsetiwlerge sali'sti'rg'anda anag'urli'm ko'p bolmaqta.

Negizinde tok-shou janri' wo'tken a'sirdin' 70-ji'llari' Bati's Yevropa ha'm Amerikada tarqala basladi'. 80-ji'llarda televideniede wo'sip kiyati'rg'an jas a'wladti'n' qi'zi'g'i'wshi'li'g'i'n u'yreniw, tamashago'ylerden kelip ati'rg'an xatlardi' uli'wmalasti'ri'w maqsetinde sho'lkemlestirilgen, sol da'wirdin' mashqalalari'n worta taslaytug'i'n ko'rsetiwlerdin' biri si'pati'nda «Baxs» ko'rsetiwin atap wo'tiwimizge boladi'. «…itibarsi'zli'q, ishiwshilikti a'shkara yetken sanlari' ekran aldi'nda woti'rg'an ha'r tamashago'ydi ko'rsetiwdin' qatnasi'wshi'si'na aylandi'rdi'»[1] . Avtor ko'rsetiwge tok-shou janr si'pati'nda atap wo'tpegen bolsa da, O'zbekistan televideniesinin' rawajlani'w tendenciyalari'n ha'r ta'repleme u'yrenip kiyati'rg'an wo'zbek ali'mi' Yu.Hamdamov «Bahs» ko'rsetiwin sol da'wirdegi tok-shoudi'n' jaqsi' bir ko'rinisi bolg'anli'g'i'n[2] atap wo'tedi.

Shet yel televidenieleri ta'jiriybelerinen atap wo'tetug'i'n bolsaq, belgili bir ideya ha'm ko'z-qaraslar a'tirapi'nda birlesken topar ha'm ja'ma'a'tler g'alabali'q ta'rizde qa'wip tuwdi'ri'p turg'an illetlerge qarsi' turadi'. Bul ko'rinisler «sa'wbetli tamasha» deb atap wo'tilip ati'rg'an tok-shoular wo'z ko'rinisin tabadi'. Mi'sal ushi'n, Qaraqalpaqstan telekanali'nda «Bul ulli' jurt perzentlerimiz» festivali'nan Shi'mbay, Yellikqala, No'kis qalasi'nda boli'p wo'tken festival do'gereginde reportajlar tayarlandi'. Bunda televidenienin' birlestiriw funkciyasi' a'melge asi'ri'lg'an. Sebebi, jaslardi' birlestirgen festivaldi'n' ta'sirshen'ligin, wonda qatnasqan jaslardi'n' jetiskenliklerin xali'qqa jetkeriwde televidenienin' a'hmiyeti ju'da' joqari' boldi'.

---

[1] O'taev O'. Televidenie – davr ko'zgusi, T.: « O'zbekiston», 2010. – B. 46-47.
[2] Hamdamov Yu. «Suhbatli tomoshaning sirlari (yoki tok-shou haqida o'ylar)», «Ijtimoiy fikr. Inson huquqlari.» jurnali, №2(46), 2009, - B.135-136.

Tok-shoular ilimpazlar ta'repinen atqaratug'i'n xi'zmetlerine baylani'sli' bir neshshe tu'rlerge bo'lim u'yrenip kelmekte. Belgili bir mashqalali' temalar tiykari'nda tayarlang'an ko'rsetiwler tok-shou, muzi'ka, ko'rkem-wo'nerge, dem ali'w ushi'n mo'lsherlengen ko'rsetiwler teleshoular dep atap kelinbekte. Rossiyali' ali'mlar tok-shoulardi' 4 tu'rge bo'ledi, teleko'pirlerdi, intervyu, reportaj janri'ni'n' birligin wo'zinde saqlag'an talabanlardi'n' saylawdan aldi'n u'git-na'siyat jumi'slari'na paydalanatug'i'n teledebatlar, dialog yaki polilog ko'rinisinde, bazi'da kino yaki fotohu'jjetler, qi'sqa ko'rinislerden paydalanatug'i'n sa'wbetlerdi, ko'pshilik qatnasatug'i'n tiykarg'i' qatnasi'wshi'lardi'n' ko'z-qarasi', socialli'q a'hmiyetke iye mashqalalardi'n' analizine bag'i'shlang'an tarti'slardi' tok-shoulardi'n' tu'rleri[1] si'pati'nda atap wo'tedi.

Bu'gingi ku'ni televidenie a'meliyati'nda ha'm iliminde tok-shok, teleshoudan son' shoular menen baylani'sli' tu'rleri rawajlani'p barmaqta. Solardan biri realiti-shou, realiti-shoular haqi'yqatli'q tiykari'nda tayarlanadi'. Yag'ni'y ja'miyetlik-siyasiy ha'diyseler qalay bolsa solay, aldi'n ala sho'lkemlestirilmesten halda tayarlanadi'.

Atap wo'tetug'i'n bolsaq realiti-shou si'pati'nda Rossiyani'n' «TNT» telekanali'nda efirge uzati'li'p kiyati'rg'an «Dom 2», MTV kanali'ni'n' «Kanikuli' v Meksike» tok-shoulari'n atap wo'tiwimizge boladi'. Bu'gingi ku'ni O'zbekistan telekanallari'nda ayri'm realiti-shoular tayarlani'p kelinbekte. Ma'selen NTT telekanali'ndag'i' «Taxi.uz», «Superkelinchak» ko'rsetiwlerin atap wo'tiwimizge boladi'.

Negizinde muzi'ka televidenie wo'niminin' tiykarg'i' ta'sir ku'shin yelede ku'sheytetug'i'n si'yqi'rli' ku'sh yesaplanadi'. Ko'pshilik ko'rsetiwlerden muzi'kani'n' imkaniyatlari'nan ken' paydalani'w menen birge muzi'kali' ko'rsetiwlerdin' sani' da arti'p barmaqta.

Qaraqalpaqstan telekanali'nda ayi'na bir ma'rtebe efirge uzati'latug'i'n «Qanatli' qosi'qlar» teleshoui'nda belgili kompozitorlar, shayi'rlar ta'repinen

[1] Vakurova N.V, Moskovkin L.I. Tipologiya janrov sovremennoy ekrannoy produkcii. – M., 1997. S. 24-36.

do'retilgen qosi'qlar qayta yeske ali'ni'p, qosi'q atqari'wshi'lar ta'repinen janli' ta'rizde atqari'ladi'. Mi'sali' ushi'n, ko'rsetiwdin' 2015-ji'l 8-fevral ku'ngi sani'na itibar berip wo'teyik. Bul ko'rsetiw O'zbekistan ha'm Qaraqalpaqstan Respublikalari'na miyneti sin'gen ko'rkem-wo'ner g'ayratkeri Najimatdin Muhameddinovti'n' do'retiwshiligine bag'i'shlanadi'. «BASLAWShI':

Kompozitor Najmitdin Muhameddinov tek zamanlas shayi'rlari' menen g'ana islesip, sheklenip qalg'an joq. Qaraqalpaq klassikleri Ku'nxoja, A'jiniyaz, Berdaq, Wo'tesh, Womar shayi'r do'retpelerine de qanat baylati'p, jan'a i'rg'aklarg'a ali'p shi'qti'. Wo'tesh shayi'r so'zine jazi'lg'an «Gu'lziyba qi'z gu'l yan'li'di'» qosi'g'i'n Qaraqalpaqstan Respublikasi'nda xi'zmet ko'rsetken artist Da'libay Ma'mbetmuratov ayri'qsha sheberlik penen atqaradi'. Qosi'q «Gu'lziyba ki'z gu'l yan'li'di'» D.Ma'mbetmuratov atqaradi'». «Qanatli' qosi'qlar» teleshouni'n' jetiskenliklerinin' biri studiyag'a mirat yetilgen qosi'qshi'lar qosi'qlari'n danli' dawi'sta atqari'p shi'g'adi'. Soni'n' menen birge ko'rsetiw wo'tkeriletugi'n studiya milliy kalorit penen bezetiledi, bulda wo'z gezeginde ko'rsetiwdin' tarti'mli' boli'wi'na wo'z u'lesin qosatug'i'ni' ani'q.

Telekanalda efirge uzati'latug'i'n «Ulli' Ziban» ko'rsetiwinin' maqseti xali'q arasi'nda do'regen da'stanlardi' xali'qti'n' itibari'na usi'ni'w boli'p tabi'ladi'. Ko'rsetiwde da'stannan u'zindiler baqsi'lar ta'repinen atqari'li'p tamashago'yler na'zerine usi'ni'ladi'. Mi'sal ushi'n, ULLI' ZIBAN

(«Muxalles» duwtarshi'lar ansambli atqaradi'):

BAQSI': Sa'nemler qoli'nda tilla saz yedim,
Ha'wijge keltirer janan bolmadi',
Tug'ri'mda talpi'ng'an alg'i'r baz yedim,
Ka'lpe-sa'yyadlari'm maman bolmadi'.

Wo'mir berse ishi-ti'si' a'rmanli',
Ne da'rkar su'rmesen' besh ku'n da'wrandi'!
Sho'llerde yugurgen axi'w-jayrandi',
Sayalag'an shenli da'wran bolmadi'.

A’lip qa’ddim daldek boli’p bu’gildi,
Ko’zlerimnin’ qanli’ yashi’m to’gildi,
Jol boyi’na u’ygen hasi’l yugimdi
Bazarg’a yeltkendey ka’rwan bolmadi’.

Haqi’yqattan da bizin’ bay miyrasi’mi’z bolg’an da’stanlardi’n’ baqsi’lar ta’repinen janli’ ta’rizde atqari’li’p bari’li’wi’, xalqi’mi’zdi’n’ da’stanlarg’a bolg’an qi’zi’g’i’wshi’li’g’i’n artti’radi’.

Muzi’ka tamashago’ylerge estetikali’q zawi’q bag’i’shlaytug’i’n, ruwxi’y bayli’q boli’p tabi’ladi’. Prezidentimiz: «Ha’mmemizge belgili, jaki’n tariyxi’mi’zda ha’m bu’gingi ku’nde ruwxi’y wo’mirimizde mu’na’sip wori’n iyelegen belgili ko’rkem-wo’ner g’ayratkerleri, rejisserlar, su’wretshiler az yemes. Ja’miyetshiligimiz, jaslari’mi’z wolardi’n’ do’retiwshilik iskerligi haqqi’nda ken’irek mag’li’wmat ali’wdi’, ta’kirarlanbas wo’nerinen ja’ne toli’g’i’raq zawi’q alg’i’si’ keledi. Mi’sal ushi’n, xali’q qosi’qlari’mi’z sheber atqari’wshi’si’ Munajat Ywlchieva do’retiwshiligin ali’p qarayi’q. Bu’gingi ku’ni bul do’retiw ustaz da’rejesine jetisti. Lekin biz woni’n’ imkaniyatlari’nan toli’q tu’rde paydalani’p ati’rmi’z ba?», dep televidenie xi’zmetkerlerine wazi’ypa qoyg’an yedi. «Ne ushi’n bu’gin Munajat Ywlchieva mektebin sho’lkemlestirmeymiz? Woni’n’ do’retiwshilik joli’, atqari’w sheberligi haqki’nda ko’rsetiwler sho’lkemlestirip, ki’zi’qli’ ta’rizde tamashago’ylerdin’ na’zerine usi’ni’lsa, bul da wo’lmeytug’i’n ma’deniy miyrasi’mi’zdi’ xalki’mi’zg’a jetkeriwge xi’zmet yetedi.[1]»

Muzi’kali’-kewil ashar shoular si’pati’nda «Muzi’ka si’rlari’» teleoyi’ni’n atap wo’tiwimizge boladi’. Rossiyani’n’ birinshi kanali’nda efirge uzati’latug’i’n «Ugaday melodiyu» teleshoui’ taqiletinde Qaraqalpaqstan telekanali’nda da «Sazlar si’yqi’ri’» teleoyi’ni’ efirge uzati’li’wi’ da’stu’rge aylandi’. Woyi’nda tiykari’nan jas atqari’wshi’lar menen birge muzi’ka mektepleri, soni’n’ menen birge jas qa’nigeler qatnasadi’. Ha’r bir woyi’nda 3 qatnasi’wshi’ bellesedi. Woyi’n bir neshe sha’rtler tiykari’nda dawam yetedi. Qatnasi’wshi’lardi’n’

[1] Karimov I.A. Eng asosiy mezon – hayot haqiyqatini aks ettirish. – T. «o’zbekiston», 2009. – B. 21.

belsendiligin, woyi'nda qatnasi'w sheberligin studiyada du'zilgen to'reshiler qurami' bahalap baradi' ha'm to'reshiler wo'zlerinin' qoyg'an bahalari'n ta'riplep berip woti'radi'. Woyi'ndag'i' basqi'shlar bir- birin qaytalamaydi'. Qatnasi'wshi'lar sorawlarg'a juwap bergende wo'z sheberligin ko'rsetip qosi'qtan u'zindini janli' dawi's penen atqari'p beriw imkaniyati'na da iye. A'sirese, ko'rsetiwde beriletug'i'n sorawlar sazendeler ta'repinen ka'mine keltirilip atqari'ladi'. Wo'z gezeginde qatnasi'wshi'lar sazendeler ta'repinen atkari'lg'an kishkene u'zindige ta'riplew beriw sorawg'a juwap berip woti'radi'. Woyi'nni'n' yen' son'i'nda sorawlarg'a duri's juwap bergen yen' ko'p upay toplag'an qatnasi'wshi' jen'impaz dep tabi'ladi'.

Bizin' pikirimizshe bunday teleshou woyi'nlari'ni'n' sho'lkemlestiriliwi xalki'mi'z arasi'nda jasi'ri'ng'an talant iyelerin keyin massag'a tani'ti'wda wo'z u'lesin qosadi'.

Al ayi'na bir ma'rtebe efir ju'zin ko'retug'i'n «Diydar nesip» ko'rsetiwinde bolsa, buri'ng'i' ji'llari' bir ja'ma'a'tte jumi's islegen, soni'n' menen birge ha'r qi'yli' taraw wa'killeri de efirge mirat yetiledi. Ko'rsetiwdin' jan'a ji'l sani'nda efirge respublikami'zg'a wo'zinin' wo'neri, talanti' menen tani'li'p ati'rg'an ismi Maqset bolg'an insanlar shaqi'ri'ldi' ha'm stol do'gereginde woti'ri'p wo'z-ara sa'wbetlesti ha'm wo'nerin tamashago'ylerge ko'rsetip berdi. Bular arasi'nda baqsi'lar, balet woyi'nshi'si', belgili qosi'qshi' Maqset Wo'temuratov, xalki'mi'zg'a belgili ku'lki sheberi Yumorbek studiyag'a mirat yetildi. Studiyag'a kelgen ha'r bir qatnasi'wshi'si' wo'z wo'nerin ko'rsetti, ma'selen Yumorbek wo'zinin' taza anekdotlari' menen qatnasqan bolsa, Maqset Wo'temuratov bolsa wo'zinin' qosi'g'i'n inam yetti.

Shoudi'n' tarti'mli' ta'replerinin' biri qatnasi'wshi'lar ko'rsetiwde wo'zin yemin-yerkin sezedi, ko'rsetiwdin' barli'q sanlari' da studiyada tayarlaw da'stu'rge aylanbag'an, ko'rsetiwdin' ta'sirshen'ligin artti'ri'w ushi'n woni' ha'r qi'yli' wori'nlarda, jaslar kafelerinde syemkag'a ali'w jolg'a qoyi'lg'an. Bulda wo'z gezeginde ko'rsetiwdin' tarti'mli' boli'wi'na xi'zmet yetedi.

Ayi’na yeki ma’rtebe beriletug’i’n «Bilim ring» ko’rsetiwi tamashago’yler ju’reginen wori’n ali’p u’lgergen ko’rsetiwlerdin’ birinen yesaplanadi’. Teleoyi’nni’n’ da’slepki baslawshi’lari’nan biri jurnalist Wo’mirbay Yesbergenov boldi’. Woyi’ng’a wo’z bilim jurtlari’nda bilim-ring woyi’nlari’nda qatnasi’p jen’impaz bolg’an komandalar wo’z-ara bellesedi. Tele woyi’nni’n’ 2015-ji’l, 16-may sani’nda Shi’mbay pedagogikali’q kolledjinin’ bilimli jaslari’ tamashago’yler menen bellesti. Woyi’n 6-3 yesabi’nda tamashago’ylerdin’ paydasi’na sheshildi. Tele woyi’nda emociaonalli’q momentler ju’da’ ko’p, ma’selen, woyi’nshi’lardi’n’ sorawlarg’a bergen juwaplari’n duri’s yaki naduri’sli’g’i’n baslawshi’ni’n’ dag’aza yetiw momenti wo’zgeshe ta’sir qaldi’radi’. Woyi’ng’a tamashago’ylerden sorawlar ha’r qi’yli’ mazmunda, soni’n’ menen birge sorawlar menen qatnasatug’i’n tamashago’yler ha’r qi’yli’ rayonlardan yesaplanadi’. Komandali’q woyi’nda woylasi’w ushi’n 1 minut waqi’t beriledi. Ko’pshilik sorawlar logikali’q mazmunda bolg’ani’ ushi’n qatnasi’wshi’lar yen’ daslep sorawdi’n’ mazmuni’na itibar beriwge ha’reket yetedi. Ko’rsetiw jaslari’mi’zdi’n’ sana-sezimin, intellektualli’q da’rjesin ani’qlawg’a mu’mkinshilik jarati’w menen birge, wo’z bilimin ta’rezige sali’wi’na ja’rdemin tiygizedi. Lekin ko’rsetiwde ayri’m waqi’tlarda sorawlardi’n’ naduri’s talki’lani’wi’ aqi’betinen qatnasi’wshi’lar upay ala almay qalg’an waqi’tlari’ da ushi’rasadi’. Bul na’rse baslawshi’ni’n’ professionalli’q da’rejesi menen baylani’sli’ bolg’an qubi’li’s boli’p tabi’ladi’.

Bizin’ pikirimizshe bul tele woyi’nni’n’ ta’sirshen’ligin artti’ri’p bari’w ushi’n woyi’nlardi’ woki’w wori’nlari’ni’n’ wo’zinde, student jaslardi’n’ arasi’nda sho’lkemlestirip bari’w kerek. Soni’n’ menen birge ko’rsetiwdi tayarlag’anda zamanago’y texnologiyalardan ken’ tu’rde paydalani’w za’ru’r, mi’sali’ ushi’n, videosorawlar, sorawlardi’ Internet arqali’ beriw imkaniyati’ni’n’ beriliwi de woyi’ng’a bolg’an ki’zi’g’i’wshi’li’qta ja’ne de artti’radi’.

Keyingi waqi’tlari’ efirge uzati’la baslag’an «Yeski albom» ko’rsetiwinin’ de ideyali’q bag’dari’ ju’da’ jaqsi’. Ko’rsetiwde tiykari’nan belgili insanlardi’n’ wo’mir joli’n sa’wlelendiretug’i’n yeski albomlari’ do’gereginde yeske tu’siriwleri wori’n aladi’. Da’slepki ko’rsetiwlerde belgili shayi’r Toli’bay Qabulovti’n’

zayi’bi’ belgili bilimlendiriw xi’zmetkeri Ri’sgu’l Usnatdinovani’n’ qatnasi’wi’nda boldi’. Ustaz mug’allim yeski albomlardi’ qoli’na ali’p, bir neshe ji’llari’ aldi’n ju’z bergen waqi’yalardi’ yeske aldi’ ha’m zayi’bi’ Toli’bay Qabulovti’ da yeske aldi’. 2015-ji’l 16-may ku’ni efirge uzati’lg’an sani’nda bolsa, xalqi’mi’zg’a belgili bolg’an shayi’r Gu’listan Da’wletovani’n’ yeski albomlari’na na’zer sali’ndi’. Shayi’r yeske tu’siriwleri arkali’ respublikami’zg’a belgili insanlardi’n’ wo’mir joli’ haqqi’nda da mag’li’wmatlar berip bari’ldi’.

Kino+teatr ko’rsetiwi de ayi’na bir ma’rtebe efirge uzati’ladi’. Ko’rsetiwde respublikami’zdi’n’ Berdaq ati’ndag’i’ sanli’ teatr, Sapar Xojaniyazov ati’ndag’i’ jas tamashago’yler teatri’, Quwi’rshaq teatri’ repertuarlari’, wolarda woynap ati’rg’an akterlardi’n’ jetiskenligi menen sheberligi haqqi’nda, soni’n’ menen birge «Qaraqalpaqfilm» kinostudiyasi’ ta’repinen tayarlani’p ati’rg’an kinofilmler menen multiplikaciyali’q filmler haqqi’nda so’z yetiledi. Ko’rsetiwde qaraqalpaq kino a’leminde du’nya ju’zin ko’rgen filmlerdegi akterlardi’n’ syemka waqti’nda basi’nan wo’tkergen qi’zi’qli’ waqi’yalari’ tuwrali’ da so’z yetilip bari’ladi’. Soni’n’ menen birge ko’rsetiwde filmler menen dublyaj islengen multfilmlerden u’zindiler de berilip bari’ladi’. Bul da ko’rsetiwdin’ ta’sirshen’ligin ja’ne de artti’ratug’i’ni’ ani’q. Bunnan ti’sqari’ basqada kinostudiyalarda su’wretke ali’ng’an jan’a filmlerdin’ premerasi’ haqqi’nda da ken’ tu’rde so’z yetiledi.

«Awhali’n’ qalay awi’llas» ko’rsetiwi Qaraqalpakstan telekanali’ndag’i’ janli’ ko’rsetiwlerdin’ biri boli’p tabi’ladi’. Bunda tiykari’nan qaraqalpaq awi’llari’ni’n’ bu’gingi jamali’, wol jerde jasap, miynet yetip ati’rg’an za’berdes diyqanlar menen jaslardi’n’ wo’miri haqqi’nda so’z yetiledi. A’sirese, awi’l ko’rinisleri menen awi’l jaslari’ni’n’ pikirleri tamashago’ylerde wo’zgeshe ta’sir qaldi’ratug’i’ni’ ani’q. Ko’rsetiwde bu’ginig ku’ni diyqanshi’li’qta qollani’li’p ati’rg’an zamanago’y usi’llari’ menen fermershilik, bag’shi’li’q, pal ha’rreshilik, tawi’qshi’li’q, bali’qshi’li’qtag’i’ ta’jiriybeler mektebi haqqi’nda pikirler boladi’.

Soni’n’ menen birge «Ayqulaq» ko’rsetiwinin’ i’qlasbentleri ushi’n qi’zi’qli’ rubrikalar tani’sti’ri’li’p barati’rg’ani’ ras. Atap wo’tetug’i’n bolsaq, «Kitaplar a’lemi» rubrikasi’nda keyingi waqi’tlari’ jergilikli baspalarda jari’q

ko’rip kiyati’rg’an jan’a kitaplar haqqi’nda mag’li’wmat berip bari’ladi’. Mi’sal ushi’n: Titr: KITAPLAR ELEMI BASLAWShI’: Kitap-u’lkenge de, kishige de wopadar dos sanaladi’. Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Jazi’wshi’lar awqami’ni’n’ wo’tken ji’l juwmag’i’na arnalg’an u’lken ma’jilisinde balalar a’debiyati’n rawajlandi’ri’w ma’selesine ayri’qsha itibar qarati’ldi’. Qaraqalpaq balalar a’debiyati’ndag’i’ bir kishkene jan’ali’qti’ ayti’p wo’tsek boladi’. G.Ju’ginisovti’n’ «Karli’g’ashlari’m» atli’ balalar ushi’n qosi’qlar toplami’ lati’n grafikasi’nda «Bilim» baspasi’nan jari’q ko’rdi. Kitap bayli’q, biraq sati’p ali’ng’ani’ yemes tek woqi’lg’ani’ deydi belgili jazi’wshi’ Asqad Muxtar. A’lbette, siz de wo’zin’izge unag’an kitaplardi’ ali’p woqi’ysi’z. Wo’tken ko’rsetiwde kitapqumarlarg’a an’sat soraw qoyi’ldi’. Talantti’ suw qospay ishtin’ dep shayi’r A’skerbay A’jiniyazovqa ayti’lg’an bolsa, Dalamni’n’ rafaeli dep xudojnik Qi’di’rbay Saypovqa baha bergen yedi shayi’r Ibrayi’m Yusupov. Bizge birinshilerden boli’p Taxtako’pirden Tamara Sultanova, No’kisten Sari’bay Allaniyazov, Marat Nag’metullaev, Shaxamannan Mambetsha’rip Isaevlar duri’s juwaplar jollaydi’. Ha’mmege raxmet».

Haqi’qattan da kitap keleshek a’wlad ushi’n da, jasi’ u’lkenlerimiz ushi’n da u’lken a’hmiyetli azi’q boli’p tabi’ladi’. Sol ushi’n da bul haqqi’nda arnawli’ rubrikani’ sho’lkemlestirip, jan’a kitaplardi’ u’git-na’siyatlap bari’w kitapqa bolg’an qi’zi’g’i’wshi’li’qti’ ja’ne de artti’radi’.

Jurnaliyat Alti’ngu’l Wo’teniyazova ta’repinen tayarlani’p efirge uzati’li’p kiyati’rg’an «Qanatli’ qosi’qlar» ko’rsetiwinde xalki’mi’z arasi’nda bir neshshe ji’llar «xit» da’rejesine ko’terilgen qosi’qlar ha’m wolardi’n’ avtorlari’ menen atqari’wshi’lar haqqi’nda so’z yetiledi. 2015-ji’l, 18-may ku’ngi ko’rsetiwde avtor Wo’zbekistan qaharmani’, shayi’r Ibrayi’m Yusupovti’n’ «Menin’ jigit waqti’m» qosi’g’i’na toqtap wo’tedi. Qosi’qti’ bir neshshe ji’llar dawami’nda belgili qosi’qshi’ Bayram Matchanov ka’mine keltirip atkari’p kelgen yedi. Mine usi’ qosi’qshi’ studiyag’a mirat yetiledi. Soni’n’ menen birge Ibrayi’m Yusupov do’retiwshiligin jani’n arti’q ko’retug’i’n, Berdaq ati’ndag’i’ Qaraqalpaq ma’mleketlik universiteti nurani’ylar ken’esi basli’g’i’, professor

B.A’bdikamalovti’ studiyag’a mirat yetedi ha’m ko’resetiw avtori’ wog’an qi’zi’qli’ sorawlari’ menen mu’rajat yetedi. Bunnan son’ bolsa shayi’rdi’n’ qi’zi’ studiyag’a mirat yetiledi. Bul sa’wbette ko’rsetiwdin’ ta’sirshen’ligin ja’ne de artti’ri’p jiberedi.

Saz-sa’wbetli, ma’deniy, kewil-ashar ko’rsetiwler bu’gingi ku’n televideniesinin’ tiykarg’i’ bag’darlari’ni’n’ biri boli’p qalmaqta. Sebebi, televidenie xali’qqa tez informaciya jetkeriw menen birge wolardi’n’ kewil-keypiyati’n ko’teriw bag’dari’na u’lken itibar qarati’wg’a ma’jbu’r bolmaqta. Sebebi, zamanago’y texnologiyalardi’n’ rawajlani’wi’ menen Internet tarmag’i’ televidenie menen xali’qqa woperativ informaciya jetkerip beriw bag’dari’nda ba’sekige tu’sken. Al, televideniede ko’rinis, muzi’ka, ses uyg’i’nlasqanli’g’i’ sebepli tamashago’ylerdin’ kewil keypiyati’n ko’teriwshi jalg’i’z g’alaba xabar qurallari’ni’n’ birinen boli’p qalmaqta. Sol ushi’nda bu’gingi ku’ni kewil-ashar ko’rsetiwlerdin’ mazmuni’ jaqsi’lani’p, wolardi’n’ tematikali’q bag’dari’ da wo’zgerip barmaqta. Bizde de usi’ processler jolg’a qoyi’lsa maqsetke muwapi’q bolar yedi.

### 3.2. Balalar ha’m jas wo’spirimlerge arnalg’an ko’rsetiwler

Balalar ha’m jas wo’spirimler ushi’n arnalg’an ko’rsetiwler televideniedegi yen’ a’hmiyetli ko’rsetiwlerdin’ birinen yesaplanadi’. Balalar auditoriyasi’ informaciyani’ tez qabi’l yetedi. Sebebi, balalar a’tirapta boli’p ati’rg’an processlerdi yeresek adamlarday boli’p qabi’l yetpeydi. Wolarda a’tirapta boli’p ati’rg’an processlerdi sol turi’si’nda qabi’l yetedi. Sol ushi’nda televideniedegi balalar ushi’n ko’rsetiw tayarlag’an jurnalistlerden joqari’ da’rejede ma’deniyatli’, a’dep-ikramli’ boli’w talap yetedi. Nege degende, jurnalisttin’ ha’r bir so’zin bala tuwri’ qabi’l yetedi, yeger balag’a televizor arkali’ jaman na’rseler haqqi’nda so’z yetilse, woni’ da qabi’l yetip aladi’. Yeger sol na’rseni ta’kirarlawi’ da mu’mkin. Usi’ sebepli de Wo’zbekistan Respublikasi’ wo’z g’a’rezsizligin alg’annan son’

birinshilerden boli’p shet yel multfilmleri menen filmlerin ana tiline awdarma islewge ha’reket yete basladi’.

Bunnan ti’sqari’ balalar ushi’n teren’ woylandi’ratug’i’n, ko’p pikirli ko’rsetiwlerde jali’qti’ri’p qoyadi’. Sol ushi’nda wolarg’a ko’birek woyi’ng’a, ba’sekige quri’lg’an ko’rsetiwler unaydi’.

To’mende Qaraqalpaqstan telekanali’nda efirge uzati’li’p kiyati’rg’an ko’rsetiwlerge toqtap wo’teyik:

«Kim yepshil, kim shaqqan» ko’rsetiwi 1993-ji’ldan baslap telekanal arqali’ turaqli’ tu’rde efirge berilip bari’lmaqta. Ko’rsetiwde mektepke shekemgi bilimlendiriw ma’kemelerinde ta’rbiyalani’p ati’rg’an kishkentaylardi’ ha’r ta’repleme jetilisken, bilimli, sawatli’, fizikali’q jaqtan jetilisken insanlar yetip ta’rbiyalawdan ibarat. Ko’rsetiw tiykari’nan ha’r qi’yli’, qi’zi’qli’ 10 sha’rtten ibarat boli’p, wonda balalar baqshalari’nda ta’rbiyalani’p ati’rg’an balalardan du’zilgen yeki komanda ag’zalari’ qatnasadi’. Ha’r komanda da 12 ag’za boladi’, woni’n’ sha’rtleri to’mendegishe:

1. Shashi’li’p ati’rg’an ha’riplerden komanda atlari’n qurasti’ri’p jazi’w.

2. Qasi’qqa sali’ng’an ma’yekti belgilengen arali’qqa shekem jerge tu’sirmesten apari’w.

3. Ishi jelge tolti’ri’lg’an rezinka tayi’nshaqlardi’ minip, sekiriw joli’ menen belgilengen ma’nzilge bari’p qayti’w.

4. Balalar yari’m shen’berdin’ asti’nan wo’tip, woti’rg’i’shti’n’ u’stinen ju’girip belgilengen arali’qti’ aylani’p qayti’w.

5. Yari’m shen’berdin’ asti’nan wo’tip, jayi’wli’ turg’an matrastan dombalaq asi’p belgilengen arali’qtan aylani’p qayti’w kerek.

6. Aldi’mi’zda turg’an (qi’sti’ri’wli’ turg’an) sharlardi’ ha’r bir qatnasi’wshi’ belgili waqi’t arali’g’i’nda jari’p qayti’w kerek.

7. Komanda sa’rdarlari’ ko’zleri baylawli’ halda shashi’li’p ati’rg’an kubiklerdi ji’ynawi’ kerek.

8. Woti’rg’i’shti’n’ u’stinde pa’r dasti’q penen uri’si’p, qarsi’lasi’n jerge tu’siriw ha’m tag’i’ basqa.

Bul ko’rsetiwler ha’r ha’ptenin’ Piyshembi ku’nleri saat 1900den 1920g’a shekem balalari’mi’z na’zerine usi’ni’ladi’. Ko’rsetiw waqti’ 20 minut. Demek, ko’rsetiw 18-ji’ldan berli efir arqali’ berilip kelmekte.

«Woylan, izlen, tap…» ko’rsetiwi 1991-ji’ldan baslap Qaraqalpaqstan telekanali’nda turaqli’ tu’rde efirge berilip bari’lmaqta. Ko’rsetiwdin’ tiykarg’i’ maqseti, respublikami’zdi’n’ barli’q uli’wma bilim beriwshi worta mekteplerinde bilim ali’p ati’rg’an mektep woqi’wshi’lari’ni’n’ alg’an bilimlerin ja’ne de jetilistiriwi ha’m bekkemlew, wolardi’n’ pa’nlerge, ilimge bolg’an qi’zi’g’i’wshi’li’g’i’n artti’ri’wg’a qarati’lg’an.

Ko’rsetiw tiykari’nan 3 basqi’shtan ibarat, wonda worta mekteplerde bilim ali’p ati’rg’an 5-9-klassta woqi’p ati’rg’an u’sh woqi’wshi’ qatnasadi’. Ko’rsetiwde, «Basqati’rma», «Naqi’ldi’n’ izin dawam yetiw», «Soraw juwap» si’yaqli’ sha’rtler wori’n alg’an.

Ko’rsetiwdi ali’p bari’wshi’lardi’ mektep woqi’wshi’lari’ arasi’nan tan’law tiykari’nda tan’lap ali’nadi’. Bu’gingi ku’ndegi ali’p bari’wshi’si’ Nigara Izimbetova, usi’ ku’nge shekem Qaraqalpaqstan telekanali’nda 940 tan aslam «Woylan, izlen, tap…» ko’rsetiwi efir arqali’ balalardi’n’ na’zerine usi’ng’an. Ko’rsetiwler tiykari’nan studiyada tayarlanadi’. Usi’ ku’nge shekem ko’rsetiwge respublikami’zdi’n’ barli’q rayonlari’nan u’sh mi’n’g’a jaqi’n mektep woqi’wshi’si’ qatnasi’w baxti’na miyasar bolg’an. Ko’rsetiw jen’impazlari’ Respublikali’q xali’q bilimlendiriw Ministrligi ha’m wori’nlardag’i’ xali’q bilimlendiriw bo’limleri ta’repinen xoshametlenip bari’lg’an. Ko’rsetiwde qatnasi’wshi’larg’a beriletug’i’n sorawlar, redakciya ta’repinen aldi’n ala puqta u’yrenilip shi’g’i’li’p, son’ bas redaktor ta’repinen tasti’yqlani’p woti’radi’.

Qatnasi’wshi’g’a qoyi’latug’i’n sha’rt soraw juwap boli’p, woqi’wshi’ wo’zi haqqi’nda, wo’zi bilim ali’p ati’rg’an ana mektebi, ata-anasi’, wo’zi tan’lag’an ka’sip, keleshekte kim bolsam yeken degen sorawg’a juwap beredi. Sonday-aq, ha’r bir pa’n boyi’nsha da (ma’selen, ana tili, tariyx, geografiya, matematika) wog’ada qi’zi’g’arli’ sorawlardi’ belgili qa’nigeler ta’repinen

tayarlani'p  beriledi. Bul tek qatnasi'wshi' yemes, al tamashago'y woqi'wshi'g'a da ta'sir yetip, juwapti' birgelikte sheshiwge imkaniyat beredi.

Yekinshi basqi'sh, «Basqati'rma» dep ataladi'. Bunda woqi'wshi'ni'n' woylaw qa'bileti si'ng'a tu'sedi. U'shinshi basqi'shta bolsa Qaraqalpaq xali'q naqi'l-maqallari'ni'n' birinshi qatari' ayti'li'p, qatnasi'wshi' woni'n' dawami'n ayti'p beriwi sha'rt. Bunday bag'dardag'i' ko'rsetiwler woqi'wshi'da tek tamashalap qoymastan yefirge qatnasi'w intasi'nda woyatadi'. Wolardan ko'plep kelgen xatlar yaki telefon arqali' qon'rawlar so'zimizdin' mi'sali'.  Redakciyag'a mektep woqi'wshi'lari'nan ju'zge jaqi'n xatlar 2010-ji'li' kelip tu'sken.

«Jumbaqlar atawi'» ko'rsetiwi 2010-ji'ldi'n' yanvar ayi'nan baslap telekanal arqali' turaqli' tu'rde yefirge berilip kelinbekte. Ko'rsetiw tiykari'nan 5 basqi'shtan ibarat boli'p, wonda 4-9-klasslar arali'g'i'ndag'i' balalar qatnasadi'. Qatasi'wshi'lar sani' 7 woqi'wshi'dan ibarat boli'p, jumbaqlarg'a duri's juwap ayti'w, bas qati'rma, tamamlang'an ha'ripten adam atlari'n ayti'w si'yaqli' sha'rtleri wori'n alg'an.

«Shaqqanli'q  maydani'»  ko'rsetiwinde de mektep jasi'ndag'i' balalar sport maydanshasi'nda wo'z-ara bellesedi. Ko'rsetiw bir neshshe basqi'shlar tiykari'nda ali'p bari'ladi'. Bul ko'rsetiwlerdi ko'rgen ten'lesleri sport penen shug'i'llani'wg'a umti'ladi', sport bolsa, insandi' tetiklestiredi, den sawli'g'i'n bekkemleydi ha'm wo'mirge bolg'an ko'z-qarasi'n wo'zgertip jiberedi.

Bizin' pikirimizshe, zamanago'y balalar ushi'n arnalg'an ko'rsetiwlerde xabarlaw tu'rlerinen yesaplang'an informaciyali'-publicistikali'q, ilimiy-bilim, ma'deniy-kewil ashar ta'repleri boli'wi' lazi'm. A'sirese, balalar ushi'n arnalg'an ko'rsetiwlerge ta'rbiyali'q wazi'ypada ju'kletiledi.

Balalar ushi'n arnalg'an ko'rsetiwlerdin' ta'rbiyali'q wazi'ypani' a'melge asi'ri'wi' ushi'n to'mendegi maqsetlerdi a'melge asi'ri'wi' maqsetke muwapi'q boli'p tabi'ladi':

- balada informaciyali'q wortali'qti' payda yetiw;
- socialli'q mobilligi boli'wi';

- balalar ushi’n arnalg’an ko’rsetiwlerdin’ mektep balalari’ni’n’ belgili jas kategoriyasi’na arnalg’ani’.

Ayi’na bir ma’rtebe efirge uzati’latug’i’n «Yertekler yeline sayaxat» atamasi’ndag’i’ ko’rsetiw tiykari’nan bala baqshalarda ha’m shan’araqta ta’rbiyalani’p ati’rg’an balalar ushi’n arnalg’an. Wonda tiykari’nan wo’zbek, qaraqalpaq ha’m basqada xali’qlardi’n’ milliy yertekleri berilip bari’ladi’. Keyingi waqi’tlari’ yertekler tiykari’nan qaraqalpaq tiline awdarma islenip efirge uzati’li’p kelinbekte. Bul da wo’sip kiyati’rg’an jas a’wladti’n’ wo’z ana tilinde jaqsi’ so’ylewine, ana tilinin’ bay miyraslari’nan ken’ tu’rde paydalana ali’wi’na ja’rdemin tiygizedi. Lekin, efir waqi’ti’ ju’da’ az, sebebi, 10 minut ishinde yerteklerdin’ mazmuni’n ashi’p beriw ju’da’ qi’yi’n. Soni’n’ menen birge ko’rsetiwdin’ tayarlani’w bari’si’na da itibar beriw kerek, ayti’li’p ati’rg’an yertekler tarti’mli’ boli’wi’ ushi’n da basqasha formalardan paydalani’w maqsetke muwapi’q keledi.

Ma’mleketimiz Prezidentinin’ 2012-ji’l, 10-dekabrdegi «Shet tillerin u’yreniw sistemasi’n ja’ne de jetilistiriw is-ilajlari’ haqqi’ndag’i’» qarari’ tiykari’nda yelimizde bir qatar jumi’slar a’melge asi’ri’li’p kelinbekte. Mekteplerde shet tillerin woqi’ti’wdi’ kishi klasslardan baslaw, bala baqshalarda da shet tillerin u’yretip bari’w ilajlari’ a’melge asi’ri’li’p kelinbekte. Shet tillerin teren’ u’yretiw bag’dari’nda g’alaba xabar qurallari’ni’n’ atqaratug’i’n xi’zmeti u’lken boli’p tabi’ladi’. Nege degende shet tilindegi terminlerdin’ janli’ tu’rde efirge uzati’li’wi’ basqa tildegi so’zlerdi tez qabi’l yetiw, yadlap ali’w mu’mkinshiligin beredi.

Usi’ maqsetlerdi a’melge asi’ri’w niyetinde Qaraqalpaqstan telekanali’nda bir qatar ko’rsetiwler efirge uzati’li’p kelinbekte. Wolardan biri «Lesson time» ko’rsetiwi boli’p tabi’ladi’. Ko’rsetiwde tiykari’nan inglis tiline balalardi’ u’yretiw, wolardi’n’ qa’biletin ja’ne de jitilistiriwge baylani’sli’ wazi’ypalardi’ a’melge asi’ri’p kelmekte. Efirde inglis tilindegi ga’pler mektep balalari’ni’n’ wo’z ha’reketleri menen tu’sindirip bergeni de ko’rsetiwdin’ ta’sirshen’ligin artti’rg’an.

«Qarli’g’ash» ko’rsetiwi de mektep balalari’ni’n’ wo’mirinen so’z yetetug’i’n ko’rsetiwlerdin’ birinen boli’p tabi’ladi’. Ko’rsetiw tiykari’nan Respublikami’zdi’n’ barli’q rayonlari’ menen qalalari’ndag’i’ mekteplerinde tayarlani’p bari’ladi’. Wonda woqi’wshi’lar wo’miri, wolardi’n’ ha’r qi’yli’ ja’miyetlik ha’m sport jari’slari’nda qolg’a kirgizgen tabi’slari’ ken’ tu’rde atap wo’tiledi.

Bizin’ pikirimizshe, balalar ha’m jas wo’spirimler ushi’n arnalg’an ko’rsetiwlerge aji’rati’lg’an efir waqi’ti’ ju’da’ kem, ko’rsetiwlerdin’ sani’ da az. Balalar ha’m jas wo’spirimlerimizdi bu’gingi zamannan artta qalmay, zamanago’y kommunikaciyali’q texnologiyalardan yemin-yerkin paydalana ali’wi’ ushi’n kompyuter texnologiyalari’n, basqada u’skenelerde jumi’s islew mu’mkinshliklerin u’yretip baratug’i’n ko’rsetiwlerdi tayarlap bari’w kerek. Soni’n’ menen birge woyi’n-zawi’qqa quri’lg’an ko’rsetiwlerde balalardi’n’ shaqqanli’g’i’n, yepshilligin jetilistiretug’i’n basqi’shlar menen jan’a tapsi’rmalardi’ tayarlap bari’wi’ kerek.

Bala sanasi’ barli’q na’rseni tez qabi’l yetiw qabiletine iye. Sol ushi’n wolardi’n’ wo’zinshe woylawg’a, berilip ati’rg’an sorawlar a’tirapi’nda woylani’wg’a imkaniyat jaratatug’i’n intellektualli’q ko’rsetiwlerdi de tayarlap bari’w lazi’m. Ma’selen, «Bolajon» telekanali’ndag’i’ «Bilag’on, bolajon», «Katta tanaffus», «Quvnoq alifbo» kibi ko’rsetiwler balalardi’n’ intellektualli’q sanasi’n rawajlandi’ri’wi’ menen birge wolardi’ yepshil ha’m shaqqan yetip ta’rbiyalawg’a wo’z ja’rdemin tiygizedi.

Solay yeken, balalar ha’m wo’spirimler ushi’n ko’rsetiwlerdi tayarlag’anda ko’p izleniw ha’m miynet talap yetiledi.

**Bap boyi’nsha juwmaq:**

Biz ko’rip wo’tken bapta tiykari’nan Qaraqalpaqstan telekanali’nda bu’gingi ku’ni efirge uzatali’p ati’rg’an analitikali’q bag’darg’a jaqi’n tayarlang’an ko’rsetiwlerdi qarap wo’ttik. Lekin biz talqi’lag’an ko’rsetiwlerdin’ barli’g’i’ da toli’g’i’ menen analitikali’q janr talabi’na toli’q juwap beredi degen pikirden awlaqpi’z. Sebebi, ko’rsetiwler tayarlang’anda tele jurnalistler ko’birek ko’rinis

penen grammatikali’q so’z quri’li’si’nan jaqsi’ paydalani’wg’a ha’reket yetedi, waqi’yani’ ashi’p beriw ushi’n faktlerdi talqi’law, waqi’ya worni’nda boli’p woni’n’ gu’wasi’ bolg’anlar menen baylani’sta boli’w yekinshi da’rejege shi’g’adi’. Soni’n’ menen birge debat formasi’nda tayarlani’wi’ za’ru’r bolg’an ko’rsetiwler, ma’selen, «Mu’na’sibet» ti ali’p qarayi’q, ko’birek pikirler tarti’si’nan go’re, qatnasi’wshi’lar pikirlerinin’ bir jerde shi’g’atug’i’nli’g’i’n ha’m pikirlerdin’ ra’n’be-ren’ligi ko’zge taslanbaytug’i’ni’n da atap wo’tiwimiz za’ru’r. Ja’ne de puqaralardi’n’ mu’ra’jatleri tiykari’nda tayarlanatug’i’n ko’rsetiwlerde de janli’li’q jetispeydi. Ko’rsetiwge qatnasi’p woti’rg’an ma’mleketlik worgan basshi’lari’ puqaralari’mi’zdan kelip tu’sken sorawlarg’a juwap beriwde juwaptan qashi’w yaki qurg’an wa’de menen shekleniwge jol qoyi’ladi’. Bizin’ pikirimizshe bul ko’rsetiwlerde basshi’li’qti’ ko’rsetiwdi ali’p bari’p ati’rg’an jurnalisttin’ birinshi plang’a shi’g’i’wi’ maqsetke muwapi’q boladi’. Sonda g’ana gu’milji sorawlarg’a juwap tabi’ladi’, soraw juwapsi’z qalmaydi’, ma’seleni sheshiw boyi’nsha konkret wazi’ypalar belgilep ali’nadi’. Yeger bunday bolmasa, ko’rsetiw tek formal ta’rizde sho’lkemlestirilgen boli’p qaladi’.

Baqlawlari’mi’z na’tiyjesinde telekanalda bir bag’dar boyi’nsha ko’rsetiwlerdi tayarlaw da’stu’ri bar yekenligin an’ladi’q. Yeger shet yellerde bu’gingi telekanallarda waqi’ya yaki ha’diyse haqqi’nda informaciyani’ ba’sekiles kanaldan tezirek beriwge ha’reket yetiw tendenciyasi’ ko’zge taslansa, al bizlerde bolsa, muzi’kali’ estetikali’q zawi’q bag’i’shlaytug’i’n ko’rsetiwlerdin’ basi’m yekenligin ani’qladi’q. Bunday ko’rsetiwlerde kerek, lekin, televidenienin’ tiykarg’i’ maqsetlerinin’ biri ja’miyette, adamlar arasi’nda boli’p ati’rg’an processlerdi sol turi’si’nda yaki ko’terilip ati’rg’an ma’selelerdi ha’r ta’repleme talqi’lag’an halda tamashago’ylerge jetkerip beriw wazi’ypasi’ bar yekenligin atap wo’tkimiz keledi.

Bizin’ pikirimizshe bul ma’selelerdi wori’nli’ sheshiw ushi’n to’mendegi wazi’ypalardi’ a’melge asi’ri’w kerek boladi’:

- jurnalistlerdin’ bilimin yelede jetilistiriw

- jurnalistlerdin' basqada aldi'n'g'i' telekanallarda ta'jiriybe almasi'p keliwine imkaniyat jarati'p beriw;

- telekanal rejisserlari'ni'n' jumi'slari'n yelede jetilistiriw;

- telekanalda jas jurnalistler menen ustaz jurnalistlerdin birge jumi's islewin jolg'a qoyi'w;

- ja'miyette boli'p ati'rg'an waqi'yalardi' analizlegende a'dillikke boysi'ni'w.

Solay bolsada telekanalda ko'rsetiwlerdi tayarlawda, wolardi' ko'rkemlik ha'm texnikali'q jaqtan bezew, jurnalistlerdin' ekran aldi'nda wo'zin uslawi' ma'selelerinde biraz alg'a ilgerilew ko'zge taslani'p ati'rg'ani'n an'lawi'mi'zg'a da boladi'. A'sirese, jurnalistlerdin' tektlerdi jetkerip beriwde qa'telikke jol qoymawg'a ha'reket yetiwi, kiyiniwi ma'deniyati'na itibar beriw ma'seleleri jo'nli sheshilip ati'rg'ani'n da atap wo'tiwimiz kerek.

Soni'n' menen birge sa'wbetlesi menen so'ylesiw ma'deniyati', wolardi'n' di'qqati'n ko'terilip ati'rg'an ma'selege qarata ali'wi' sheberligi arti'p ati'rg'ani' da bar. Telekanalg'a jumi'sqa kelip ati'rg'an ha'm yele jurnalistika qa'nigeligi si'rlari'n jokari' woki'w wori'nlari'nda u'yrenip ati'rg'an jaslardi'n' yemin-yerkin ko'rsetiw ali'p bari'w sheberligin de atap wo'tiwimiz kerek.

**Qaraqalpaqstan telekanali' ko'rsetiwlerinin' mazmuni' boyi'nsha klassifikaciyasi'**

| Ko'rsetiwler tu'ri | Ko'rsetiwler sani' | Salmag'i' (%) |
|---|---|---|
| Socialli'q-siyasiy ko'rsetiwler | 24 | 32,4% |
| Sport ko'rsetiwleri | 4 | 5,4% |
| Woyi'n-zawi'qqa quri'lg'an ko'rsetiwler | 2 | 2,7% |
| Balalar ha'm jas wo'spirimler ushi'n ko'rsetiwler | 11 | 14,8% |
| Saz-sa'wbetli ko'rsetiwler | 6 | 8,1% |
| Ma'deniy-ag'arti'shi'li'q ko'rsetiwler | 27 | 36,4% |
| Ja'mi | 74 | 100% |

Demek ko’rip kesteden ko’rip turg’ani’mi’zday Qaraqalpaqstan telekanali’nda ma’deniy-ag’arti’wshi’li’q bag’dari’ndag’i’ ko’rsetiwler basi’m ko’pshiligin quraydi’ yeken. Keyin bolsa socialli’q-siyasiy bag’dardag’i’ ko’rsetiwler wori’n aladi’.

**Ko’rsetiwlerdin’ efirge uzati’li’w waqti’ boyi’nsha klassifikaciyalani’w kestesi:**

| **Ko’rsetiwler tu’ri** | **Ko’rsetiwler sani’** | **Salmag’i’ (%)** |
|---|---|---|
| Ha’r ku’ni | 1 | 1.3% |
| Ha’ptelik | 2 | 2,7% |
| Ha’ptege yeki ma’rtebe | 2 | 2,7% |
| Ayi’na bir ma’rtebe | 50 | 67,5% |
| Ayi’na yeki ma’rtebe | 16 | 21,6% |
| Ayi’na u’sh ma’rtebe | 1 | 1,3% |
| Ayi’na to’rt ma’rtebe | 2 | 2,7% |

# JUWMAQ

Qaraqalpaqstan telekanali'nda boli'p ati'rg'an wo'zgerislerdin' na'tiyjesinde ko'rsetiwlerdin' sapasi'ni'n' jaqsi'lani'wi', wolardi'n' ta'sirshen'liginin' arti'wi' payda boldi'. 2015-ji'ldan baslap telekanaldi'n' efir waqi'ti' 18 saatqa jetkerildi. Biz mine usi' wo'zgerisler menen birge ko'rsetiwlerdi efirge uzati'w procesindegi mashqalalar menen kemshiliklerdi analizge aldi'q.

Analiz yetiw procesinde biz to'mendegi juwmaqqa keldik. Birinshiden, ja'miyette, adamlar sanasi'nda bolg'an wo'zgerislerdin' na'tiyjesinde ko'rsetiwlerdi tayarlawg'a, informaciyalardi' jetkerip beriwdegi talaplar wo'zgerdi. Sol ushi'nda zamanago'y informaciyali'-analitikali'q ko'rsetiwlerdi tayarlag'anda mazmun menen birge formag'a da u'lken itibar qarati'latug'i'n boldi'.

Yekinshiden, Qaraqalpaqstan telekanali'ni'n' informaciyali'-analitikali'q ko'rsetiwlerinin' wo'zgesheligin atap wo'tetug'i'n bolsaq, ko'rsetiwdin' teletamashago'yler ta'repinen jaqsi' qabi'l yetiliwi ushi'n woni'n' efirde uzati'latug'i'n waqi'ti' u'lken a'hmiyetke iye boli'p tabi'ladi'.

Mi'sal ushi'n, Alti'ngu'l Wo'teniyazova ta'repinen tayarlanatug'i'n «Ayqulaq» ko'rsetiwi studiyag'a shaqi'ri'lg'an miymanlarg'a jurnalist ta'repinen berilgen sorawlar menen birge wondag'i' rubrikalar tamashago'ylerdin' itibari'n tartadi'. Ko'rsetiwdin' tamashago'ylerdi tarti'wdag'i' tan'lag'an usi'llari'ni'n' biri bul janrli' ra'n'ba'-ren'lik boli'p tabi'ladi'. Ma'selen, intervyu ko'rsetiwdin' tiykarg'i' janrlari'ni'n' birinen yesaplanadi'.

A'sirese, «Xabar» informaciyali'q ko'rsetiwinde analitikali'q janr elementleri kem ushi'rasadi'. Yeger «Xabar» informaciyali'q ko'rsetiwi menen «Ha'ptelik» ko'rsetiwin sali'sti'ratug'i'n bolsaq wolarda syujetlerdi quri'w bag'dari'ndag'i' wo'zgesheligi ko'zge taslanadi'. «Xabar» da tiykari'nan ko'rsetiw baslawshi'si' aldi'n ala tayarlang'an teksti tek g'ana woki'p shi'g'atug'i'n bolsa, «Ha'ptelik» ko'rsetiwinde baslawshi' jurnalist efirge uzati'lg'an syujetke wo'z ko'z-karasi'n da bildirip wo'tedi.

«Ha’ptelik» bag’darlamasi’ tiykari’nan ha’pte dawami’nda respublikami’z benen shet yellerde bolg’an waqi’yalardi’ analizlegen halda efirge uzati’p baradi’. Ko’rsetiwdi tayarlawshi’lar tematikali’q ra’n’ba’-ren’likke de u’lken itibar qaratadi’, bul wo’z gezeginde uzati’li’p ati’rg’an xabarlardi’n’ ta’sirshen’ bir neshshe ma’rtebe artti’ratug’i’ni’ ani’q.

Bizin’ pikirimizshe, respublikami’zda televidenieni rawajlandi’ri’w, woni’n’ na’tiyjeliligin artti’ri’w boyi’nsha bir qatar jumi’slardi’ ali’p bari’w maqsetke muwapi’q keledi. Wolardan to’mendegilerden ibarat:

- televideninin’ materialli’q-texnikali’q bazasi’n jaqsi’law, usi’ arqali’ ha’r bir shan’araqqa kirip bari’w;

- auditoriyani’n’ talaplari’na juwap beretug’i’n, ha’r qi’yli’ bag’darlardi’ wo’z ishine qamti’ytug’i’n telekanallar jumi’slari’n yelede jetilistiriw;

- jeke menshik telekanallari’ jumi’slari’n yelede jetilistiriw arqali’ ma’mleketlik telekanallar menen ba’sekilikti rawajlandi’ri’p, tayarlani’p ati’rg’an wo’nimnin’ sapasi’n yele de jaqsi’law;

- janli’ efir, telereportajlardi’n’ sani’n ko’beytiw ha’m wolardi’n’ zamana talabi’na say tayarlani’wi’na itibar beriw.

Biz ko’rip wo’tken 2-bapta tiykari’nan Qaraqalpaqstan telekanali’nda bu’gingi ku’ni efirge uzatali’p ati’rg’an analitikali’q bag’darg’a jaqi’n tayarlang’an ko’rsetiwlerdi qarap wo’ttik. Lekin biz talqi’lag’an ko’rsetiwlerdin’ barli’g’i’ da toli’g’i’ menen analitikali’q janr talabi’na toli’q juwap beredi degen pikirden awlaqpi’z. Sebebi, ko’rsetiwler tayarlang’anda tele jurnalistler ko’birek ko’rinis penen grammatikali’q so’z quri’li’si’nan jaqsi’ paydalani’wg’a ha’reket yetedi, waqi’yani’ ashi’p beriw ushi’n faktlerdi talqi’law, waqi’ya worni’nda boli’p woni’n’ gu’wasi’ bolg’anlar menen baylani’sta boli’w yekinshi da’rejege shi’g’adi’. Soni’n’ menen birge debat formasi’nda tayarlani’wi’ za’ru’r bolg’an ko’rsetiwler, ma’selen, «Mu’na’sibet» ti ali’p qarayi’q, ko’birek pikirler tarti’si’nan go’re, qatnasi’wshi’lar pikirlerinin’ bir jerde shi’g’atug’i’nli’g’i’n ha’m pikirlerdin’ ra’n’be-ren’ligi ko’zge taslanbaytug’i’ni’n da atap wo’tiwimiz za’ru’r. Ja’ne de puqaralardi’n’ mu’ra’jatleri tiykari’nda tayarlanatug’i’n ko’rsetiwlerde de

janli’li’q jetispeydi. Ko’rsetiwge qatnasi’p woti’rg’an ma’mleketlik worgan basshi’lari’ puqaralari’mi’zdan kelip tu’sken sorawlarg’a juwap beriwde juwaptan qashi’w yaki qurg’an wa’de menen shekleniwge jol qoyi’ladi’. Bizin’ pikirimizshe bul ko’rsetiwlerde basshi’li’qti’ ko’rsetiwdi ali’p bari’p ati’rg’an jurnalisttin’ birinshi plang’a shi’g’i’wi’ maqsetke muwapi’q boladi’. Sonda g’ana gu’milji sorawlarg’a juwap tabi’ladi’, soraw juwapsi’z qalmaydi’, ma’seleni sheshiw boyi’nsha konkret wazi’ypalar belgilep ali’nadi’. Yeger bunday bolmasa, ko’rsetiw tek formal ta’rizde sho’lkemlestirilgen boli’p qaladi’.

Baqlawlari’mi’z na’tiyjesinde telekanalda bir bag’dar boyi’nsha ko’rsetiwlerdi tayarlaw da’stu’ri bar yekenligin an’ladi’q. Yeger shet yellerde bu’gingi telekanallarda waqi’ya yaki ha’diyse haqqi’nda informaciyani’ ba’sekiles kanaldan tezirek beriwge ha’reket yetiw tendenciyasi’ ko’zge taslansa, al bizlerde bolsa, muzi’kali’ estetikali’q zawi’q bag’i’shlaytug’i’n ko’rsetiwlerdin’ basi’m yekenligin ani’qladi’q. Bunday ko’rsetiwlerde kerek, lekin, televidenienin’ tiykarg’i’ maqsetlerinin’ biri ja’miyette, adamlar arasi’nda boli’p ati’rg’an processlerdi sol turi’si’nda yaki ko’terilip ati’rg’an ma’selelerdi ha’r ta’repleme talqi’lag’an halda tamashago’ylerge jetkerip beriw wazi’ypasi’ bar yekenligin atap wo’tkimiz keledi.

Bizin’ pikirimizshe bul ma’selelerdi wori’nli’ sheshiw ushi’n to’mendegi wazi’ypalardi’ a’melge asi’ri’w kerek boladi’:

- jurnalistlerdin’ bilimin yelede jetilistiriw

- jurnalistlerdin’ basqada aldi’n’g’i’ telekanallarda ta’jiriybe almasi’p keliwine imkaniyat jarati’p beriw;

- telekanal rejisserlari’ni’n’ jumi’slari’n yelede jetilistiriw;

- telekanalda jas jurnalistler menen ustaz jurnalistlerdin birge jumi’s islewin jolg’a qoyi’w;

- ja’miyette boli’p ati’rg’an waqi’yalardi’ analizlegende a’dillikke boysi’ni’w.

Solay bolsada telekanalda ko’rsetiwlerdi tayarlawda, wolardi’ ko’rkemlik ha’m texnikali’q jaqtan bezew, jurnalistlerdin’ ekran aldi’nda wo’zin uslawi’

ma’selelerinde biraz alg’a ilgerilew ko’zge taslani’p ati’rg’ani’n an’lawi’mi’zg’a da boladi’. A’sirese, jurnalistlerdin’ tektlerdi jetkerip beriwde qa’telikke jol qoymawg’a ha’reket yetiwi, kiyiniwi ma’deniyati’na itibar beriw ma’seleleri jo’nli sheshilip ati’rg’ani’n da atap wo’tiwimiz kerek.

Soni’n’ menen birge sa’wbetlesi menen so’ylesiw ma’deniyati’, wolardi’n’ di’qqati’n ko’terilip ati’rg’an ma’selege qarata ali’wi’ sheberligi arti’p ati’rg’ani’ da bar. Telekanalg’a jumi’sqa kelip ati’rg’an ha’m yele jurnalistika qa’nigeligi si’rlari’n jokari’ woki’w wori’nlari’nda u’yrenip ati’rg’an jaslardi’n’ yemin-yerkin ko’rsetiw ali’p bari’w sheberligin de atap wo’tiwimiz kerek.

Izertlew jumi’s dawami’nda Qaraqalpaqstan telekanallari’ndag’i’ analitikali’q ko’rsetiwlerde ko’zge taslang’an kemshilikler:

- ba’skege quri’lg’an ko’rsetiwlerde jurnalist poziciyasi’ni’n’ to’men yekenligi;

- analitikali’q ko’rsetiwlerde faktlerdin’ teren’ izertlenbegenligi ha’m talqi’lanbag’anli’g’i’;

- jurnalistlerdin’ ko’rsetiwdegi berilgen informaciyalardi’n’ beriwdegi kemshilikleri;

- ko’rsetiw qaharmanlari’ni’n’ xarakteri, turmi’sli’q poziciyasi’ni’n’ kem ashi’p berilgenligi;

- qaraqalpaq til normalari’ni’n’ ayi’ri’m halatlarda turpayi’ tu’rde buzi’li’wi’;

Atap wo’tilgen kemshiliklerdi saplasti’ri’w boyi’nsha usi’ni’slar:

- telejurnalistlerdin’ bilimin yelede jetilistirip bari’w;

- ko’rsetiw tayarlaw bari’si’nda jurnalistlik etikali’q kodekslerge a’mel yetiwdi baqlap bari’w;

- ko’rsetiwlerde til normalari’ni’n’ saqlani’wi’n baqlap bari’wshi’ ken’es du’ziw;

## PAYDALANI’LG’AN A’DEBIYATLAR DIZIMI

### I. Prezident Islam Karimov miynetleri


1. Karimov I.A. O’zbekiston: milliy istiqlol, iqtisod, siyosat, mafkura. T.I. –T.: O’zbekiston. 1996. –364 b.

2. Karimov I.A. Bizdan ozod va obod Vatan qolsin. T.II. –T.: O’zbekiston. 1996. –380 b.

3. Karimov I.A. Vatan sajdagoh kabi muqaddasdir. T.III. –T: O’zbekiston. 1996. –366 b.

4. Karimov I.A. Bunyodkorlik yo’lidan. T.IV. –T.: O’zbekiston. 1996. –349 b.

5. Karimov I.A. Yangicha fikrlash va ishlash – davr talabi. T.V. –T.: O’zbekiston. 1997. –384 b.

6. Karimov I.A. Xavfsizlik va barqaror taraqqiyot yo’lida. T.VI. –T.: O’zbekiston. 1998. –429 b.

7. Karimov I.A. Biz kelajagimizni o’z qo’limiz bilan quramiz. T.VII. –T.: O’zbekiston. 1999. –410 b.

8. Karimov I.A. Ozod va obod vatan, erkin va farovon hayot – pirovard maqsadimiz. T.VIII. – T.: O’zbekiston. 2000. –528 b.

9. Karimov I.A. Vatan ravnaqi uchun har birimiz masulmiz. T.IX. –T.: O’zbekiston. 2001. –432 b.

10. Karimov I.A. Xavfsizlik va tinchlik uchun kurashmoq kerak. T. X. –T.: O’zbekiston. 2002. –432 b.

11. Karimov I.A. Biz tanlagan yo’l – demokratik taraqqiyot va marifiy dunyo bilan hamkorlik yo’li. T. XI. –T. O’zbekiston. 2003. –320 b.

12. Karimov I.A. O’zbekiston XXI asr bo’sag’asida: xavfsizlikka tahdid, barqarorlik shartlari va taraqqiyot kafolotlari. –T.: O’zbekiston. 1997.

13. Karimov I.A. O’zbekiston buyuk kelajak sari. –T.: O’zbekiston. 1998.

14. Karimov I.A. Yuksak manaviyat – yengilmas kuch. – T.: Manaviyat. 2008.

## II. Ni'zamshi'li'q aktleri ha'm hu'kimet qararlari'

1. O'zbekiston Respublikasining Konstituciyasi. –T.: O'zbekiston. 2001. –115 b.

2. Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Konstituciyasi'.– N.: Qaraqalpaqstan. 1993. –112 b.

3. To'rtinchi hokimiyat: O'zbekiston Respublikasining qonunlari, qarorlari va boshqa hujjatlari to'plami. –T.: Mehnat. 2003. –186 b.

4. «Ommaviy axborot vositalari twg'risida»gi Qonuni 1997 yil 12 dekabr.

5. Ma'mleketimizde demokratiyali'q reformalardi' yelede teren'lestiriw ha'm puqarali'q ja'miyetti rawajlandi'ri'w koncepciyasi'. T., «O'zbekiston» 2010 y.

## III. Ilimiy-teoriyali'q a'debiyatlar

1. Bolshaya sovetskaya enciklopediya. Elektronnaya versiya. – M.: Novi'y disk, 2005. – S. 290.

2. Vakurova N.V, Moskovkin L.I. Tipologiya janrov sovremennoy ekrannoy produkcii. – M., 1997. S. 24-36.

3. Goryunova N.L. Xudojestvenno-vi'razitelni'e sredstva ekrana. - M.: Institut povi'sheniya kvalifikacii rabotnikov televideniya i radiovechaniya, 2000. – s. 29.

4. Zdravomi'slov A.G. Potrebnosti. Interesi'. Cennosti. – M.: Politizdat, 1986. – S. 160.

5. Yegorov V. V. Televidenie mejdu proshli'm i buduchim / V. V. Yegorov. – M. : Voskresene, 1999. – S. 16.

6. Yefimova N. N. Zvuk v efire / N. N. Yefimova. – M. : Aspekt Press, 2005. – S. 47.

7. Ojereleva A. Obzor: Detskoe televidenie v Rossii i SShA.// Internet-jurnal «TV-daydjest» (www.tv-digest.ru).

8. Kuznecov G.V. Televidenie i wobchestvo / Televizionnaya jurnalistika / Pod red. G.V. Kuznecova, V.L.Cvika, A.Ya.Yurovskogo. – M.: Vi'sshaya shkola, 2002. – s. 89.

9. Kuznecova, V. L. Cvika, A.Ya. Yurovskogo. – M.: Vi'sshaya shkola, 2002. – S. 47.

10. T.Ma'dreyimov «Televidenie-ja'riyali'q qurali'». No'kis Qaraqalpaqstan, 1989-ji'l, 27-bet.

11. McNair, Glasnost, Perestroika and the Soviet Media, 24.

12. Mixaylov S. A. Jurnalistika Soedinenni'x Shtatov Ameriki / S. A. Mixaylov. – SPb. : Logos, 2004. – S. 123.

13. Sociologicheskiy enciklopedicheskiy slovar. M.,1998 s.226

Svitich L.G. Sociologiya jurnalistiki. – M.: IMPE im. A.S. Griboedova, 2005. – s. 75.

14. Televizionnaya jurnalistika, M.: Izd-vo MGU, 1998, s. 231-232.

15. Televidenie: teoriya i praktika: uchebnoe posobie. Yegorov V., M., Mejdunarodni'y nezavisimi'y ekologo-politologicheskiy universitet /fakultet jurnalistiki, 1993. – S. 129.

16. Lemmerman X., Uroki ritoriki i debatov, M.:OOO "Izdatelstvo "Unikum press", 2002 g., gl.13.

17. K.Tovmasyan «Iz istorii televidenie i fototelegrafa» Yerevan, 1971. – S. 90.

18. Yurovskiy A.Ya. Istoriya telejurnalistiki v Rossii. / Televizionnaya jurnalistika. / Pod red. G. V.

19. Yusupov E., Tulenov J., G'ofurov Z. Milliy masalalarga doir falsafiy suhbatlar. – T.: Fan, 1991. – B. 26.

20. Hamdamov Yu. «Suhbatli tomoshaning sirlari (yoki tok-shou haqida o'ylar)», «Ijtimoiy fikr. Inson huquqlari.» jurnali, №2(46), 2009, - B.135-136.

21. O'taev O'. Televidenie – davr ko'zgusi, T.: « O'zbekiston», 2010. – B. 46-47.